PIWULANG BUDI PEKERTI ING KEMPALAN CARIYOS *TJAMPOER BAWOER* DENING DARMAWIYATA

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan

Dening :
Ady Cahyono
NIM 09205244054

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Piwulang Budi Pekerti ing Kempalan Cariyos Tjampoer Bawoer dening Darmawiyata* menika sampun pikantuk palillah dening *pembimbing* sarta sampun samekta ing pandhadharan.

Yogyakarta, 26 Maret 2014
Pembimbing I,

Sri Harti Widyastuti, M.Hum.
NIP. 19621008 198803 2 001

Yogyakarta, 27 Maret 2014
Pembimbing II,

Dr. Purwadi, SS.,M.Hum.
NIP. 19710916 200501 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap punika, kula:

Nama : **Ady Cahyono**

NIM : 09205244054

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih karya ilmiah menika asiling panaliten kula piyambak. Samangertos kula wosing karya ilmiah menika boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi namung perangan- perangan tartamtu kemawon ingkang kula pendhet minangka dhasar panyeratan kanthi migatosaken tatacara saha paugeran nyerat karya ilmiah ingkang limrah.

Menawi ing tembe wingking kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 28 Maret 2014

Panyerat,

Ady Cahyono

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan "PIWULANG BUDI PEKERTI ING KEMPALAN CARIYOS *TJAMPOER BAWOER* DENING DARMAWIYATA" ingkang dipunserat dening Ady Cahyono, NIM 09205244054 menika sampun dipunandharaken ing ngarsanipun *Dewan Penguji* tanggal 4 April 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Nama	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji	.....	17/4 2014
Dr. Purwadi, M.Hum.	Sekretaris Penguji	.....	15/4 2014
Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.	Penguji Utama	.....	15/4 2014
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.	Penguji Pendamping	.....	15/4 2014

Yogyakarta, 21 April 2014
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP. 19550505 198011 1 001

SESANTI

SUKUR.

BUDIDAYA.

NARIMA.

PISUNGSUNG

"Karya ilmiah menika kula pisungsungaken dhateng Tiyang Sepuh kula Bapak Suprapto saha Ibuk Suyatin ingkang sampun paring sadaya kabetahan kula awit saking alit ngantos samenika."

PRAWACANA

Tansah konjuk rasa syukur alhamdulillah ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Agung, ingkang sampun paring lumubering rahmatipun dhateng panyerat saengga skripsi kanthi irah-irahan "Piwulang Budi Pekerti ing Kempalan Cariyos Tjampoer Bawoer dening Darmawiyata" menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar sarjana pendidikan.*

Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Ibu Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum saha Bapak Dr. Purwadi, M.Hum. minangka Dosen Pembimbing skripsi ingkang sampun paring wewarah ing kula. Bapak, Ibuk saha para kulawarga ingkang sampun paring panyengkuyung ugi paring donga tumrap panyerat. Salajengipun dhateng pihak-pihak ingkang sampun paring bab-bab ingkang murakabi tumrap panyerat saengga mujudaken skripsi menika. awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. Minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
2. Bapak Mulyana minangka Penasehat Akademik ingkang sampun paring pamrayogi gayut kaliyan bab akademik.
3. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat.
4. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi.
5. Para kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2009 mliginipun kanca-kanca kelas H minangka kanca nalika bingah saha susah.
6. Kanca–kanca komunitas seni Rinengga ingkang sampun paring kawruh, motivasi, saha ingkang sampun dados tamba nalika panyerat nandang bingung.
7. Sadaya pihak ingkang sampun paring panyengkuyung.

Skripsi menika temtu kemawon tasih dereng saged kawastanan sae saha jangkep. Pramila saking menika sadaya pamanggih ingkang saged damel

kasampunanipun skripsi menika tansa katampi kanthi rasa bingah saha kanthi ataturing panuwun ingkang mapinten-pinten. Mugi-mugi skripsi menika tansah saged murakabi tumrap para pamaos. Wasana nyuwun agunging pangapunten saha maturnuwun.

Yogyakarta, 28 Maret 2014

Panyerat,

Ady Cahyono

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
WEDHARAN	iii
PANGESAHAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DAFTAR TABEL	xiii
DAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	4
C. Watesaning Perkawis	5
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan	6
BAB II GEGARAN TEORI	9
A. Deskripsi Teori	9
1. Pangertosan Karya Sastra saha Cariyos	9
2. Budi Pekerti	11
3. Pangertosan Nilai	12
4. Nilai ing Salebetipun Karya Sastra	14
5. Nilai Moral	17
6. Nilai Amoral	19
B. Wujud saha Jinising Moral	19

C. Pendhekatan Sastra 20
D. Panaliten ingkang Gayut 21
E. Nalaring Panaliten 23
BAB III CARA PANALITEN 25
A. Wujud Jinisig Panaliten 25
B. *Data* Panaliten 25
C. Sumber *Data* Panaliten 25
D. Cara Pangempalan *Data* 27
E. Pirantining Panaliten 28
F. Cara Analisis *Data* 29
G. Cara Ngesahaken *Data* 30
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN 31
A. Asiling Panaliten 31
B. Pirembaganipun 42
1. Gayutipun Paraga kaliyan Gusti Allah 42
1) Pasrah 42
2) Narima 44
3) Ikhlas 46
4) Jujur 48
2. Gayutipun Paraga kaliyan Dhiri Pribadinipun 50
1) Kendel 50
2) Seneng 51
3) Eling 54
4) Narima 55
5) Mituhu marang Pangandikanipun Tiyang Sepuh 58
6) Tanggel Jawab 59
7) Sabar 61
8) Ngangsu Kawruh 62
9) Prinsip / Teguh 64
10) Cerdas 65
11) Tumindak Kawiwiti Niat Ingkang Sae 68

12) Amanah 69
13) Ikhlas 70
14) Budidaya 72
15) Wicaksana 73
16) Jujur 75
17) Tumindak Boten Pareng Remen Ngresula 77
18) Tumindak Kawiwiti Niat ingkang Boten Sae 78
19) Tumindak Boten Pareng Sembrana 79
3. Gayutipun Paraga kaliyan Paraga Sanesipun 81
1) Tresna kaliyan Sesami 81
2) Tetulung 83
3) Tresna Marang Anak 89
4) Bekti Marang Tiyang Sepuh 92
5) Bekti Marang Pimpinan 94
6) Musawarah 97
7) Tanggel Jawab 98
8) Tresna Marang Kanca 101
9) Tresna Marang Garwanipun 102
10) Tresna Marang Rakyat 103
11) Tresna Marang Tiyang Sepuh 105
12) Amanah / Tepat Janji 107
13) Wicaksana 110
14) Ngajeni Tiyang Sanes 113
15) Sabar 115
16) Jujur 116
17) Seneng 118
18) Tumindak Kedah Tetulung 120
19) Tumindak Boten Pareng Gumedhe 121
20) Tumindak Boten Pareng Cethil 124
21) Tumindak Boten Pareng Nyolong 125
22) Tumindak Boten Pareng Ngapusi 128

23) Tumindak Kedah Wicaksana 132
BAB V PANUTUP..... 134
A. Dudutan 134
B. Implikasi 135
C. Pamrayogi 135
KAPUSTAKAN 136
LAMPIRAN 139

DHAFTAR TABEL

Kaca

Tabel 1 : *Format* Kartu *Data*..... 28

Tabel 2 : *Format* Pambabar *Data* Piwulang Budi Pekerti..... 28

Tabel 3 : Piwulang Budi Pekerti..... 34

DHAFTAR LAMPIRAN

Kaca

Lampiran 1 : Jangkepipun Kartu Piwulang Budi Pekerti..... 140

Lampiran 2 : Kartu *Data* 160

Lampiran 3 : Cariyos 183

PIWULANG BUDI PEKERTI ING KEMPALAN CARIYOS *TJAMPOER BAWOER* DENING DARMAWIYATA

Dening : Ady Cahyono
NIM 09205244054

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken piwulang budi pekerti ingkang wonten ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer*. *Data* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika saking kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* dening Darmawiyata.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika tansah ngewrat piwulang mapinten-pinten cacahipun. Cara ngempalaken *data* menika kanthi maos langkung rumiyin cariyosipun lajeng pados tembung saha ukara ingkang gegayutan kaliyan bab budi pekerti kanthi dipuncathet. Salajengipun *data* dipunrembag kanthi nggatosaken titikan anggenipun ngrembag saha dipunandharaken kanthi *deskriptif*. *Keabsahan data* menika ngginakaken reliabilitas intrarater ingkang ateges cara maos saha nliti menika kanthi dipunambali kaping kathah. Salajengipun dipunrembug malih kaliyan dosen saha kanca ingkang mangertos bab piwulang budi pekerti.

Asiling panalitenipun inggih menika: 1) piwulang budi pekerti ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gusti Allah. Piwulang ingkang dipunpanggihaken menika wonten 4, inggih menika pasrah, narima, ikhlas, saha jujur.; 2) piwulang budi pekerti ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadi. Piwulang ingkang dipunpanggihaken menika wonten 19, inggih menika kendel, seneng, eling, narima, mituhu marang pangandikanipun tiyang sepuh, tanggel jawab, sabar, ngangsu kawruh, prinsip / teguh, cerdas, tumindak kawiwiti niat ingkang sae, amanah, ikhlas, budidaya, wicaksana, jujur, tumindak boten pareng remen ngresula, tumindak boten pareng kawiwiti niat ingkang boten sae, saha tumindak boten pareng sembrana.; ingkang pungkasan 3) piwulang budi pekerti ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Piwulang ingkang dipunpanggihaken menika wonten 23, inggih menika tresna kaliyan sesami, tetulung, tresna marang anak, bekti marang tiyang sepuh, bekti marang pimpinan, musawarah, tanggel jawab, tresna marang kanca, tresna marang garwanipun, tresna marang rakyat, tresna marang tiyang sepuh, amanah / tepat janji, wicaksana, ngajeni tiyang sanes, sabar, jujur, seneng, tumindak kedah tetulung, tumindak boten pareng gumedhe, tumindak boten pareng cethil, tumindak boten pareng nyolong, tumindak boten pareng ngapusi, saha tumindak kedah wicaksana.

BAB I
PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Ing jaman ingkang *modern* kados jaman samenika, budaya tansah sarwa maju. Kanthi sarana *teknologi,* budaya menapa kemawon saha budaya ingkang asalipun saking pundi kemawon saged nyebar kanthi boten wonten watesanipun. Saking bab ingkang menika wau ingkang saged ndadosaken ewah-ewahipun budaya ing masarakat. Awit saking ewah-ewahan menika tansah gayut kaliyan ewah-ewahan ingkang sae saha ewah ewahan ingkang boten sae.

Tuladha ingkang nyata saking ewah-ewahing budaya ingkang wonten ing masarakat menika inggih menika saged dipuntingali ing lelampahannipun masarakat. Lelampahan nilar kabudayan ingkang sae, antawisipun para panguwasa ingkang paring conto nglampahi tumindak boten sae, kathah masarakat ingkang boten mangertos bab etika, tata krama, saha kathah lare ingkang boten dipunwulangaken menapa menika budi pekerti. Menika wau taksih kathah tuladha-tuladha sanesipun ingkang wonten ing masarakat.

Kanthi bab ingkang dipunandharaken ing inggil menika, ewahipun budaya ingkang boten trep kaliyan budaya asli menika kedah dipundandosi. Anggenipun ndandosi saged kanthi cara mulangaken budi pekerti ing masarakat. amargi ing salebetipun budi pekerti menika dipunandharaken bab etika, tata susila, tatakrama saha lelampahan ingkang sae ing pagesangan.

Budi pekerti menika miturut Suwardi (2006:1) dipunandharaken kados makaten. Kanthi *etimologi* Budi menika nalar, pikiran, saha watak. Salajengipun Perkerti menika watak, tabiat, saha akhlak. Dadosipun budi pekerti menika

tumindak ingkang ngandharaken akhlak saha watak.

Suryo S. Negoro ing *website* jagadkejawen.com ngandharaken bilih budi pekerti menika awujud moral saha tumindak ingkang sae ing pagesangan. Saking bab ingkang dipunandharaken dening Suryo S. Negoro menika saged dipunmangertosi bilih perangan budi pekerti menika sami kaliyan moral.

Moral dipunandharaken ing Endah (2008:2) kadhapuk saking basa Latin mos (bentuk tunggal), mores (bentuk jamak) ingkang tegesipun *kebiasaan. Moral* ing masarakat taksih dipunwastani minangka sarana kangge njagi tumindaking manungsa ing pagesangan. Bab menika dipunajengaken supados lelampahing manungsa ing pagesangan boten nyalahi bab tata-krami. Tata-krami ingkang dipunajengaken menika awujud titikan tata cara anggenipun tumindak manungsa ing pagesangan.

Moral menika saged dipunmangertosi minangka lelampahan ingkang gegayutan kaliyan gesangipun manungsa ing donya. *Moral* menika gayut kaliyan lelampahan ingkang sae saha lelampahan ingkang awon. Sampun dipunandharaken ing *Kamus Besar Bahasa Indonesia online* bilih *moral* menika *ajaran tentang baik buruk yang diterima umum mengenai perbuatan, sikap, kewajiban dan sebagainya* (http://kbbi.web.id/ dipun*akses* tanggal 2 Mei 2013 jam 7.30).

Karya sastra ingkang ngandharaken piwulang *moral* tansah gayut kaliyan piwulang *amoral.* Piwulang *moral* menika ngandharaken piwulang ingkang sipatipun *positif,* nanging piwulang *amoral* menika gadhah sipat ingkang *negatif* utawi kosokwangsulipun piwulang moral. *Amoral* ing pirembagan menika boten

ateges piwulang ingkang mulangaken tatacara boten sae, amargi *amoral* ing ngriki gadhah ancas paring tuladha supados boten dipunlampahi. Intinipun piwulang ingkang ngandharaken lelampahan ingkang boten panten dipunlampahi.

Anggenipun mulangaken *nilai moral* saged kanthi maneka cara. Salah satunggaling cara ingkang limrah dipunginakaken ing masarakat inggih menika kanthi cara langsung. Tuladhanipun inggih menika tiyang sepuh muruki putra-putrinipun cara-caranipun pasrawungan saha sapiturutipun. Tiyang sepuh suka tuladha kanthi langsung caranipun lelampahan menika, dadosipun putra-putrinipun saged nirokaken trep kaliyan ingkang dipunlampahi utawi dipuntuladhani dening tiyang sepuh menika.

Salajengipun ugi wonten ingkang ngginakaken cara boten langsung, inggih menika kanthi dipunsisipaken ing lelagon, *karya sastra* (cariyos). Ing salebetipun cara menika, anggenipun ngandharaken *nilai* ugi dipunperang malih dados kalih, cara langsung saha boten langsung. Cara langsung menika *nilai moral* dipunandharaken langkung cetha wonten ing ukara pitutur umumipun mapan ing pungkasaning cariyos. Salajengipun menawi cara boten langsung inggih menika *nilai moral* dipunandharaken ing alur cariyosipun.

Salah satunggaling *karya sastra* ingkang ngandharaken piwulang budi pekerti inggih menika kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer*. *Karya sastra* menika nyariyosaken bab piwulang ing pagesangan. Tuladha-tuladha ingkang becik dipuncariyosaken kanthi sae saha lelampahan tiyang ing pagesangan ugi dipunadharaken ing kempalan cariyos menika.

Paraga ingkang dipuncariyosaken ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer*

menika wonten kathah. Wonten ingkang nggambaraken paraga manungsa, bangsa sato kewan, saha wonten ingkang nggambaraken tetaneman. Menika wau dipunginakaken supados saged langkung narik kawigatosanipun pamaos.

Karya sastra menika sampun jangkep menawi badhe dipunarani *karya sastra* ingkang sae, amargi ing salebetipun *karya sastra* kempalan cariyos *Tjamoer Bawoer* menika wonten maneka-warni cariyos ingkang *inspiratif.* Cariyos menika ngemu maneka warni piwulang ingkang saged dipunandharaken kanthi langkung cetha dados pandoming pasinaon. Miturut Anti Aarne kaliyan Stith Thompson lumantar Danandjaja (1986:83). Ngandharaken bilih cariyos menika *cerita pendek kolektif kasusastraan lisan. Dongeng diceritakan terutama untuk hiburan, walaupun banyak juga yang melukiskan kebenaran, berisikan pelajaran moral atau bahkan sindiran.*

Cariyos menika saged dipundadosaken titikan anggenipun sinau bab piwulang budi pekerti. Ing salebetipun cariyos menika wonten perangan tuladha ingkang ngandharaken cara-caranipun nglampahi gesang ingkang sae ing pagesangan saha tuladha-tuladha lelampahan ingkang boten pantes dipuntuladha.

B. Underaning Prekawis

Adhedhasar saking dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken kala wau, lajeng wonten prekawis ingkang samangkih badhe dipuntliti supados prekawis menika saged kaandharaken kanthi langkung cetha ugi boten ngirangi *makna* saha piwulang ing *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika. Lajeng badhe dipunpendhet dudutan prekawis kados makaten:

1. lelampahan-lelampahan ingkang wonten ing salebetipun *karya sastra*

kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer*.

2. Piwulang budi pekerti ing salebetipun *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer*.
3. Ginanipun piwulang budi pekerti ing *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer*.
4. Tata cara ingkang dados budaya ing pagesangan ingkang kaserat saha *tersirat* ing *karya sastra Tjampoer Bawoer* menika.

C. Watesaning Prekawis

Kanthi dhasar underaning prekawis ingkang sampun kaandharaken menika. saha mengeti kasagedan ugi wekdal ingkang winates, pramila lajeng boten sadaya prekawis menika dipuntliti. Bilih bab ingkang dipunkaji inggih menika piwulang budi pekerti ingkang wonten ing salebetipun *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer*.

D. Wosing Prekawis

Andhedhasar prekawis wonten ing watesaning prekawis ing inggil menika, saged dipundudut wosing prekawis ingkang badhe dipuntliti. Wosing prekawisipun inggih menika menapa kemawon piwulang budi pekerti ing salebetipun *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika?

E. Ancasing Panaliten

Sasampunipun mangertos wosing panaliten ingkang kaandharaken wonten ing inggil menika. Lajeng ugi saged dipunmangertosi bilih panaliten menika gadhah ancas supados mangertosi menapa kemawon piwulang budi pekerti

ingkang dipunandharaken ing *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika kaangkah saged suka gina kanthi *teoritis* saha *praktis*. Gina ingkang kaandharaken menika kados makaten:

1. kanthi *teoritis* ginanipun panaliten menika antawisipun:
   a. suka *deskripsi karya sastra Tjampoer Bawoer* kanthi langkung cetha malih anggenipun mangertosi prekawis ingkang andadosaken dhasaring pangripta damel kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika.
   b. Kaangkah saged nggambaraken bab piwulang budi pekerti ingkang *tersirat* ing saklebetipun *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer.* Karsanipun supados pamanggih-pamanggih ingkang wonten ing panaliten menika samangkih saged dados *referensi* ing jagading pasinaon.
2. Kanthi praktis saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika suka *informasi* bab piwulang budi pekerti ingkang wonten ing *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika.

G. Pangertosan Tembung-tembung

Piwulang inggih menika cara anggenipun mulangaken kawruh (*pembelajaran*). Miturut Arif S 1984 (lumantar cecep, 2011:5) *pembelajaran* utawi piwulang menika *usaha yang terencana dalam memanipulasi sumber-sumber belajar agar terjadi terjadi proses belajar pada peserta didik.*

Budi Pekerti inggih menika nalar, utawi pamikiran anggenipun lelampahan ing pagesangan. Budi pekerti menika ugi saged dipuntegesi

lelampahan ingkang gayut utawi dipundhasari ing pamanggih utawi pamikiran, akhlak, saha *watak*.

Nilai inggih menika sarana ingkang ngandharaken ukuran bab menapa kemawon ingkang saged dipunraosaken cacahipun, paedahipun, saha daya anggenipun ngawujudaken. Wujudipun *nilai* arupi kapitadosan, pepinginan saha pamanggih manungsa ing pagesangan ingkang saged dados titikanipun manungsa bab lelampahan tatakrami ing pagesangan.

Moral inggih menika kapitadosan bab sae saha awon ingkang gayut kaliyan lelampahan, pakulinan, *sikap,* lsp. Miturut para ahli, *moral* menika wonten ingkang dipunperang dados tiga saha sakawan kelompok. *Moral* ingkang dipunperang dados tigang kelompok menika antawisipun (1) *moral* ingkang ngandharaken gayutipun manungsa kaliyan Gustinipun, (2) *moral* ingkang ngandharaken gayutipun manungsa kaliyan sesami manungsa kalebet ugi gayutipun manungsa kaliyan lingkungan, ingkang pungkasan (3) *moral* ingkang ngandharaken gayutipun manungsa kaliyan dhiri pribadinipun.

Salajengipun *moral* dipunperang dados sakawan *kelompok* inggih menika (1) *moral* ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun utawi *nilai* bab *Ketuhanan*, (2) *moral* ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan diri pribadhinipun utawi *nilai* bab *Individu*, (3) *moral* ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun utawi bab *Sosial*, ingkang pungkasan (4) *moral* ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan *alam sekitar*ipun.

Amoral inggih menika kosok wangsulipun tembung *moral. Amoral* sipatipun menika ugi beda kaliyan *moral. Moral* menika ngawrat bab ingkang

positif, nanging *amoral* menika ngawrat bab ingkang negatif.

Kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* inggih menika *karya sastra* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika. *Karya sastra* menika dados koleksi pribadi panaliti. Salajengipun *karya sastra* kempalan cariyos Tjampoer Bawoer menika wujudipun satunggal eksemplar ingkang seratanipun kaserat mawi aksara Jawa cithak.

BAB II
GEGARAN TEORI

A. Deskripsi Teori

1. Pangertosan *Karya Sastra* saha Cariyos

Karya sastra minangka asiling seni ingkang dipundamel kangge sarana *ekspresi* pangriptanipun. Umumipun para pujangga damel *karya sastra* menika minangka sarana ngandharaken pamanggih-pamanggihipun gayut kaliyan pagesangan saha dhiri pribadinipun. Boten namung pamanggih ingkang dipunandharaken ing *karya sastra* menika, ugi wonten *pengalaman* saha piwulang ingkang dipunlebetaken ing karya sastra menika.

Karya sastra dipundamel menika tansah wonten ancas ingkang sae saking pangriptanipun. Ancasipun menika supados saged dipunginakaken, dipunraosaken, dipunmangertosi, dipunpahami dening masarakat. Kanthi dipunginakaken masarakat menika, piwulang ingkang wonten ing salebetipun karya sastra menika tansah saged lestari boten ical ing jaman.

Umumipun *karya sastra* menika sarana kangge ngandharaken pamanggih-pamanggih saking sastrawan utawi para pujangga menika. Purwadi (2011:1) ngandharaken bilih *karya sastra* menika dipundamel dening sastrawan kangge masarakat supados saged migunani. *Karya sastra* dipunginakaken kangge sarana ngandharaken pamanggih, *pengalaman, sindiran* dhateng pamaos.

Sumardjo (1986:3) ngandharaken bilih *karya sastra* menika sejatosipun dipunserat kanthi ancas badhe ngandharaken *nilai-nilai* ing pagesangan. Kirang langkung prekawis *nilai-nilai* ingkang dipunraosaken sampun boten trep malih kaliyan kabetahanipun manungsa.

Karya sastra ing jagad pasinaon basa Jawi saged dipunperang dados tiga, inggih menika sekar (*puisi*), gancaran (*prosa*) saha *drama,* bab menika ingkang sampun dipunandharaken dening Widayat (2005:11) mliginipun bab *karya sastra* Jawa *modern*. Salah satunggaling karya sastra ingkang wonten ing masarakat inggih menika cariyos utawi *dongeng.* Anti Aarne kaliyan Stith Thomson (lumantar Dananjaja 1986:64-141) ngandharaken bilih dongeng saged dipunperang dados sakawan jinis, inggih menika dongeng ingkang ngrembag sato kewan, dongeng biasa, lelucon, saha dongeng *berumus.*

- *Cariyos ingkang ngrembag sato kewan (animal tales) inggih menika cariyos ingkang paraga ing cariyos menika wujudipun kewan ingah-ingahan kaliyan kewan liyar, kadosta maesa, menda, lembu, kancil, sawer, ulam, peksi lan sanesipun.*
- *Cariyos biasa (ordinary tales) inggih menika cariyos ingkang paraganipun menika manungsa saha nyariyosaken rasa bingah saha sungkawanipun satunggaling tiyang. Ing tanah Jawi wonten cariyos ingkang ngandharaken bab menika, antawisipun cariyos Andhe-Andhe Lumut, Jaka Tarub, lan sanesipun.*
- *Lelucon (anecdot) inggih menika cariyos ingkang saged nuwuhaken gemujenging sinten kemawon ingkang mirengaken.*
- *Cariyos berumus (formula tales) inggih menika cariyos ingkang struktur-ipun kadadosan saking pengulangan.*

Awit saking bab ingkang sampun dipunandharaken ing inggil menika, kempalan cariyos Tjampoer Bawoer menika kasusun saking jinis cariyos biasa saha jinis sato kewan. Miturut jinisipun, karya sastra ingkang wujudipun cariyos menika kalebet ing jinis gancaran utawi *prosa. Prosa* inggih menika *karya sastra* ingkang wujudipun seratan ingkang ngandharaken kanthi langkung cetha prekawis ingkang dipuncariyosaken. *Prosa* menika dipunperang dados kalih, inggih menika *prosa lama* saha *prosa baru*.

Miturut sarananipun, cariyos saged dipunandharaken minangka sastra lisan

ugi saged minangka sastra tulis. Widayat (2005:11) ngandharaken bilih ing ewah-ewahipun jaman menika kathah sastra tulis ingkang ewah dados sastra lisan kadosta cariyos padhalangan, lajeng ugi kathah sastra lisan ingkang ewah dados sastra tulis kadosta primbon.

Saking bab ingkang sampun dipunandharaken ing inggil menika, *karya sastra* kanthi irah-irahan kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika kalebet ing *karya sastra* ingkang jinisipun *prosa lama*. Amargi ing salebetipun *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika kaserat cariyos ingkang wujudipun Dongeng, fabel, ingkang ngewrat pamanggih-pamanggih ingkang ngandharaken *nilai* mliginipun bab piwulang *budi pekerti* ingkang gadhah ancas sae. Bab menika trep kaliyan pamanggihipun Baribin (1985:79) ingkang ngandharaken bilih ing salebetipun *karya sastra* menika wonten *nilai* ingkang sae, dadosipun saged damel manahing .tiyang sanes gumeter. Tegesipun menawi wonten tiyang ingkang maos cariyos menika saged ndadosaken titikan anggenipun lelampahan ingkang sae.

2. Budi Pekerti

Budi pekerti kanthi etimologi saged dipunandharaken kados makaten, kasusun saking tembung budi ingkang saged dipuntegesi minangka nalar, pamanggih utawi pikiran, saha watak. Salajengipun pekerti menika saged dipunandharaken minangka lelampahan, tumindak, *tabiat,* saha akhlak (Suwardi, 2006:1). Sami kaliyan K.H. Dewantara ing Suwardi (2006:2) bilih budi pekerti menika lelampahanipun manungsa ingkang dipundhasaraken ing batinipun.

Nasution (lumantar Suwardi 2006:7) ngandharaken bilih budi pekerti

luhur menika saged dipungambaraken ing lelampahan manungsa ing padintenipun. Lelampahanipun menika kadosta taqwa, eling marang Gusti, tawakal, mertobat, isin, adil, ngajeni tiyang sanes, ikhlas, sabar, jujur, *ramah, pemaaf,* tetulungan, syukur, *bijaksana*, *jihad*, kendel, gadhah *jiwa pemimpin, setia.*

Taksih lumantar Suwardi (2006:8), Yatmana gadhah pamanggih bilih ing pagesangan ingkang gayut kaliyan perangan sosial menika sasanesipun tansah wonten *bad character* utawi sipat ingkang boten sae. Lelampahan menika kadosta gumedhe, cethil, cabul, merinan, *rakus,* duka, malesan, *angkuh*, *cerewet*, *sok*, dhusta, minder, lan sanesipun

Saking pamanggih para pamikir ingkang sampun kaandharaken ing inggil menika saged dipunmangertosi bilih budi pekerti menika saged dipunsebat moral, awit saking pamanggihipun Darusuprapto (lumantar Suwardi, 2006:6) bilih budi pekerti luhur minangka sikap saha lelampahan ingkang dipundhasaraken ing ajaran moral ingkang gayut kaliyan lelampahan akhlak. Dadosipun saged dipunandharaken malih, moral menika lelampahan nyatanipun saking budi pekerti.

Salajengipun pamanggih ing inggil menika ugi negesaken bilih lelampahan budi pekerti menika kaandharaken ing kalih bab, inggih menika bab lelampahan ingkang sae saha lelampahan ingkang awon ingkang kasebut moral saha amoral. Pamanggih saking Nasution menika minangka moralipun, salajengipun pamanggih saking Yatmana menika minangka amoralipun.

3. Pangertosan *Nilai*

Nilai inggih menika sifat utawi bab ingkang penting saha migunani kangge manungsa kaliyan pagesanganipun. The Liang Gie (1972:159) ngandharaken bilih *nilai* menika *sesuatu yang menimbulkan minat (interest) sesuatu yang lebih disukai (preference) kepuasan (satisfaction) keinginan (desaire) kenikmatan (enjoyment).* Intinipun Liang Gie ngandharaken bilih *nilai* menika adhedasar bab ingkang dipunraos ngremenaken dening manungsa.

Mardiatmadja (1986:54) ngandharaken bilih *nilai* menika *suatu hal yang menyebabkan hal itu perlu dimiliki oleh manusia demi peningkatan kualitas manusia.* Menapa kemawon ingkang wonten ing sakiwa-tengennipun manungsa saged dipunsebut *nilai*, amargi *nilai* menika tansah gayut kaliyan gesangipun manungsa. *Nilai* menika saged awujud lelampahan, sikap manungsa ing pagesangan ingkang nemtokaken sae menapa boten tiyang ing pagesangan (Linda & Eyre, 1999:14).

nilai menika ngewrat bab tumindak awon saha sae saking manungsa. kajengipun menika *nilai* dipunginakaken kangge nuntun utawi nemtokaken tumindak manungsa ingkang samustinipun, amargi *nilai* menika dipundadosaken pathok'anipun lelampahan tumindak. Salajengipun menawi miturut Bambang Daroeso (1983) bilih *nilai* gadhah sifat kados menika:

a. *Nilai itu suatu realitas abstrak dan ada dalam kehidupan manusia. Nilai yang bersifat abstrak tidak dapat diindra. Hal yang dapat diamati hanyalah objek yang bernilai itu. Misalnya, orang yang memiliki kejujuran. Kejujuran adalah nilai,tetapi kita tidak bisa mengindra kejujuran itu. Yang dapat kita indra adalah kejujuran itu.*
b. *Nilai memiliki sifat normatif, artinya nilai mengandung harapan, cita-cita, dan suatu keharusan sehingga nilai nemiliki sifat ideal (das sollen). Nilai diwujudkan dalam bentuk norma sebagai landasan manusia dalam bertindak. Misalnya, nilai keadilan. Semua orang berharap dan mendapatkan dan berperilaku yang mencerminkan nilai*

keadilan.

c. *Nilai berfungsi sebagai daya dorong/motivator dan manusia adalah pendukung nilai. Manusia bertindak berdasar dan didorong oleh nilai yang diyakininya. Misalnya, nilai ketakwaan. Adanya nilai ini menjadikan semua orang terdorong untuk bisa mencapai derajat ketakwaan.*

Sampun kaadharaken ing inggil menika bilih *nilai* gadhah sifat abstrak ateges *nilai* boten wonten wujud nyatanipun ingkang saged dipuntingali langsung. *Nilai* saged dipunraosaken kanthi ningali tumindakipun, jujur, ghoroh, kendel, jirih, becik, ala, lan sapitunggalanipun. Lajeng Bambang Daroeso ugi ngandharaken bilih *nilai* menika ngandhut bab tatacara tumindak ingkang samusthinipun dilampahi ing pagesangan.

4. *Nilai* ing Salebetipun *Karya sastra*

Nilai ing salebetipun *karya sastra* tegesipun inggih menika bilih wonten pasinaon ingkang sampun dipunlebetaken ing *karya sastra*. Bab menika gadhah ancas supados wanci tiyang maos *karya sastra* menika saged ngraosaken *nilai-nilai* ingkang kaserat ing salebetipun *karya sastra*. Miturut Padmo Puspito (1990:4) bilih *nilai dalam karya sastra yaitu berupa ajaran, pesan dan nilai nilai kehidupan yang dapat digunakan sebagai bahan nilai atau ajaran.* Bab ingkang dipunadharaken dening Padmo Puspito menika kirang langkung gadhah teges bilih menapa mawon *nilai* ingkang kadadosan ing pagesangan dipunlebetaken ing *karya sastra*, lajeng menapa kemawon *nilai* ingkang wonten ing salebetipun *karya sastra* menika supados saged dipunginaaken dados pasinaon.

Taksih jumbuh kaliyan pamanggihipun Padmo Puspito, Burhan Nurgiantoro ugi tansah paring pamanggihipun bab *nilai* wonten ing *karya sastra*,. Burhan ngandharaken *nilai* wonten ing *karya sastra* menika dados *moral* wonten

ing *karya sastra*. Pamanggihipun kados makaten.

> *"Moral dalam karya sastra biasanya mencerminkan pandangan hidup pengarang yang bersangkutan, pandangan tentang nilai nilai kebenaran, dan hal-hal itulah yang ingin disampaikan kepada pembaca". (nurgiyantoro. 2012:320)*

Saking andharan ing inggil menika, tansah dipunmangertosi bilih *nilai* wonten ing *karya sastra* menika taksih gayut kaliyan pangripta ingkang damel cariyos utawi *sastra* menika. Menapa mawon *nilai* ingkang kaserat saha *tersirat* ing *karya sastra* menika tansah dipunraosaken dening pangripta rikala damel *karya sastra*. Kenny (lumantar Burhan Nurgiyantoro 2012:321) ngandharaken kados makaten.

> *"Moral dalam cerita biasanya dimaksudkan sebagai suatu saran yang berhubungan dengan ajaran moral tertentu yang bersifat praktis yang dapat diambil dan ditafsirkan lewat cerita yang bersangkutan oleh pembaca"*

Salajengipun Kenny menika ngandharaken bilih *moral* ing salebetipun cariyos umumipun awujud pitutur saha *nilai* ingkang gayut kaliyan tumindak manungsa ing pagesangan. Salajengipun *moral* ing *karya sastra* menika gadhah sifat ngremenaken. Bab menika dipunsababaken anggenipun mulangaken *nilai* kanthi menapa wontenipun. *Nilai* ing cariyos ingkang dipundadosaken *nilai* menika dipunpendhet kanthi cara dipuntafsiraken miturut pamaos piyambak.

Ing salebetipun *karya sastra*, *nilai* menika tansah wonten. Dipunsengaja menapa boten dipunsengaja, *nilai* ing salebetipun *karya sastra* menika tansah wonten ing salebetipun cariyos. umumipun *karya sastra* menika dipunserat miturut pamanggihipun pangriptanipun. Menapa kemawon ingkang dados pamanggihipun tansah dipunserat ing salebetipun *karya*nipun. Wiyaripun pangripta suka tuladha bab cara nglampahi pagesangan ingkang samustinipun.

Bab menika trep kaliyan pamanggihipun Burhan Nurgiyantoro (2012:325).

> *"Karya sastra senantiasa menawarkan pesan moral yang berhubungan dengan sifat sifat luhur kemanusiaan, memperjuangkan hak dan hakikat manusia. Sifat sifat luhur kemanusiaan hakikatnya universal, artinya sifat tersebut dimiliki dan diyakini kebenarannya oleh seluruh manusia".*

Salajengipun *nilai moral* ingkang wonten ing salebetipun *karya sastra* menika dipunandharaken kanthi cara ingkang beda. Wonten kalih anggenipun ngandharaken *nilai* menika. Cara anggenipun ngandharaken kanthi cara langsung saha kanthi cara boten langsung.



Gambar 1. Proses Ngandharaken *Nilai* kanthi Langsung

Menawi kanthi langsung, pangripta anggenipun suka *nilai moral* kanthi dipunandharaken langsung wonten ing seratanipun. Seratan ingkang dipunmaksud menika ingkang ngandharaken pitutur ingkang dipunserat pangripta. Bab menika gadhah ancas supados nggampilaken pamaos *paham* kaliyan isi cariyos. Prosesipun kados gambar ingkang wonten ing bukunipun Burhan Nurgiyantoro (2012:335).



Amanat ditafsirkan oleh

teks

Gambar 2. Proses Ngandharaken *Nilai* kanthi boten Langsung

Lajeng menawi kanthi boten langsung, *nilai moral* namung *tersirat* ing *karya sastra*. Burhan Nurgiyantoro (2012:336) ugi ngandharaken kados makaten.

> *Penyampaian pesan tidak langsung, pesan hanya tersirat dalam cerita berpadu secara koherensif dengan unsur unsur cerita yang lain. Jika ingin memahami da menafsirkan pesan itu haruslah ia melakukannya berdasarkan cerita, sikap dan tingkah laku para tokoh tersebut.*

Anggenipun nyerat *amanat* saha *pesan* kanthi boten langsung menika saged dipungambaraken ing paraganipun, ing jenising paraga, nama paraga, saha karakter paraganipun. Lajeng saged ugi panyeratipun *amanat* saha *pesan* menika dipungambaraken ing alur cariyos menika.

Kirang langkung Burhan ngandharaken bilih menawi badhe mangertos *nilai moral* ingkang *tersirat* ing *karya sastra* menika, kedah mangertos alur cariyos menika. Utaminipun kahanan ingkang wonten ing cariyos. Amargi unsur-unsur ingkang wonten ing cariyos menika tansah gegayutan setunggal kaliyan sanesipun. Cara menika asring ndadosaken pamaos lepat anggenipun negesi menapa ingkang badhe dipunandharaken pangripta. Amargi pangripta sengaja boten ngandharaken kanthi cetha.

5. *Nilai Moral*

Nilai moral ngemu bab pamanggih *nilai-nilai* ugi norma *moral* ingkang wonten ing pagesanganipun manungsa. *Nilai moral* inggih menika bab tumindak kabecikan manungsa minangka dados manungsa. *Nilai moral* saged dipunsebut tatacara anggenipun manungsa gesang dados manungsa ingkang sae ing

pagesangan. Dadosipun wontenipun *moral* gadhah ancas kangge damel pagesangan ingkang sae.

Miturut Kant (lumantar Lili, 1991:55) "*tujuan moralitas adalah kebaikan tertinggi dan kebaikan tertinggi tentunya juga berarti kebahagiaan sempurna".* Saking bab ingkang sampun dipunandharaken menika saged dipunmangertosi biih *moral* menika perangan ing masarakat ingkang dipundamel kangge ngawujudaken masarakat ingkang sae. Saengga moral menika didadosaken beda, semi (1993:)ngandharaken bilih *moral merupakan suatu norma tentang kehidupan yang telah diberikan kedudukan istimewa dalam kegiatan atau kehidupan sebuah masyarakat.*

Suwardi Endraswara (2003:38-41) ngandharaken bilih *Moral* gegayutan kaliyan Manungsa dhumateng Gustinipun. *Moral* menika dipunwujudaken wonten ing tumindak ingkang kedah dipunlampahi (*kewajiban*) dening manungsa dhumateng Gustinipun.

> *Dengan dilakukannya tugas dan kewajibannya tersebut, akan menumbuhkan perilaku manusia yang eling, pasrah dan sumarah. Mematuhi perintahNya dan menjauhi laranganNya atau ma-lima(main, madat, madon, mendem, maling)*

Maksudipun pethilan pamanggihipun Suwardi Endraswara menika kirang langkung kados makaten. Kanthi tumindak ingkang saguh nglampahi titahing Gustinipun, saged ndadosaken manungsa menika sarwa eling, pasrah, sumarah. Eling kaliyan sadaya menika tansah kuaosipun Gusti. Pasrah saha sumarah narima sadaya ingkang dados papesthinipun, narima menapa kemawon peparinganIpun Gusti.

Limrahipun *nilai moral* ingkang wonten ing masarakat menika

mulangaken bab awon saha sae. Sampun dipunandharaken ing Endah (2008:2) bilih moral menika boten namung ingkang sae kemawon, moral menika ugi wonten ingkang ngewrat sipat boten sae utawi *immoral*. Endah ngandharaken bilih tegesipun tembung *immoral* ing kamus Oxford inggih menika kosok wangsulipun saking *moral* ingkang sae utawi moral ingkang boten sae.

Pamanggih moral ingkang awon saha sae menika tansah gadhah sipat ingkang *relative*. Bab menika dipunsababaken dereng temtu pamanggihipun tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun menika sami. Pamanggih awon saha sae menika kedah dipunwangsulaken dhateng pribadinipun piyambak-piyambak.

6. *Amoral*

Amoral ngemu bab pamanggih ingkang beda inggih menika kosok wangsulipun *moral. Amoral* dipuntingali saking tegesipun ing masarakat menika ngemu bab ingkang boten sae. *Amoral* menika asring dipunandharaken lelampahan ingkang boten ngambaraken tatacara lelampahan ingkang samustinipun.

Kuswa Endah (2008:2) ngandharaken bilih amoral ing basa inggris menika dados *immoral* ingkang gadhah teges *bertentangan dengan moral yang baik atau tidak baik moralnya.* Dadosipun *amoral* menika kahanan ingkang boten sae utawi boten pantes dipundadosaken tuladha.

B. Wujud ugi Jinising *Nilai Moral*

Saged dipunmangertosi bilih *moral* gegayutan kaliyan *moral*itas. *Moral*itas saged dipunsebut anggah ungguh. *Moral*itas saged tuwuh saking sumber tradisi atau adat, agama utawi *ideologi* ugi saged saking sadaya sumber,

wujud *nilai moral* menika saged arupi tumindak ingkang kita lampahi. Wujud *nilai moral* ingkang wonten ing masarakat saged dipuntingali saking ajaran Confucius ingkang cacahipun wonten sadasa, inggih menika kados ing ngandhap menika:

a. Welas Asih *(Benevolence)*

b. *Kebenaran dan keadilan (Righteousness)*

c. *Etika/*Anggah Ungguh *(Etiquette/Manner)*

d. *Bijaksana/Arif (Wisdom)*

e. *Terpercaya (Trustworthy)*

f. Bekti marang wong tua *(Filial Piety)*

g. *Hormat* marang ingkang linuwih tua*/senior (Respect of elders)*

h. *Kesetiaan (Loyalty)*

i. *Bersih dan jujur (clean & honest)*

j. Ngrasa Isin *(Sense of shame)*

Wujud *nilai* ingkang wonten ing masarakat menika boten namung ingkang kasebut wonten ing inggil menika, ananging taksih kathah malih. Lajeng wujud *nilai* menika saged dipunkelompokaken wonten ing jenis jenis *nilai moral*. Burhan Nurgiantoro (2012:326) ngandharaken kados makaten.

> *Jenis ajaran moral itu sendiri mencakup masalah yang boleh dikatakan bersifat tak terbatas. Ia dapat mencakup seluruh persoalan hidup dan kehidupan Secara garis besar moral dibedakan ke dalam:*
> 1. *hubungan manusia dengan dirinya sendiri.*
> 2. *hubungan manusia dengan manusia lain dalam lingkup social termasuk hubungan lingkungan alam.*
> 3. *hubungan manusia dengan Tuhan.*

C. Pendhekatan Sastra

Pendhekatan panaliten sastra ingkang dipunandharaken dening Pradopo (lumantar Wiyatmi :85) ingkang gayut kaliyan panaliten menika inggih menika pendhekatan *pragmatik.* Pendhekatan menika ngandharaken bilih karya sastra minangka sarana kangge ngandharaken pamanggih pamanggih utawi bab tartamtu dhumateng para pamaos.kanthi ancas kados menika, bab-bab tartamtu menika saged arupi rerembugan ingkang ngandharaken *politik, pendidikan, moral, agama* lan sapiturutipun.

Pendhekatan panaliten mawi pendhekatan *pagmatik* menika tansah kirang jangkep menawi dipunginakaken ing panaliten menika. Amargi panaliten menika ngrembag bab moral, salajengipun prelu dipunginakaken pendhekatan sanesipun , ancasipun supados saged ngandharaken bab *pragmatik* mliginipun bab moral. Pendhekatan *moral* inggih menika cara mbabar *karya sastra* ingkang nggatosaken kasagedan karya sastra ngandharaken moral. Semi (1993:71).

D. Panaliten ingkang Gayut

Panaliten ingkang taksih gayut kaliyan panaliten menika inggih menika panaliten *skripsi* ingkang dipunwastani dening A'raaf Fidiaz Pradana kanthi asesirah "*Nilai Nilai Pendidikan Moral dalam* Serat Baratayuda". Wonten ing panaliten menika, Fajar mendhet dudutan bilih wonten ing serat Baratayuda wonten jinising *nilai moral* ingkang cacahipun tiga, antawisipun:

1. *nilai* religi ingkang kapacak ing tumindakipun manungsa dhumateng Gustinipun. Kadosta:
   a. ndonga
   b. pasrah

c. nglakoni titahing Gusti

d. narima

e. percados kaliyan Gusti

f. boten nglanggat titahing Gusti

2. *nilai* kesusilaan ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungsa awon saha becikipun. Antawisipun:

a. prihatin

b. lila

c. jujur

d. kendel

e. tanggung jawab

f. lsb

3. *nilai* sosial ingkang gayut kaliyan pagesangan tiyang kaliyan tiyang sanes, antawisipun:

a. *balasbudi*

b. *berbakti*

c. *berterimakasih*

d. *melaksanakan kewajiban*

e. *minta izin*

f. *saling menghormati*

g. *saling menyayangi*

h. lsp.

Panaliten ingkang gayut sanesipun inggih menika panaliten skripsi

ingkang dipun wastani dening Suliman 022524002 ingkang asesirah "*Nilai-Nilai* Pendidikan *Moral* dalam *Karya sastra* Dongeng Warni-Warni.". wonten ing panaliten menika Suliman nyebataken bilih *nilai moral* menika saged dipunperang dados sakawan, antawisipun:

1. *nilai-nilai* pendidikan *moral* ingkang ngandharaken gayutipun manungsa kaliyan Gustinipun (Tuhan).
   a. *Percaya atas kekuasaan Tuhan.*
   b. *Percaya atas takdir Tuhan.*
2. *Nilai-nilai* pendidikan *moral* ingkang ngandharaken gayutipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun.
   a. *Tolong menolong.*
   b. *Menghormati tamu.*
   c. *Kasih sayang*
   d. *Balas budi*
   e. *Mematuhi perintah atasan*
   f. *Tidak boleh memfitnah*
   g. *Berbakti kepada orangtua*
3. *Nilai-nilai* pendidikan *moral* ingkang ngandharaken gayutipun manungsa kaliyan pribadinipun..
   a. *Bertanggung jawab*
   b. *Tidak mudah putus asa*
   c. *Bersikap hati-hati*
   d. *Menyadari kesalahan*

e. *Ikhlas dan rendah hati*

4. *Nilai-nilai* pendidikan *moral* ingkang ngandharaken gayutipun manungsa kaliyan *alam sekitar*

   a. *Menjaga kelestarian lingkungan*.

E. Nalaring Panaliten

Panaliten Piwulang Budi Pekerti ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika panaliten ingkang ngrembag kadospundi jinising piwulang ingkang kaandhut ing serat kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika. Anggenipun ngrembag cariyos menika kanthi madosi tetembungan saha ukara ingkang ngemu *makna* ingkang gayut kaliyan piwulang budi pekerti ing pagesangan. Urut-urutan anggenipun *analisis* inggih menika nemtokake tetembungan utawi ukara ingkang ngemu piwulang saking pethilan-pethilan ukara ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika. salajengipun ngurutaken ugi misahaken ukara ukara ingkang kalebet ing jinising *nilai moral* ingkang sampun dipuntemtokaken.

BAB III
CARA PANALITEN

A. Wujud Jenising Panaliten

Panaliten ingkang dipunginakaken kangge ngrembag *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika ngginakaken metode ingkang gadhah sifat *deskriptif*. Inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi adhedhasar menapa wontenipun kanthi boten ngewahi *data* ingkang sampun wonten ing cariyos. Ancasipun inggih menika supados samangkih badhe nggambaraken menapa kemawon *nilai* ing *karya sastra* menika ingkang kalebet wonten jenis menapa *nilai* menika. Bab menika kados pamanggihipun Widodo kaliyan Mukhtar (2000:15) bilih

> "*Penelitian Deskriptif adalah suatu metode yang digunakan untuk menemukan pengetahuan yang seluas-luasnya terhadap obyek penelitian pada suatu saat tertentu"*

B. *Data* Panaliten

Data ing panaliten menika ingkang badhe dipuntliti sampun awujud *transliterasi*. Salajengipun saking *data transliterasi* menika dipunpendhet ukara-ukara ing salebetipun *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer. Data-data* ingkang dipunginaaken ing panaliten menika awujud ukara-ukara ingkang ngandharaken pasinaon utawi *nilai* bab *moral* ing pagesangan.

C. Sumber *Data* Panaliten

Ing panaliten menika, ingkang badhe dipunginakaken minangka sumber *data* inggih menika saking *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer*

ingkang sampun dipunalihbasa dening Darmawiyata ingkang dados *koleksi pribadi* panaliti. *Karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika dipunalihbasa ing tlatah Surakarta, ingkang salajengipun dipuncithak ugi dipun*terbitaken* ing taun 1911. *Karya sastra* menika kalebet ing jinisipun majalah, amargi wonten seratan ingkang nedahaken bilih *karya sastra* menika gadhah *seri* candhakipun. Wujudipun *karya sastra* kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika arupi buku ingkang ukuranipun kirang langkung *l* 14cm kaliyan *p* 22cm.

Karya sastra kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika kasusun saking 72 kaca ingkang ing salebetipun menika kaperang dados 63 kaca ingkang ngrembag 23 cariyos lajeng sanesipun menika arupi sampul saha *halaman judul*. *Karya sastra* menika ugi *nyantumaken* jinising buku-buku sanesipun ingkang dipunsade pepak kaliyan regi saha cara tumbasipun. Kertas ingkang dipunginaaken kangge nyithak *karya sastra* menika kacithak *tanda air* utawi *watermark* ingkang kaserat LANDSDRUKK, kedahipun wonten aksara candhakipun nanging boten cetha. .*Karya sastra* menika awujud kempalan cariyos cariyos warni-warni ingkang saged dados *inspirasi* kangge sinten kemawon ingkang maos.

Karya sastra menika nggambaraken lelampahan-lelampahan ing pagesangan. Tuladha-tuladha prekawis dipuncariyosaken ing salebetipun *karya sastra* menika. Cariyos-cariyos menika wonten warni kalih ingkang mbedaaken kontek cariyosipun, antawisipun cariyos ingkang wujudipun *fabel* utawi ingkang dados paraga ing cariyos wujudipun kewan. Salajengipun ingkang satunggal malih cariyos ingkang paraga ing cariyosipun nyariyosaken bab pagesanganipun manungsa.

Irah-irahan cariyos ingkang badhe dipuntliti menika antawisipun 1. Tikus karo Tirem, 2. Kuldi Loro, 3. Tikus Cilik, 4. Kewan Papat, 5. Jarane Loro, 6. Kuldi karo Asu, 7. Wit Waringin karo Pari, 8. Wong Sugih karo Wong Miskin, 9. Bapa karo Anake, 10. Tikus Loro, 11. Pangon karo Wong Desa, 12. Apus ing Apusan, 13. Mitra Loro, 14. Bocah kang Tresna ing Biyunge, 15 Jaran kang Tuwa, 16. Brahmana karo Macan, 17. Bocah Mursid, 18. Ratu karo utusane, 19. Ratu karo Pangulu, 20. Asu Ajag karo Baya, 21. Jejaka Loro, 22. Wong Bodho Tatelu, ingkang pungkasan 23. Raja karo Garwane.

D. Cara Pangempalan *Data*

Wonten ing ngandhap menika kaserat cara-caranipun utawi urut-urutanipun cara anggenipun ngempalaken *data* ingkang samangkih dipunginakaken ing panalinen menika. Urut-urutanipun inggih makaten:

1. panaliten dipunwiwiti kanthi cara maos langkung rumiyin cariyos ingkang dipundadosaken *bahan* panaliten menika.
2. Madosi ukara-ukara ingkang ngandharaken bab *nilai moral*. dipunserat saha dipun*pilah* miturut jinisipun *nilai moral*.
3. Sasampunipun dipun*pilah,* cara candhakipun inggih menika sadaya ukara ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipuntegesi maknanipun. Anggenipun negesi menika wonten cara ingkang cacahipun tiga, inngih menika:
   a. anggenipun negesi menika kedah langkung rumiyin mangertos konteks cariyos ingkang dipuntliti lajeng basa ingkang trep kaliyan konteks.
   b. Anggenipun negesi *makna* menika kedah nggatosaken basa ingkang dados *struktur* cariyos menika.

c. Anggenipun negesi kedah nggatosaken *alur* cariyos menika supados boten ngirangi situasional ingkang wonten ing cariyos menika.

E. Pirantining Panaliten

Kangge nggampilaken anggenipun nliti *karya sastra* menika, prelu wontenipun sarana ingkang saged dados pambiyantu nliti *karya sastra* menika. Piranti ingkang badhe dipunginakanen menika awujud kartu *data* ingkang samangke dipunginakaken kangge nyathet *data* ingkang dipunpendhet saking *karya sastra* menika. Wujudipun kartu menika kados wonten ing ngandhap menika:

data	***indikator***	**andharan**	**Jenising piwulang**	***Nilai***
8-9 / 3.2	**wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane**, sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum.	tikus cilik menika mituhu kaliyan pitutur ingkang dipunandharaken bapakipun. Tikus cilik lajeng namung mangan panganan ingkang dados simpenan bapakipun. Saben dinten tikus cilik namung mangan wos saha gandum.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Bekti marang tiyang sepuh
			Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Narima
			Paraga kaliyan Gusti Allah	

Tabel 1. Kartu data

piwulang	**cariyos**	**indikator**	**Kaca/ no. data**
Narima	Tikus Cilik	**wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane, sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum**.	8-9 / 3.2

Tabel 2. Kartu pembahasan

Kartu *data* menika dipunjangkepi mawi *kode* utawi *jinis pengelompok'an*, supados boten klentu anggenipun damel *laporan* panaliten menika. Salajengipun *kartu data* menika dipundamel supados nggampilaken menawi badhe dipun*koreksi* malih.

F. Cara *Analisis Data*

Cara *analisis data* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika kanthi *analisis isi. Analisis isi* miturut Barelson (lumantar Eriyanto, 2011:15) menika minangka cara panaliten ingkang dipunginakaken kangge sarana nyinau saha sarana *analisis komunikasi* kanthi *sistematik, obyektif, deskriptif,* saha *kuantitatif* wonten ing pamanggih (manifes). Krippendorff (lumantar Eriyanto, 2011:15) ugi ngandharaken bilih *analisis isi adalah suatu teknik penelitian untuk membuat inferensi yang dapat direplikasi dan sahih datanya dengan memperhatikan konteksnya.* Saking bab menika lajeng saged dipunmangertosi bilih *analisis isi* menika panaliten ingkang sipatipun ngandharaken kanthi langkung cetha bab isi saking *dokumen* menapa mawon wujudipun.

Titikan anggenipun nliti ing panaliten menika kawiwiti ing nemtoaken dhasar saking panaliten menika, lajeng madosi *data* ingkang wonten ing karya satra kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika. *Data* ingkang sampun dipunpanggih lajeng dipuncathet wonten ing *kartu data.* Saking *kartu data* wau lajeng *data* menika dipunudhal. Anggenipun mbabar *data karya sastra* menika wonten urut urutanipun kados makaten:

1. nemtokaken jenis jenis *nilai* ingkang kinten-kinten wonten ing salebetipun cariyos.

2. nemtokaken ukara-ukara ingkang ngewrat *nilai*.
3. *Data-data* awujud pethilan-pethilan ukara saking cariyos
4. *evaluasi* ukara *nilai*
5. *data* ingkang sampun dipunanalisis lajeng dipuntata miturut jenising *nilai*
6. damel dudutan saking *karya sastra* menika

G. *Keabsahan data*

K*eabsahan data* ing panaliten menika ngginakaken cara uji *reliabilitas* ingkang jenisipun menika *uji reliabilitas intrarater*. *Uji reliabilitas intrarater* menika ngemu teges bilih panaliti kedah ngambali anggenipun maos utawi ngudhar ukara-ukara ing cariyos menika. Supados panaliti mangertos utawi *paham* intinipun cariyos menika. Lajeng dudutan *sementara* menika saged dipunrembag kaliyan tiyang sanes supados mangertos kadospundi pamanggihipun tiyang sanes ing dudutan *karya sastra* ingkang dipunandharaken menika.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Data-data ingkang saged dipunandharaken ing asiling panaliten punika kaperang ing tigang jinising piwulang budi pekerti. *Data-data* punika samangke kaserat mawi *kolom* antawisipun *kolom* ingkang ngandharaken bab piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun, piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun, saha piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadhinipun. Saderengipun ngrembag bab piwulang budi pekerti, langkung rumiyin mangertosi *sinopsis* cariyos saking kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika.

Kempalan cariyos menika salah satunggaling kempalan cariyos ingkang awujud pitutur kangge pepadhang ing pagesangan. Kempalan cariyos Tjampoer Bawoer menika kaperang saking 23 cariyos, ing ngriki wonten 11 cariyos ingkang nggambaraken sipating saha lelampahanipun manungsa lumantar paraga kewan. Salajengipun wonten satungal cariyos ingkang nggambaraken sipating saha lelampahanipun manungsa lumantar paraga tetaneman. Ingkang pungkasan wonten 11 cariyos ingkang nggambaraken sipating saha lelampahanipun manungsa lumantar paraga manungsa.

Piwulang ing kempalan cariyos menika ngandharaken lelampahan ingkang kedahipun dipunlampahi dening manungsa. Inggih menika: pasrah, narima, *ikhlas*, jujur, kendel, seneng, eling (*pengendhalian diri*), mituhu kaliyan tiyang sepuh, tanggel jawab, sabar, ngangsu kawruh, *prinsip/ teguh*, cerdas, tumindak kawiwiti niat ingkang sae, amanah, ikhlas, ngupaya daya, wicaksana, tumindak boten pareng remen ngresula, tumindak boten pareng kawiwiti niat ingkang boten sae, tumindak boten pareng sembrana, tresna marang sesami, tetulung, tresna kaliyan anak, bekti kaliyan tiyang sepuh, bekti kaliyan pimpinan, musawarah, tanggel jawab, tresna kaliyan kanca, tresna kaliyan garwanipun, tresna kaliyan rakyat,

tresna kaliyan tiyang sepuh, amanah, wicaksana, ngajeni tiyang sanes, sabar, jujur, seneng, tumindak boten pareng gumedhe, tumindak boten pareng cethil, tumindak boten pareng nyolong, tumindak boten pareng ngapusi, saha tumindak kedah wicaksana.

Piwulang ingkang sampun dipunandharaken kala wau menika saged dipunpanggihi ing salebetipun cariyos. Tuladhanipun wonten ing cariyos nomer satunggal, *Tikus karo Tirem* ingkang nggambaraken lelampahan tikus cilik ingkang kendel saha seneng lelungan mangertosi kahanan ingkang enggal ugi ingkang dereng dimangertosi. Saking bab menika lajeng wonten piwulang ingkang saged dipunandharaken inggih menika "aja nglakoni pagaweyan kang durung kosumurupi laku-lakune yen ora kanthi pituduh lan panuntune wong pinter".

Ing cariyos nomer kalih, *Kuldi Loro* nggambaraken lelampahaning kuldi ingkang amot uyah kaliyan kuldi ingkang amot sepon nalika bendaranipun nembe sare. Kuldi wau nyemplung sendhang saperlu badhe damel seger awakipun nanging luput ing kuldi ingkang amot sepon. Kuldi ingkang amot sepon boten saged mentas amargi sepon sampun teles kebes kenging toya. Saking bab menika ugi dipunandharaken bab piwulang ingkang saged dipunpendhet dados dudutan ingkang sampun kapacak ing cariyos, inggih menika "Aja anelat sabarang pratingkah ing liyan kodurung kosumurupi ali becikke, awit sabarang kang migunani marang wong siji, sok agawe sangsara ing liyan".

Tuladha ingkang salajengipun ing cariyos nomer sanga, *Bapa karo Anake* ingkang nyariyosaken lelampahanipun tiyang desa kaliyan putraipun ingkang badhe nyade kuldinipun dhateng peken. Miturut pamanggihipun tiyang desa, prayoganipun kuldi dipungotong sesarengan supados kuldi menika katingal seger saha rosa nalika dugi ing peken. Ing margi kepanggih kaliyan kuli, wong pinter, pandhita, bocah angon, kaliyan wong wadon tuwa ingkang ngandharaken pamikiripun piyambak-piyambak saha beda-beda gayut kaliyan lelampananipun tiyang desa wau. Tiyang desa kaliyan putranipun menika kanthi manteb ing manahipun, nerusaken lelampahanipun kanthi boten nuruti pamanggihipun tiyang sanes ingkang beda-beda.

Ing ngriki piwulang ingkang kapanggihaken menika gadhah titikan supados saged dipunkelompokaken ing jinising piwulang. Titikan ingkang dipunginakaken menika kadosta:

1. Piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gusti Allah titikanipun menika dipunmangertos saking lelampahan taatipun, patuh saha pasrahipun paraga marang Gusti Allah. Bab menika dipunwiwiti saking ikrar ingkang ngandharaken kapitadosanipun gayut kaliyan Kuasanipun. Saking menika titikan lelampahan saged katingal,amargi kapitadosan menika ingkang njalari lelampahan menika. inggih menika lelampahan ingkang taat saha patuh kaliyan bab ingkang sampun dipuntemtokaken kaliyan Gusti Allah.
2. Piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadi titikanipun inggih menika lelampahan ingkang saged ndadosaken dhiri pribadi menika dados pribadi ingkang sae saha munpangati ing dhiri pribadi saha tiyang sanes.
3. Piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanes titikanipun menika ngandharaken tatakrama ing pasrawungan ingkang ngandharaken tatacara sesrawungan ingkang sae. Dhasaripun menika tumindak ingkang tansah nggatosaken paraga sanes, tansah gadhah niat mbiyantu, tansah nglampahi bab ingkang sae kaliyan tiyang sanes. wosipun menika lelampahan ingkang tansah paring paedah tiyang sanes.

Salajengipun wujudipun piwulang budi pekerti menika kapacak mawi tabel ingkang wonten ing kaca salajengipun

Tabel 3 : Piwulang Budi Pekerti

no.	Jinising Piwulang	Piwulang	Data
1.	Piwulang gayutipun paraga kaliyan Gusti Allah	pasrah	3.1
			21.1
		narima	3.2
			5.2
		ikhlas	19.3
		jujur	23.3
			23.4
2.	Piwulang gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadi-nipun	kendel	1.1
		seneng	1.1
			2.1
			23.4
		eling (pengendalian dhiri)	2.3
		narima	3.2
			5.2
		mituhu marang pangandikanipun tiyang sepuh	3.3
		tanggel jawab	6.1
			23.3
		sabar	6.1
		ngangsu kawruh	8.2
		prinsip / teguh	9.2
		cerdas	10.1
			17.1
			17.2
			18.2
		tumindak kawiwiti niat ingkang sae	13.1
		amanah	19.2
		ikhlas	19.3
		budidaya	20.1
		wicaksana	21.2
		jujur	23.4
		tumindak boten pareng remen ngresula	2.2
		tumindak kawiwiti niat ingkang boten sae	12.3
		tumindak boten pareng sembrana	18.3

Lajengipun Tabel 3

no.	Jinising Piwulang	Piwulang	Data
3.	Piwulang gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun	tresna kaliyan sesami	1.2
			2.3
			3.5
			4.2
			5.2
			6.2
			7.2
			9.3
			10.2
			11.2
			13.2
			20.2.
		tetulung	2.2
			6.1
			10.1
			12.2
			15.1
			15.2
			16.1
		tresna marang anak	3.1
			13.3
			21.1
		bekti marang tiyang sepuh	3.2
			9.1
			19.2
		bekti marang pimpinan	4.1
			18.1
			19.1
		musawarah	4.1
		tanggel jawab	4.1
			6.1
			23.3.
		tresna marang kanca	13.1
			13.3
		tresna marang garwanipun	23.6
		tresna marang rakyat	14.2
		tresna marang tiyang sepuh	14.1
			21.2
			23.1
		amanah	15.2

Lajengipun Tabel 3

no.	Jinising Piwulang	Piwulang	Data
			19.2
		wicaksana	16.2
			18.1
			23.2
		ngajeni tiyang sanes	19.3
		sabar	22.1
		jujur	23.3
			23.4
		seneng	23.4
		tumindak boten pareng gumedhe	5.1
			7.1
			8.1
		tumindak boten pareng cethil	12.1
		tumindak boten pareng nyolong	3.4
			12.3
		tumindak boten pareng ngapusi	11.1
			16.1
			18.3
			22.2
		Tumindak kedah wicaksana	23.5

Saking *tabel* ingkang sampun dipunandharaken ing inggil menika, wonten saperangan pethilan piwulang ingkang saged kaandharaken malih kanthi tliti malih, piwulang budi pekerti ing inggil menika awujud tuladha tumindhak ingkang dipunlampahi.

1. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Tikus karo Tirem* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* seneng saha kendel. Salajengipun ugi wonten perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna kaliyan sesami.

2. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Kuldi Loro* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* seneng, tumindak boten pareng remen ngresula, saha *pengendhalian dhiri.* Salajengipun ugi wonten perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tetulung saha tresna kaliyan sesami.
3. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Tikus Cilik* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* pasrah. Salajengipun wonten perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* narima, mituhu marang tiyang sepuh, tumindak boten pareng nyolong, saha tresna kaliyan sesami. Salajengipun ugi wonten saperangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna marang anak saha bekti marang tiyang sepuh.
4. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Kewan Papat* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* musawarah, bekti marang pimpinan, tanggel jawab, saha tresna kaliyan sesami.
5. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Jarane Loro* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* narima. Salajengipun wonten saperangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* narima. Salajengipun ugi wonten saperangan

piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tumindak boten pareng umuk/gumedhe.

6. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Kuldi karo Asu* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tanggel jawab saha sabar. Salajengipun ugi wonten saperangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna kaliyan sesami, tetulung, saha tanggel jawab.
7. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Wit Waringin karo Wit Pari* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna kaliyan sesami saha tumindak boten pareng gumedhe.
8. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Wong Sugih karo Wong Miskin* kaserat perangan piwulang ingkang gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadhinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* ngangsu kawruh. Salajengipun ugi wonten saperangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tumindak boten pareng gumedhe.
9. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Bapa karo Anake* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* prinsip / teguh. Salajengipu wonten piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna kaliyan sesami saha bekti marang tiyang sepuh.
10. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Tikus Loro* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun ingkang

kaandharaken ing *nilai cerdas*. Salajengipun wonten piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna kaliyan sesami saha tetulung.

11. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Pangon karo Wong Desa* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna kaliyan sesami saha tumindak boten pareng ghoroh/ngapusi.
12. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Apus ing Apusan* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tumindak boten pareng nyolong saha tumindak boten pareng gadhah niat boten sae, Salajengipun wonten piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tetulung, tumindak boten pareng cethil, saha tumindak boten pareng nyolong.
13. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Mitra Loro* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tumindak kawiwiti niat ingkang sae. Salajengipun wonten piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna kaliyan sesami, tresna marang anak, saha tresna marang kanca.
14. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Bocah kang Tresna ing Biyunge* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna marang tiyang sepuh saha tresna marang rakyat.

15. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Jaran kang Tuwa* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tetulung saha amanah.
16. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Brahmana karo Macan* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tetulung, tumindak boten pareng ngapusi, saha wicaksana.
17. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Bocah Mursid* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadhinipun ingkang kaandharaken ing *nilai cerdas*.
18. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Utusane* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadhinipun ingkang kaandharaken ing *nilai cerdas* saha tumindak boten pareng sembrana. Salajengipun wonten piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tumindak boten pareng ngapusi saha wicaksana.
19. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Pangulu* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* ikhlas. Salajengipun wonten saperangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadhinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* amanah saha ikhlas. Salajengipun wonten piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* bekti marang tiyang sepuh, bekti marang pimpinan, amanah, saha ngajeni tiyang sanes.

20. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Asu Ajag karo Baya* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadhinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* ngupa daya. Salajengipun wonten piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna kaliyan sesami.
21. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Jejaka Loro* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* pasrah. Salajengipun wonten saperangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadhinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* wicaksana. Salajengipun wonten piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tresna marang anak saha tresna marang tiyang sepuh.
22. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Wong Bodho Tatelu* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tumindak boten pareng ngapusi saha sabar.
23. Ing cariyos ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Garwanipun* kaserat perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadhinipun ingkang kaandharaken ing *nilai* seneng, tanggel jawab, saha jujur. Salajengipun wonten piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun ingkang kaandharaken ing *nilai* tanggel jawab, tresna marang garwanipun, tresna marang tiyang sepuh, wicaksana, jujur, seneng, saha tumindak kedah wicaksana.

ingkang kaandharaken ing inggil menika taksih perangan babagan dudutan saben cariyos ingkang kaperang ing sub bab cariyos. Salajengipun perangan

piwulang ing salebeting cariyos kaandharaken malih wonten ing pirembagan.

B. Pirembaganipun

1. Gayutipun Paraga kaliyan Gusti Allah

Piwulang Budi Pekerti ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gusti Allah menika nggambaraken lelampahan manungsa ingkangtansah gayut kaliyan Gusti Allah. Piwulang menika nggambaraken bilih wonten kapitadosan paraga kaliyan wontenipun Gusti Allah.

Ing pagesangan menika, manungsa tansah boten saged dipunpisah saking bab gayut kaliyan Gustinipun. Menapa kemawon lelampahaning manungsa menika tansah gayut kaliyan bab sae saha awon. Saking sae saha awon menika tansah gayut kaliyan tumindak ingkang dipunremeni saha ingkang boten dipunremeni Dening Gusti Allah. Paraga tansah nglampahi menapa ingkang dipundadosaken *perintah*-Ipun saha boten nglanggar *larangan*-Ipun.

1. Pasrah

Pasrah menika lelampahan ingkang sampun narima menapa ingkang dados karsanipun Gusti Allah. Piwulang menika ngandharaken bilih paraga tansah sinaosa masrahaken sadaya ingkang gayut kaliyan pagesangan dhateng Gusti Allah. Dadosipun piwulang menika kalebet ing piwulang moral, amargi mulangaken bab ingkang sae.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus Cilik* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> ”**ana tikus wirog kang wis ngarepake mati, acalathu marang anak'e**, tembunge : **e, anakku, sakiki aku arep titekakake ing janji, rungokna pituturku**”.

Ing konteks pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wonten tikus wirog ingkang tuwa sampun badhe mati paring pitutur dhateng anakipun. Tikus wirog menika ngendika bilih tikus tuwa sampun wancinipun mati lajeng ngandharaken supados anakipun nggatosaken pituturipun menika.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika, perangan ingkang ngandharaken piwulang bab pasrah menika kapacak ing ukara “**sakiki aku arep titekakake ing janji**”. Tikus wirog mangertos bilih sampun dugi titiwancinipun nyawanipun menika dipunpundhut wangsul.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jejaka Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> “**osik ing atine : ing tembe yen aku tinekake ing janji**, omah lan pasawahan iki kabeh kaduwe ing anakku loro, iya ora wurung mung padu dina-dina, mula becik dak agawe layang wasiyat, barang-barangku kabeh lan pasawahan mung daklilaake marang salah sawijining anakku kang tresna marang ing aku”.

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina ing nagari arab wonten tiyang ingkang sugih ingkang jejuluk Abdulah. Abdulah gadhah putra kalih ingkang saben dinten menika tansah padudon. Saking bab menika abdulah boten tentrem ing manahipun.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih abdulah amikir menawi mbesuk menawi sampun titi wancinipun raja brana menika badhe kapasrahaken ing anakipun. Menawi makaten pamanggihipun abdulah anakipun mangkih tansah padu rerebutan bandha. Awit saking menika abdulah damel

wasiyat ingkang ngandharaken bilih ingkang pantes anampi warisan menika namung anak ingkang tresna marang abdulah.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab pasrah menika kapacak ing ukara "**osik ing atine : ing tembe yen aku tinekake ing janji**". Ukara menika sampun ngandharaken bilih abdulah percados bakal wonten titiwancinipun katimbalan wangsul ing ngarsanipun Gusti ingkang Maha Agung.

2. Narima

Narima menika beda kaliyan pasrah, narima kaandharaken minangka kahanan nrima menapa ingkang dipunparingaken dening Gusti Allah. Dadosipun piwulang menika ugi mulangaken bab ingkang sae, saengga kalebet ing piwulang moral.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus Cilik* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane, **sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tikus cilik ingkang dipuntilar donya dening bapakipun. Saderengipun mati, bapakipun tikus cilik menika paring pitutur marang tikus cilik. Isinipun pitutur menika supados tikus cilik mangertosi bab pangganan ingkang rasanipun langkung enak tinimbang simpenan panganan ingkang dipunkempalaken dening bapakipun tikus cilik. Panganan ingkang enak menika saged damel cilaka marang bangsanipun menika.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih tikus cilik menika mituhu kaliyan pitutur ingkang dipunandharaken bapakipun. Tikus cilik lajeng namung mangan panganan ingkang dados simpenan bapakipun. Saben dinten tikus cilik namung mangan wos saha gandum.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab narima nalika tikus cilik namung mangan panganan ingkang dados simpenanipun tiyang sepuhipun, inggih menika wos saha gandum. Tikus cilik boten pados panganan sanesipun sanadyan wonten panganan ingkang langkung enak saha gurih. Bab menika kados ingkang kaserat ing ukara candhakipun "Nalika lumaku adengnang iwak gorengan sairis kang ambune gurih, tikus uga kelingan wewekasing wong tuwane, dadi ora gengna nyedaki".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jarane Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

"**iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake**"

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten jaran kekalih mlaku sesarengan. Jaran ingkang satunggal momot beras, kamangka jaran ingkang satunggal malih momot dhuwit ingkang cacahipun mapinten-pinten ewu rupiah. Dumadakan wonten begal ingkang ngincer momotan jaran menika.

Jaran ingkang momotanipun beras diuculake nanging jarang ingkang momotanipun arta mapinten-pinten ewu rupiyah menika dipungebugi lajeng momotanipun dipunpendhet dhening para begal. Salajengipun jaran wau nembe dipunuculake.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih pethilan menika pitutur kangge dhiri. Kados ingkang kapacak ing ukara salajengipun

> "Bareng wus ucul lumayu sarosane nututi kancane, nuturake kasusahane. Jaran kang momot beras acalathu : ki sanak, apa kowe durung nate krungu paribasan : saben ana gula amasthi ana semut. Tegese : dhuwit kang kogawa yaiku gulane, begal semute, reh ning iku aku mung gawa beras mulane ora dipilara dening begal"

Ing pirembagan menika ingkang ngandharaken piwulang bab narima menika kapacak ing ukara "iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake". Saking ukara menika tansah dipunmangertosi piwulang supados syukur marang kahanan ingkang dipunparingaken Dening Gusti ingkang Maha Agung.

3. Ikhlas

Ikhlas utawi lila menika saged dipunmangertosi minangka kahanan tiyang ingkang suka paring bab menapa mawon dhateng tiyang sanes. Ing Poerwadarminta (1939:174) dipunandharaken bilih lila menika kahanan ingkang sampun nrima sarta lega ing manahipun. Ing ngriki piwulang ikhlas menika mulangaken kanthi sarana conto pagesangan. Dadosipun saged kalebet ing piwulang moral.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Pangulu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> **"**Sang Prabu angandika : iki luwih abot, ingsun ora kelar. Ature pangulu : Gusti, siti sakarung kemawon langkung awrat, saiba awratipun siti pinten-pinten ewu karung ingkang sampun panjenengan dalem pundhut kanthi wasesa punika. **Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih,**

omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar".

ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina wonten ratu ingkang badhe damel kraton ingkang amba. Ratu menika banjur badhe mundhut omah sapomahan ingkang wonten ing sacedhakipun kraton. Omah menika dipungantos arta cacahipun satunggalatus dinar. Lajeng wonten satunggal tiyang ingkang amangsuli utusan sang ratu.

Amargi omah sapomahan ingkang dados gadhahipun tiyang menika warisan saking bapakipun ingkang dhawuh supados sampun ngantos omah menika dipunsade. Pamanggihipun tiyang menika supados ngestoaken dhawuhipun bapak nanging tiyang menika dipunpeksa kesah griya. Ing margi tiyang menika kepanggih kaluyan panggulu ingkang badhe anulungi tiyang menika. salajengipun pangulu menika seba dhateng kadhaton sowan ratunipun kanthi gadhah parlu ngandharaken bab ingkang dados pamanggihipun.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sang ratu sambat lajeng panggulu suka pitutur bab lelampahanipun sang ratu ingkang kirang sae. Sang ratu ingkang mireng menapa ingkang dados pamanggihipun panggulu ngraosaken rasa ingkang boten kapenak. Sang ratu banjur ngewangsulaken menapa ingkang sampun dipun pundhut menika dhateng tiyang ingkang gadhah saderengipun, lajeng ugi paring arta ingkang cacahipun satunggalatus dinar.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab ikhlas menika kapacak ing ukara "**Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih, omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar**". Ing ukara menika cetha anggenipun

dipunadharaken bilih sang ratu menika ikhlas anggenipun ngewangsulaken menapa ingkang sampun dipunpundhut menika. sang ratu ugi anambahi arta ingkang cacahipun satunggalatus dinar kanthi dados panggantos lepatipun tumindak saking sang ratu.

4. Jujur

jujur menika saged dipunmangertosi bilih kahanan ingkang ngandharaken bab menapa wontenipun. Matur saha nglampahi tumindak kanthi menapa wontenipun. Ing ngriki jujur kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gusti Allah amargi jujur menika lelampahan ingkang dipunremeni kaliyan Gusti Allah. Salajengipun jujur kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken moral amargi jujur menika lelampahan ingkang sae.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : **endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu**, becik dak aturake".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Sang Prabu anampani karo suka, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : **Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang miskin ingkang rerebugan kaliyan anak wadonipun supados nyuwun pasawahan marang sang ratu ing nagari ngriku supados sageda dados pangupa jiwa. Panyuwun menika dipunkabulaken sang ratu, lajeng lemah pasawahan menika dipungarap dening tiyang miskin. Wanci panggarapipun menika meh tutug tiyang miskin menika amanggihaken lumpang emas ingkang kependhem ing njero lemah. Pamanggihipun tiyang miskin menika supados amangsulaken lumpang emas menika dhateng sang ratu awit ingkang dipunparingaken sang ratu menika namung lemah pasawahan boten sanesipun.

Saking pethilang cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sang prabu menika sumringah anampani lumpang emas menika, ananging sang ratu taksih andangu bilih menapa tiyang miskin menika boten anemu sanesipun. Ing pethilan cariyos menika tiyang miskin amangsuli bilih namung lumpang ingkang dipunpanggihaken.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab jujur menika kapacak ing ukaranipun tiyang miskin "**Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih**". ukara menika saged ngandharaken piwulang bab jujur amargi saking kontek cariyos saderengipun menika sampun dipunandharaken bilih namung lumpang ingkang dipunpanggihaken. Bab menika kapacak ing ukara "sanalika pasawahan dibubak arep tinanduran pari, bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake".

2. Gayutipun Paraga kaliyan Dhiri Pribadinipun

Piwulang budi pekerti ingkang ngandharaken gegayutaning paraga kaliyan dhiri pribadi menika ngandharaken menapa mawon lelampahan ingkang wonten ing dhriri paraga. Piwulang ing ngriki ngandharaken wujudipun cara paraga ngatur hawa nepsunipun.

1. Kendel

Kendel utawi wani miturut Poerwadarminta (1939:655) dipunandharaken minangka rasa ingkang boten jirih. Piwulang bab menika gadhah ancas supados dados pasinaon minangka lelampahan ing donya tansah gadhah rasa kendel. Purun anyandhak menapa ingkang dereng natos dipunlampahi, ananging tansah kanthi pituduhipun tiyang ingkang sampun mangertos bab menika.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus karo Tirem* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**prayoga aku metu saka panggonan iki**, arenggar-renggar pikir sarana adenang tontonan, **karepe kang mangkono dijurungi, anuli metu saka ngeronge**, ana ing jaba bungah sarta gumun adenang kahanan warna warnakang durung tau disumurupi"

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten paraga tikus cilik ingkang dipuntilar donya dening tiyang sepuhipun. Tikus cilik menika saderengipun boten natos seba ing papan sanesipun kajawi ing ngerong kemawon.

Saking pethilan cariyos ing inggil nalika tuwuh pamikiripun tikus cilik supados medal saking ngerong, tikus cilik menika banjur ngawujudaken pamanggih kepingin mangertosi kahanan ingkang wonten ing njaba ngerong

menika. Salajengipun tikus cilik menika medal saking ngerongipun. Nalika sampun ing njabaning rong, tikus cilik menika gumun mangertosi kahanan ingkang dereng natos dipunsumurupi ing lebeting rong.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang kendel menika nalika tikus cilik osik ing atine lajeng tuwuh pamikiripun "**prayoga aku metu saka panggonan iki"**. Saking pamanggih menika lajeng dipunwujudaken dening tikus cilik ingkang kapacak ing ukara "**karepe kang mangkono dijurungi, anuli metu saka ngeronge**,**"**. Dipunwastani kendel menika amargi tikus cilik menika dereng natos sumurup bab ingkang badhe dipunlampahi ananging tikus cilik menika gadhah tekad ngawujudaken pamanggihipun utawi tekadipun menika.

2. Seneng

Seneng utawi suka menika miturut Poerwadarminta (1939:571) dipunandharaken minangka rasa bungah. Kahanan ingkang damel manah menika lega. Ing ngriki piwulang seneng menika gadhah ancas supados ngemutaken marang pamaos bilih damel rasa seneng menika kathah caranipun. Salajengipun menawi saged damel tiyang sanes menika ngraosaken rasa seneng, menika kalebet lelampahan ingkang sae.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus karo Tirem* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "prayoga aku metu saka panggonan iki, arenggar-renggar pikir sarana adenang tontonan, karepe kang mangkono dijurungi, anuli metu saka ngeronge, **ana ing jaba bungah sarta gumun adenang kahanan warna warnakang durung tau disumurupi**"

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten paraga tikus cilik ingkang dipuntilar donya dening tiyang sepuhipun. Tikus cilik menika saderengipun boten natos seba ing papan sanesipun kajawi ing ngerong kemawon.

saking pethilan cariyos ing inggil menika wonten kakendelan tikus cilik medal saking ngerongipun. Kepenginan tikus cilik mangertosi kahanan ingkang wonten ing njabaning rongipun menika anjalari rasa seneng utawi bungah amargi menapa ingkang wonten ing njabaning rong menika ndadosaken rasa gumuning tikus. Tikus cilik gumun marang kahanan maneka warni ingkang dereng natos dipunsumurupi.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang seneng menika nalika tikus cilik mangertosi kahanan ing njabaning rongipun ingkang dereng natos-natosipun dipunsumurupi ing salebeting rongipun. Bab menika kapacak ing ukara "**ana ing jaba bungah sarta gumun adenang kahanan warna warnakang durung tau disumurupi**". Dipunwastani seneng utawi bungah amargi tikus cilik menika ngraosaken manggihi perangan ingkang dereng natos dipunsumurupi saderengipun.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kuldi Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "ki sudagar ngantuk ora suwe turu. "**kuldi sakarone weruh bendarane turu banget bungahe**, tumuli padha saba sakareppe dhewe-dhewe golek pangan"

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten sudagar ingkang badhe lelungan dhateng kitha sanesipun. Sudagar menika gadhah ingah-ingah kuldi cacahipun wonten kalih ingkang dipunmomoti daganganipun. Kuldi ingkang satunggal dipunmomoti sepon lajeng ingkang satunggalipun dipunmomoti uyah. Ing wanci luhur, Ki sudaga leren angaup ing ngisoring wit waringin.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih kuldi kekalih menika mangertosi menawi ki sudagar bendaranipun menika angler anggenipun sare. Kuldi kekalih menika seneng nedya seba pados pangan piyambak-piyambak anuruti kekarepanipun menika.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang seneng menika nalika kuldi kekalih mangertosi bilih bendaranipun sare sangisoring wit waringin. Bab menika kapacak ing ukara "**kuldi sakarone weruh bendarane turu banget bungahe**". Dipunwastani seneng amargi ing cuplikan menika kuldi kekalih saged pados pangan nalika bendaranipun sare.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**Sang Prabu anampani karo suka,** pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih".

Ing konteks saderengipun,dipuncariyosaken bilih wonten tiyang ingkang miskin ingkang sowan ing ngarsanipun sang ratu. Sowanipun tiyang miskin menika badhe nyuwun pasawahan kangge pangupajiwa. Panyuwunipun tiyang miskin menika dipunkabulaken dening sang ratu. Nalika tiyang miskin menika

anggarap sawah, tiyang miskin anemu lumpang saking emas. Tiyang miskin wau gadhah niat badhe masrahaken lumpang emas marang sang ratu.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih sang ratu ngraos rasa suka anampani lumpang emas menika. Sang ratu ugi taksih nyuwun pirsa malih bab menapa malih ingkang dipunpanggiaken dening tiyang miskin menika. salajengipun tiyang miskin menika amangsuli bilih piyambakipun boten manggihi menapa ingkang dipundadoaken kareping sang ratu.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang seneng menika nalika sang ratu anampani lumpang emas ingkang dipunaturaken dening tiyang miskin dhateng sang ratu. Bab menika kapacak ing ukara "**Sang Prabu anampani karo suka**". Sang ratu ngraos rasa suka utawi seneng menika jalaran pikantuk barang ingkang boten dipunkinten dening sang ratu bakal dipuntampani.

3. Eling

Eling miturut Poerwadarminta (1939:114) dipunandharaken minangka kahanan ingkang ora lali. Teges ingkang sanesipun menika ngrumangsani. Rumangsa utawi ora lali marang kahananipun piyambak.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kuldi Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "aja anelat sabarang pratingkah ing liyan kodurung kosumurupi ala becikke, awit sabarang kang migunani marang wong siji, sok agawe sangsara ing liyan".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten kudi kalih ingkang momot barang dagangan. Kuldi satunggal momot uyah kamangka kuldi ingkang satunggal malih momot sepon. Nalika hawanipun nembe sumuk, kuldi ingkang momot uyah adus njebur ing sendang. Nalika mentas momotanipun menika dipunraosaken dados enthenga, amargi uyah momotanipun menika ajur kenging toya.

Bab menika dipuncariyosaken marang kuldi ingkang momot sepon. Kuldi ingkang momot sepon menika enggal-enggal anyemplung ing sendhang. Nalika badhe mentas, kuldi ingkang momot sepon menika kangelan amargi momotanipun dipunraosaken saya awrat.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih menika pethilan pitutur kangge pamaos. Pitutur supados sampun nglampahi lelampahan ingkang dereng dipunmangertosi paedahipun. Amargi dereng temtu bab ingkang dipunraos paring paedah kangge tiyang satunggal menika ugi saged paring paedah tumrap tiyang sanesipun.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab eling nalika kita kedah ngrumangsani menapa ingkang dados kahananipun piyembak. Saking ukara ingkang kapacak “awit sabarang kang migunani marang wong siji, sok agawe sangsara ing liyan” sampun negesaken bilih kasagedan saha kahanan tiyang satunggal kaliyan sanesipun menika beda-beda.

4. Narima

Narima miturut Poerwadarminta (1939:339) menika narimah utawi nrima. Saking konteksipun, nrima menika narimah menapa wontenipun. Narimah

menapa ingkang sampun dipunparingaken (nrima ing pandum). Nrima menika kahanan ingkang boten nyuwun bab ingkang langkung malih.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus Cilik* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane, **sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tikus cilik ingkang dipuntilar donya dening bapakipun. Saderengipun mati, bapakipun tikus cilik menika paring pitutur marang tikus cilik. Isinipun pitutur menika supados tikus cilik mangertosi bab pangganan ingkang rasanipun langkung enak tinimbang simpenan panganan ingkang dipunkempalaken dening bapakipun tikus cilik. Panganan ingkang enak menika saged damel cilaka marang bangsanipun menika.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih tikus cilik menika mituhu kaliyan pitutur ingkang dipunandharaken bapakipun. Tikus cilik lajeng namung mangan panganan ingkang dados simpenan bapakipun. Saben dinten tikus cilik namung mangan wos saha gandum.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab narima nalika tikus cilik namung mangan panganan ingkang dados simpenanipun tiyang sepuhipun, inggih menika wos saha gandum. Tikus cilik boten pados panganan sanesipun sanadyan wonten panganan ingkang langkung enak saha gurih. Bab menika kados ingkang kaserat ing ukara candhakipun "Nalika lumaku adengnang iwak gorengan sairis kang ambune gurih, tikus uga kelingan wewekasing wong tuwane, dadi ora gengna nyedaki".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jarane Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

"**iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake**"

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten jaran kekalih mlaku sesarengan. Jaran ingkang satunggal momot beras, kamangka jaran ingkang satunggal malih momot dhuwit ingkang cacahipun mapinten-pinten ewu rupiah. Dumadakan wonten begal ingkang ngincer momotan jaran menika.

Jarang ingkang momotanipun beras diuculake nanging jarang ingkang momotanipun arta mapinten-pinten ewu rupiyah menika dipungebugi lajeng momotanipun dipunpendhet dhening para begal. Salajengipun jaran wau nembe dipunuculake.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih pethilan menika pitutur kangge dhiri. Kados ingkang kapacak ing ukara salajengipun

> "Bareng wus ucul lumayu sarosane nututi kancane, nuturake kasusahane. Jaran kang momot beras acalathu : ki sanak, apa kowe durung nate krungu paribasan : saben ana gula amasthi ana semut. Tegese : dhuwit kang kogawa yaiku gulane, begal semute, reh ning iku aku mung gawa beras mulane ora dipilara dening begal"

Ing pirembagan menika ingkang ngandharaken piwulang bab narima menika kapacak ing ukara "iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake". Saking ukara menika tansah dipunmangertosi piwulang supados syukur marang kahanan ingkang dipunparingaken Dening Gusti ingkang Maha Agung.

5. Mituhu marang Pangandikanipun Tiyang Sepuh

Mituhu menika saged dipuntegesi minangka kahanan ingkang mantep. Mituhu marang pangandikanipun tiyang sepuh saged dipunmangertosi bilih mantep marang menapa ingkang dipunwelingaken tiyang sepuh marang anak.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus Cilik* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika

> "Nalika lumaku adengnang iwak gorengan sairis kang ambune gurih, **tikus uga kelingan wewekasing wong tuwane**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken wonten tikus cilik ingkang dipuntilar donya dening bapakipun. Saderengipun mati, bapakipun tikus cilik menika paring pitutur marang tikus cilik. Isinipun pitutur menika supados tikus cilik mangertosi bab pangganan ingkang rasanipun langkung enak tinimbang simpenan panganan ingkang dipunkempalaken dening bapakipun tikus cilik. Panganan ingkang enak menika saged damel cilaka marang bangsanipun menika.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih tikus cilik menika mboten kagodha kaliyan panganan angganda gurih. Tikus cilik menika mantep anggenipun nyepeng wasiat bapakipun. Tikus cilik kemutan nalika bapakipun menika paring pituduh bab menika.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab mituhu marang pangandikanipun tiyang sepuh menika kapacak ing ukara "**tikus uga kelingan wewekasing wong tuwane**". Bab menika negesaken bilih tikus boten pengen nglanggat menapa ingkang dipunpituduhaken bapakipun menika.

6. Tanggel Jawab

Tanggel jawab menika ateges lelampahanipun tiyang ingkang tansah ngugemi sadaya ingkang sampun dados wajibipun. Tanggel jawab kalebet ing perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadi menika amargi tanggel jawab menika nggambaraken pribadinipun paraga piyambak.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kuldi karo Asu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae. **"kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang ingkang badhe lelungan mbekta kuldi saha asu. Kuldi menika dipunmomoti barang ugi panganan sangu lelungan. Sasampunipun jangkep menapa ingkang dipunbekta, lajeng bidhal anggenipun lelungan. Sasampunipun setengah dinten tiyang menika ngaso ing sangandhapipun wit waringin lajeng tilem.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika, kacariyosaken bilih asu sampun boten kuwawa nandang rasa luwe banjur anyedhaki kuldi ingkang mbekta sangu panganan bendaranipun. Asu nyuwun supados kuldi purun paring panganan ananging kuldi menika boten purun amargi menika sangu bendaranipun. Kuldi

calathu bilih supados asu sabar ngentosi bendaranipun wungu. Samangkih amasthi dipunparingi panganan.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tanggel jawab menika kapacak ing ukara "**kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi**". sababipun menika kuldi dipunpercados bendaranipun bekta momotan sangu panganan ugi barang. Prayoganipun menawi sampun dipunpercados menika kedahipun boten nguciwaaken sinten ingkang sampun paring amanah menika.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, **dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake**"

Ing konteks saderengipun kacariyosaken bilih wonten tiyang ingkang miskin ingkang gadhah anak wadon nyuwun lemah pasawahan dhateng ratu ing nagarinipun. Tiyang miskin menika dipunparingi lemah pasawahan amargi tiyang miskin menika temen anggenipun matur satemenipun bilih boten gadhah menapa-menapa malih. Salajengipun tiyang miskin menika mbubak lemah pasawahan badhe dipunsebar pari. Nanging anggenipun nggarap menika taksih kirang sekedhik, tiyang miskin anemu lumpang emas.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika, kaandharaken bilih tiyang miskin anemu lumpang emas. Salajengipun calathu marang anakipun bilih samenika anemu lumpang emas lajeng ngandharaken pemanggihipun bilih

ingkang dipun paringaken sang ratu namung lemah pasawahan, dados isinipun taksih kagunganipun sang ratu. Salajengipun tuwuh pamanggih bilih tiyang miskin menika wajib ngaturaken lumpang emas menika dhateng ratunipun.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang tanggung jawab menika kapacak ing ukara "**dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake**". Ing ukara kasebut cetha ngandharaken bilih tiyang miskin tanggel jawab gaturaken lumpang menika dhateng ratunipun.

7. Sabar

Sabar menika lelampahan ingkang ngandharakenbilih nandang damel menika kedahipun boten gampil nesu, tansah boten grusa-grusu utawi sareh. Ing ngriki piwulang sabar kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadi dipunjalari saking dhiri pribadi menika kedah nglampahi bab menapa kemawon kanthi sabar. Sabar menika miturut Poerwadarminta (1939:536) dipunandharaken minangka kahanan sareh anggenipun nandang pangarep-arep. Ing pirembagan menika piwulang bab sabar dipunkajengaken saged paring tuladha lelampahanipun.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kuldi karo Asu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae. **kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni**

sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang ingkang badhe lelungan mbekta kuldi saha asu. Kuldi menika dipunmomoti barang ugi panganan sangu lelungan. Sasampunipun jangkep menapa ingkang dipunbekta, lajeng bidhal anggenipun lelungan. Sasampunipun setengah dinten tiyang menika ngaso ing sangandhapipun wit waringin lajeng tilem.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika, kacariyosaken bilih asu sampun boten kuwawa nandang rasa luwe banjur anyedhaki kuldi ingkang mbekta sangu panganan bendaranipun. Asu nyuwun supados kuldi purun paring panganan ananging kuldi menika boten purun amargi menika sangu bendaranipun. Kuldi calathu bilih supados asu sabar ngentosi bendaranipun wungu. Samangkih amasthi dipunparingi panganan.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab sabar menika kapacak ing ukara **kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket.** Ing ukara menika kuldi calathu marang asu supados asu saged sabar nengga bendaranipun menika wungu.

8. Ngangsu Kawruh

Ngangsu kawruh menika lelampahan paraga ingkang purun mangertosi bab enggal ingkang sae, saha migunani tumraping paraga. Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Wong Sugih karo Wong Miskin* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "nalika samana wong gemblung tetela ing sumurupe, yen kasugihan iku ora langgeng, mung kagunan kang langgeng salawase ana ing donya"

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang ingkang sugih kaliyan miskin. Tiyang miskin menika nyambut damel dados dhukun ingkang pinter saha sampun kondhang kaloka sanagara. Dene tiyang ingkang sugih menika namung nganggur boten gadhah kapinteran saha kasagedan. Tiyang ingkang sugih menika gumedhe marang tiyang miskin bilih langkung mulya kasugihan tinimbang kasagedan.

Boten dangu anggenipun ngucap tetembungan menika, nagari ingkang dados papan gesangipun menika dipunjinarah dening mungsuh. Menapa mawon ingkang wonten ing nagari menika dipunobong. Dadosipun sedaya boten gadhah banda menapa-napa.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih menika perangan pitutur ingkang tuladhanipun sampun kapacak ing ukara "sapunika kadospundi reka daya sampeyan angupados pangupa jiwa, amargi salami laminipun sampeyan mboten nate nyambut damel, nanging kula sanadyan barang kula jinarah ing mengsah, griya kula kula katut kabesmi, meksa taksih saget gampil ingsal pagesangan. Awit sampun misuwur sanagari kula saget anjampeni sawarnining sesakit".

Menika piwulang kangge tiyang sugih ingkang sampun gadhah pamanggih kirang leres bab kasagedan saha kasugihan. Bab menika kapacak ing ukara "kisanak, punapa paedahipun kagunan sampeyan, sanadyan nyambut damel tanpa kendel; mangka kula punika namung nganggur, para pangageng sanagari prasasat dados mitra kula sadaya, kerep dhateng griya kula, dados menawi makaten langkung luhur kasugihan tinimbang kaliyan kasagedan".

9. Prinsip / Teguh

Miturut poerwadarminta (1969:699) teguh menika ateges kukuh. Ing ngriki saged dipunandharaken bilih kahanan ingkang nggambaraken tekading dhiri gayut kaliyan kapitadosanipun pribadi.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Bapa karo Anake* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "wong desa krungu calathuning bocah angon, karo anak'e nuli mudun kuldine tinuntun genti genti. Ora antara suwe kapethuk karo wong wadon tuwa anggendhong kayu rencek, acalathu: aneh banget kuldi mung tinuntun, mangka iku tutunggangan kang prayoga, larak bakal sayah. Wong desa kaku atine acalathu marang anak'e : thole, sakiki wus tetela , **parlu apa anuruti calathuning wong akeh, awit seje seje kakarepane**",

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten wong desa kaliyan putranipun badhe sade kuldi ing pasar. Pamanggihipun wong desa kuldi menika dipungotong sesarengan supados mangkih menawi sampun dugi pasar, kuldi menika katon rosa. Ing tengah margi wong desa kepanggih kaliyan kuli, wong pinter, pandhita, bocah angon, ingkang omongan saha pamanggihipun menika beda-beda.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih nalika wonten wong wadon tuwa ingkang ngandharaken pamanggihipun, wong desa menika mikir saha tuwuh pamanggihipun piyambak bilih lelampahan ing donya menika kedah gadhah pamikiran ingkang cetha saha ingkang kiyat dhasaripun. Bab menika kapacak ing ukara "**parlu apa anuruti calathuning wong akeh,**

awit seje seje kakarepane". Menika ngandharaken piwulang prelunipun manungsa gadhah prinsip anggonipun lelampahan ing pagesangan menika. supados boten gampang dipunblusukaken dening tiyang sanes.

10. *Cerdas*

Cerdas menika lelampahan ingkang tansah gadhah cara supados saged ngrampungaken prekawis ingkang wonten. Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "tikus kang siji metu akale, calathune: **kisanak kowe mlumaha, endhog iku rangkulen ing sikilmu papat kang kukuh, buntutmu dakgerede. Sijine mituruti banjur mlumah, endhog rinangkul ing sikil papat, buntute digered ing kancane.** Kalawan akal kang mangkono tikus kalakon karepe amangan endhog",

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tikus kakalih medal saking ngerongipun badhe medal pados panganan. Anggenipun rekadaya pados panganan anemu endhog. Nalika nembe ngrikiti cangkoking endhog, wonten kucing dumadakan njedhul ing sacedhaking papan menika. tikus kakalih menika bingung kangelan nggondhol endhok suwau.

Saking pethilan ing inggil menika dipuncariyosaken tikus ingkang satunggal gadhah pamikir supados tikus sanesipun menika anuruti menapa ingkang dipunandharaken menika. tikus ingkang satunggal menika dipunsuwun mlumah, lajeng endhog dipunrangkul banjur buntutipun dipungered marang tikus sanesipun. Saking pamanggih menika tikus kekalih keturutan anggenipun amangan endhog.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab *cerdas* ing ngriki kapacak ing ukara "**kisanak kowe mlumaha, endhog iku rangkulen ing sikilmu papat kang kukuh, buntutmu dakgerede. Sijine mituruti banjur mlumah, endhog rinangkul ing sikil papat, buntute digered ing kancane**". Saking ukara menika dipunwulangaken prayoga ngginakaken pamikir saha akal anggenipun rekadaya angatasi perkawis.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Bocah Mursid* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "pira kehe banyu sagara. Ature bocah mursid : Gusti Nata papundhen kawula, punika prakawis gampil, **manawi panjenengan dalem badhe mirsa, kaparenga dhawuh ambebegi ilining toya lepen-lepen, mangke kawula saged matur**".
> "Sang Prabu andangu maneh : **pira cacahe lintang ing langit, ature bocah mursid : Gusti, kawula nyuwun dalancang sasuwek kaliyan dom, bareng wus pinaringan, nuli dicocogi ing dom nganti kebak, kaaturake ing Sang Prabu. Punika Gusti, manawi panjenengan dalem saged angetong kathahing ceceg, kawula ugi saged angetang lintang ing langit**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina wonten bocah lanang ingkang kondang ngantos ratu ing nagari menika mireng pawartos menika. sang ratu animbali bocah menika dipundangu dening sang ratu bab cacahipun lintang saha kathahipun toya sagara.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih bocah mursid menika mangsuli pandangunipun sang ratu. Bocah mursid wau mangsuli kanthi ngginakaken cara ingkang boten limrah. Bocah mursid wau saged ngetang lintang saha kathahing toya sagara menika menawi sang ratu saged ngetang ceceg

ing dluwang ingkang dipunceceg dening bocah wau, lajeng menawi sang ratu saged ambebegi ilinipun toya lepen.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab *cerdas* menika kaandharaken ing ukara "**manawi panjenengan dalem badhe mirsa, kaparenga dhawuh ambebegi ilining toya lepen-lepen, mangke kawula saged matur**" saha ing ukara "**pira cacahe lintang ing langit, ature bocah mursid : Gusti, kawula nyuwun dalancang sasuwek kaliyan dom, bareng wus pinaringan, nuli dicocogi ing dom nganti kebak, kaaturake ing Sang Prabu. Punika Gusti, manawi panjenengan dalem saged angetong kathahing ceceg, kawula ugi saged angetang lintang ing langit**". Saking ukara menika sampun dipunmangertosi caranipun bocah mursid menika mangsuli pandangunipun sang ratu kados cariyos abunawas saking nagari arab.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Utusane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Asu ajag ngrungu calathuning bruwang pamikire : **upama aku iki seba, ora wurung dikukum pati, awit saka wawaduling buburon kang dak paeka, luwih prayoga aku angupaya reka daya, bisane uwal saka babaya**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten alas ingkang dados sabanipun para sato kewan. Ing sawijining dinten, sang prabu ingkang lenggah ngadhep para punggawanipun menika andangu bilih asu ajag menapa boten wonten. Awit sang prabu menika badhe mariksa gugadipun para kewan ingkang dipunpaeka marang asu ajag. Saha sang prabu badhe ngawontenaken

pangadhilan miturut panimbanganipun para punggawa. Salajengipun sang prabu angutus bruwang supados animbali asu ajag.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika, dipunandharaken bilih asu ajag menika nalika mireng menapa ingkang dipunandharaken bruwang tuwuh pamikiripun. Menawi asu ajag ngadhep ing ngarsanipun sang prabu, amesthi asu ajag dipunukum pati, amargi mangertosi tumindakipun asu ajag ingkang maeka buburonipun. Lajeng tuwuh pamanggih sanesipun saking asu ajag angupadaya supados saged luput saking ukuman.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab *cerdas* menika kapacak ing ukara "**upama aku iki seba, ora wurung dikukum pati, awit saka wawaduling buburon kang dak paeka, luwih prayoga aku angupaya reka daya, bisane uwal saka babaya**". Saking ukara menika lajeng dipunandharaken caranipun asu ajag angupadaya supados luput ing ukuman. Ukaranipun kapacak kados makaten "Tinemuning akal asu ajag amangsuli : satemene aku iki iya arep seba, nanging kapambeg wetengku lara saka kakehan inggonku mangan who-wohan, amarga saiki wis ora mangan daging,kajaba mung who-wohan lan ngombe madu". Lajeng bruwang ingkang mireng calathunipun asu ajag menika kagodha banjur anuruti pangucapipun asu ajag.

11. Tumindak Kawiwiti Niat ingkang Sae

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Mitra Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Bocah loro iku saben dina yen bapakne maca layang, mangka wus sinelehake, enggal dijupuk nuli winaca. Wong iku duwe mitra, sumurup bab mangkono kurang patut tumraping bocah, wis masthi durung bisa nimbang ala becik bener lan luput, osik ing atine : mitra kui kiluput sarampunging pamaca sabab apa layang ora enggal disimpeni, nganti kasumurupan dening anak-anake, **prayoga dak emutne kalawan patrep kang alus, supaya sarampunging pamaca layang sinimpen**".

Ing pethilan menika dipuncariyosaken bilih wonten tiyang ingkang sampun dewasa remen maos seratan bab setan, jin, saha menapa mawon ingkang dados perkawisipun tiyang gesang ing donya. Tiyang menika gadhah putra kalih ingkang saben dinten menika sampun dados pakulinan menawi bocah kekalih menika maos serat layang bapakipun. Wonten mitranipun tiyang menika ingkang mangertosi bab menika gadhah panemu supados ngemutaken mitranipun menika. amargi lepat menawi bocah nglampahi tumindak menika.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab gadhah niat ingkang sae menika kapacak ing ukara "**prayoga dak emutne kalawan patrep kang alus, supaya sarampunging pamaca layang sinimpen**". Ing ukara menika sampun ngandharaken bilih manungsa ing ndonya menika gadhah kwajiban ngemutaken tiyang sanesipun ingkang nglampahi bab ingkang kirang sae saha lepat. Supados boten lena ngantos pungkasan.

12. Amanah

Amanah menika dipunandharaken minangka solah bawa tiyang ingkang njalari saged dipunpercados dening tiyang sanesipun. Amanah kalebet ing perangan gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadi menika amargi amanah menika minangka sarana *refeksi* diri.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Pangulu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "nanging sarehning bapak kala rumiyin meling makaten : eh, thole, besuk saungkurku, **omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol, mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina wonten ratu ingkang badhe damel kraton ingkang amba. Ratu menika banjur badhe mundhut omah sapomahan ingkang wonten ing sacedhakipun kraton. Omah menika dipungantos arta cacahipun satunggalatus dinar.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wonten satunggal tiyang ingkang amangsuli utusan sang ratu. Amargi omah sapomahan ingkang dados gadhahipun tiyang menika warisan saking bapakipun. Lajeng bepakipun menika dhawuh supados sampun ngantos omah menika dipunsade. Pamanggihipun tiyang menika supados ngestoaken dhawuhipun bapak.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab amanah menika kapacak ing ukara "**mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken**", amargi ing ukara saderengipun menika bapakipun sampun percados ing putranipun supados boten nyade omah sapomahanipun menika. bab menika ugi kapacak ing ukara "**omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol**".

13. Ikhlas

Ikhlas utawi lila menika saged dipunmangertosi minangka kahanan tiyang ingkang suka paring bab menapa mawon dhateng tiyang sanes. Ing

Poerwadarminta (1939:174) dipunandharaken bilih lila menika kahanan ingkang sampun nrima sarta lega ing manahipun. Piwulang ikhlas saged kalebet ing piwulang ingkang gayut kaliyan dhiri pribadi menika amargi ikhlas tansah wonten ing pribadinipun tiyang piyambak-piyambak. Ikhlas saged kalebet ing piwulang moral.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Pangulu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> **"**Sang Prabu angandika : iki luwih abot, ingsun ora kelar. Ature pangulu : Gusti, siti sakarung kemawon langkung awrat, saiba awratipun siti pinten-pinten ewu karung ingkang sampun panjenengan dalem pundhut kanthi wasesa punika. **Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih, omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar**".

ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina wonten ratu ingkang badhe damel kraton ingkang amba. Ratu menika banjur badhe mundhut omah sapomahan ingkang wonten ing sacedhakipun kraton. Omah menika dipungantos arta cacahipun satunggalatus dinar. Lajeng wonten satunggal tiyang ingkang amangsuli utusan sang ratu.

Amargi omah sapomahan ingkang dados gadhahipun tiyang menika warisan saking bapakipun ingkang dhawuh supados sampun ngantos omah menika dipunsade. Pamanggihipun tiyang menika supados ngestoaken dhawuhipun bapak nanging tiyang menika dipunpeksa kesah griya. Ing margi tiyang menika kepanggih kaluyan panggulu ingkang badhe anulungi tiyang

menika. salajengipun pangulu menika seba dhateng kadhaton sowan ratunipun kanthi gadhah parlu ngandharaken bab ingkang dados pamanggihipun.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sang ratu sambat lajeng panggulu suka pitutur bab lelampahanipun sang ratu ingkang kirang sae. Sang ratu ingkang mireng menapa ingkang dados pamanggihipun panggulu ngraosaken rasa ingkang boten kapenak. Sang ratu banjur ngewangsulaken menapa ingkang sampun dipun pundhut menika dhateng tiyang ingkang gadhah saderengipun, lajeng ugi paring arta ingkang cacahipun satunggalatus dinar.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab ikhlas menika kapacak ing ukara "**Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih, omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar**". Ing ukara menika cetha anggenipun dipunadharaken bilih sang ratu menika ikhlas anggenipun ngewangsulaken menapa ingkang sampun dipunpundhut menika. sang ratu ugi anambahi arta ingkang cacahipun satunggalatus dinar kanthi dados panggantos lepatipun tumindak saking sang ratu.

14. Budidaya

Budidaya menika usaha kangge manggihaken bab ingkang dipunpengini. Miturut poerwadarminta (1939:51) ngandharaken bilih budidaya menika sarana ingkang dipunginakaken kangge sarana nggayuh bab tartamtu. Piwulang menika paring conto kadospundi lelampahan ngupadaya ingkang saged dados inspirasi pamaos.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Asu Ajag karo Baya* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang

ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Ora antara suwe ana yuyu ngambang, lagi diparani nyilem, asu ajag enggal anggogohi karo sikile loro kang buri, baya nututi, sikiling asu ajag kena cinaplok, **pamikire** : **wdalah, sikilku saiki cinaplok ing baya, coba dak ngupaya akal bisane uwal saka ing bebaya iki**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten asu ajag ingkang nembe angupa daya pados memangsan ing sapinggingiring kali. Ing kali menika wonten baya ingkang mangertos wonten asu ajag ingkang pados memangsan. Baya menika gadhah niat ndadosaken asu ajag menika memangsan.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih ing kali menika wonten yuyu ingkang badhe dipundadosaken memangsan dening asu ajag. Nanging baya menika langkung rumiyin anyaplok sikiling asu ajag saking wingking. Lajeng tuwuh pamanggihipun asu ajag supados saged uwal saking bebayan menika.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab ngupa daya menika kapacak ing ukara " **pamikire** : **wdalah, sikilku saiki cinaplok ing baya, coba dak ngupaya akal bisane uwal saka ing bebaya iki**". Ngupa daya menika tansah kedah dipunlampahi dening sedaya makhluk. Sampun kodratipun menawi dipunsukani pamikiran menika kedah dipunginakaken kangge angatasi menapa ingkang dados alanganipun.

15. Wicaksana

Wicaksana utawi wicaksana miturut poerwadarminta (1939:666) minangka kahanan ingkang saged ngginakaken budinipun kanthi leres. Wicaksana menika tansah gayut kaliyan adil. Ing ngriki wicaksana kalebet ing piwulang

ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadi menika amargi wicaksana menika tuwuh saking pribadi paraga ingkang wonten dhasaripun inggih menika manah sarta pamikir ingkang sae. Dadosipun menika saged kalebet ing moral.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jejaka Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Pangulu angatag : lah kae gambare, mara panahen, jajaka kang siji anyandhak panah lan gandhewa, bareng panah diuculake, angenani sacedhaking mata, nanging jejaka sijine, lagi anyandhak gandhewa, tangane wus gumeter, ulate abiyas, ature marang pangulu : Kyai Pangulu, kula boten wentala manah gambaripun bapak, **sanadyan boten tampiya warisan kula sampun narimah**".

Ing konteks saderengipun menika dipuncariyosaken bilih wonten tiyang sugih ingkang gadhah putra kekalih ingkang saben dinten menika tansah adu. Tiyang sugih menika damel wasiyat supados samangke menawi tiyang sugih menika tilar donya, sakabehing bandha menika dipuncaosaken ing putranipun ingkang tresna marang bapakipun. Anggenipun nemtokaken katresnanipun putra menika dipunpasrahaken dhateng pangulu ingkang dados kanca tiyang sugih menika. pangulu menika gadhah cara ingkang trep kaliyan pamintanipun tiyang sugih menika.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipuncariyosaken bilih pangulu amarintahaken supados jejaka kekalih menika amanah gambar bapak bapakipun ingkang sampun dipunsamektakaken camanthel ing wit. Jejaka ingkang satunggal lajeng anyandhak gandewa lajeng aanah gambar bapakipun pas ing sangisoring

mata. Beda kaliyan jejaka satunggalipun ingkang ngrasa ajrih amanah sanajan namung gambar kemawon. Jejaka menika lila boten anampi warisan kanthi sabab boten wantala amanah gambar bapakipun.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab wicaksana menika dipun gambaraken ing paraga jejaka ingkang boten wantala amanah gambar bapakipun. Bab menika kapacak ing ukara "**sanadyan boten tampiya warisan kula sampun narimah**" ingkang ngandharaken pamanggihipun jejaka ingkang taksih gayut kaliyan piwulang tresna marang tiyang sepuh. Menika gambaran anggenipun lelampahan tresna marang tiyang sepuh bilih langkung milih tiyang sepuhipun tinimbang banda donya.

16. Jujur

jujur menika saged dipunmangertosi bilih kahanan ingkang ngandharaken bab menapa wontenipun. Matur saha nglampahi tumindak kanthi menapa wontenipun. Ing ngriki jujur kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadi amargi kandthi jujur marang dhiri pribadi, menika saged damel paraga utaminipun manungsa menika katingal sae ing budinipun. Salajengipun jujur kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken moral amargi jujur menika lelampahan ingkang sae.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Sang Prabu anampani karo suka, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : **Gusti namung lumpang punika ingkang**

kawula panggih".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang miskin ingkang rerebugan kaliyan anak wadonipun supados nyuwun pasawahan marang sang ratu ing nagari ngriku supados sageda dados pangupa jiwa. Panyuwun menika dipunkabulaken sang ratu, lajeng lemah pasawahan menika dipungarap dening tiyang miskin. Wanci panggarapipun menika meh tutug tiyang miskin menika amanggihaken lumpang emas ingkang kependhem ing njero lemah. Pamanggihipun tiyang miskin menika supados amangsulaken lumpang emas menika dhateng sang ratu awit ingkang dipunparingaken sang ratu menika namung lemah pasawahan boten sanesipun.

Saking pethilang cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sang prabu menika sumringah anampani lumpang emas menika, ananging sang ratu taksih andangu bilih menapa tiyang miskin menika boten anemu sanesipun. Ing pethilan cariyos menika tiyang miskin amangsuli bilih namung lumpang ingkang dipunpanggihaken.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab jujur menika kapacak ing ukaranipun tiyang miskin "**Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih**". ukara menika saged ngandharaken piwulang bab jujur amargi saking kontek cariyos saderengipun menika sampun dipunandharaken bilih namung lumpang ingkang dipunpanggihaken. Bab menika kapacak ing ukara "sanalika pasawahan dibubak arep tinanduran pari, bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake".

17. Tumindak Boten Pareng Remen Ngresula

Miturut Poerwadarminta (1939:430), ngresula menika kahananipun tiyang ingkang sesambat amargi ngraosaken rekasa. Bab menika kirang sae amargi nglampahi pakaryan menika kedah mbudidaya kanthi temen. Piwulang remen ngresula menika dipundadosaken conto lelampahan ingkang kirang sae supados pamaos boten nglampahi lelampahan menika.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kuldi Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Ki sudagar tangi, weruh kuldine kacemplung ing sendhang ora bisa mentas, enggal ditulungi kalawan **muring muring amarga kangelan**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten sudagar ingkang badhe lelungan dhateng kitha sanesipun. Sudagar menika gadhah ingah-ingah kuldi cacahipun wonten kalih ingkang dipunmomoti daganganipun. Kuldi ingkang satunggal dipunmomoti sepon lajeng ingkang satunggalipun dipunmomoti uyah. Ing wanci luhur, Ki sudaga leren angaup ing ngisoring wit waringin.

dipuncariyosaken bilih kuldi kekalih menika mangertosi menawi ki sudagar bendaranipun menika angler anggenipun sare. Kuldi kekalih menika seneng nedya seba pados pangan piyambak-piyambak anuruti kekarepanipun menika. Nalika hawanipun nembe sumuk, kuldi ingkang momot uyah adus njebur ing sendang. Nalika mentas momotanipun menika dipunraosaken dados enthenga, amargi uyah momotanipun menika ajur kenging toya.

Bab menika dipuncariyosaken marang kuldi ingkang momot sepon. Kuldi ingkang momot sepon menika enggal-enggal anyemplung ing sendhang. Nalika badhe mentas, kuldi ingkang momot sepon menika kangelan amargi momotanipun dipunraosaken saya awrat.

Ing pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sudagar wungu lajeng manggihi kuldinipun kacemplung ing sendang. Ki sudagar enggal enggal nulungi kuldi wau ananging kabotan lajeng kisudagar muring-muring.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab ngresula menika kapacak ing ukara "**muring muring amarga kangelan**". Ukara menika sampun ngandharaken bilih ki sudagar nandang rasa kabotan sesambatan anulungi kuldinipun.

18. Tumindak Boten Pareng Kawiwiti Niat ingkang Boten Sae

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Apus ing Apusan* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> **"**Saungkure wong sugih, mitrane kang andhudhuk pendheman pethi mau osik ing atine : pethi saisine becik dak balekake ing panggonane, **mengko yen wus andokok maneh, nuli dak colongne kabeh**, dadi aku oleh luwih akeh tinimbang kang uwis, pethi nuli diusung binalekake".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang sugih ingkang cethil nyuwun tulung mitranipun supados andhudhuk damel luwengan kangge mendhem bandhanipun. Sanes dinten menika tiyang sugih kaget amargi manggihi luwengan anggenipun mendhem bandhanipun wonten ingkang ndhudhuk. Pamanggihipun tiyang sugih menika namung mitranipun ingkang

nyolong, lajeng tuwuh pamikiripun supados saged mbalekake bandhanipun menika. Dinten candhakipun tiyang sugih anemoni mitranipun ngandharaken menawi badhe mendhem bandhanipun malih.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunadharaken bilih saungkuripun tiyang sugih, mitranipun tiyang sugih kala wau mikir supados saged nambah bandha ingkang dipuncolong menika. tuwuh pamanggih supados bandha ingkang dipuncolong menika dipunpendhem malih ing luwengan supados tiyang sugih boten ngonangi. Lajeng menawi tiyang sugih sampun nyelehake bandhanipun banjur dicolong.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab gadhah niat boten sae menika kapacak ing ukara "**mengko yen wus andokok maneh, nuli dak colongne kabeh**". Saking pethilan ukara menika sampun cetha anggenipun paring tuladha lelampahan ingkang boten pantes tinuladha. Amargi lelampahan menika saged damel tiyang sanes sangsara.

19. Tumindak Boten Pareng Sembrana

Miturut Poerwadarminta (1929:555) ngandharaken bilih sembrana menika kahanan ingkang kirang weweka, kirang tumemen. Sembrana menika tumindak ingkang tanpa pikir ingkang dipunlampahi. Dadosipun menika bab kirang sae.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Utusane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**Asu ajag acalathu : lah iki ing jero okeh madune,** tutugna pangombemu**. Bruwang tanpa piker, congor karo sikile ngarep loro**

> **pisan dilebokake ing kayu kang menga,** bareng lagi malebu, paju diongak-ogak dening asu ajag copot, kayu kang sigar mingkem, bruwang congor karo sikile kajepit".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten alas ingkang dados sabanipun para sato kewan. Ing sawijining dinten, sang prabu ingkang lenggah ngadhep para punggawanipun menika andangu bilih asu ajag menapa boten wonten. Awit sang prabu menika badhe mariksa gugadipun para kewan ingkang dipunpaeka marang asu ajag. Saha sang prabu badhe ngawontenaken pangadhilan miturut panimbanganipun para punggawa. Salajengipun sang prabu angutus bruwang supados animbali asu ajag.

Dipunandharaken bilih asu ajag menika nalika mireng menapa ingkang dipunandharaken bruwang tuwuh pamikiripun bilih menawi asu ajag ngadhep ing ngarsanipun sang prabu, amesthi asu ajag dipunukum pati. Lajeng tuwuh pamanggih sanesipun saking asu ajag angupadaya supados saged luput saking ukuman inggih menika ngapusi bruwang. Bruwang percados kaliyang menapa ingkang dipunadharaken asu ajag tanpa dipunpikir langkung rumiyin

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunadharaken bilih asu ajag maeka bruwang ing njero kayu wonten madu ingkang kathah. Bruwang tanpa pikir malebokake congor kaliyan sikil ngarep ing kayu ingkang menga. Lajeng asu ajag nyopot paju ing kayu supados bruwang kajepit.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab sembrana menika kapacak ing ukara "**Bruwang tanpa piker, congor karo sikile ngarep loro pisan dilebokake ing kayu kang menga**". Bruwang sembrana awit lelampahan ingkang badhe dipunlampahi menika boten dipunpikir langkung rumiyin, saengga bruwang nampi bab ingkang boten dipunkarepaken.

3. Gayutipun Paraga kaliyan Paraga Sanesipun

Piwulang Budi Pekerti ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun meika ngrembag bab lelampahan ingkang wonten ing pagesangan ingkang gayut kaliyan paraga sanesipun. Bab menika dipunjalari saking kita boten saged nglampahi pagesangan piyambak mawon, tansah wonten paraga sanesipun ingkang mbiyantu. Ing piwulang menika ugi tansah wonten lelampahan ingkang kalebet lelampahan ingkang sae saha awon tumrap dhiri pribadi saha paraga sanesipun.

1. Tresna kaliyan Sesami

Tresna marang sesami menika gadhah teges bilih wonten raos suka, ngeman, raos njagi, saha raos tumut nduweni utawi nyengkuyung sesami supados saged pikantuk bab karahayon. Piwulang tresna kaliyan sesami menika dipunwujudaken ing pangandikanipun tiyang ingkang langkung mangertos mengeti bab tartamtu. Pangandikan ingkang sae saha murakabi ing sadayanipun.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* wonten perangan ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Wujudipun perangan menika ukara ingkang ngandharaken pitutur, pethilanipun cariyos kados menika:

Ing cariyos Tikus karo Tirem wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “aja nglakoni pagaweyan kang durung kosumurupi laku-lakune yen ora kanthi pituduh lan panuntune wong pinter”.

Ing cariyos Kuldi Loro wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “aja anelat sabarang pratingkah ing liyan kodurung

kosumurupi ali becikke, awit sabarang kang migunani marang wong siji, sok agawe sangsara ing liyan”

Ing cariyos Tikus Cilik wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “sing sapa ora mituhu marang pituturing wong tuwa utawa guru kang murih ing karahayon. Amesthi tumiba ing tiwas”

Ing cariyos Kewan Papat wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “sing sapa ora mituhu ing piwulang lan pituduhe wong pinter kang kadunungan pangwasa, ing gugu kakarepane dhewe, amesthi anemu bilahi”

Ing cariyos Jarane Loro wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake“.

Ing cariyos Kuldi karo Asu wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “sing sapa ora gelem tatulung ing kasusahaning liyan, manawa nemu kasusahan, amesthi wong liyan uga ora dhangan atetulung”.

Ing cariyos Wit Waringin karo Wit Pari wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “iki bab wong gemblung lan maneh duraka marang bapa biyung utawa gurune”.

Ing cariyos Bapa karo Anake wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “Mula samubarang pagaweyan sadurunge linakonan pinikir bakal wasanane, menawa wus tetela prayoga, aja mraduli marang pitutur lan panacading wong akeh”.

Ing cariyos Tikus Loro wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “kang kadunungan akal budi iku ora manungsa bae, sanadyan kewan uga kadunungan akal budi”.

Ing cariyos Pangon karo Wong Desa wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “Wong kang dhemen goroh, sanadyan calathuwa temenne, iya ora diandel”.

Ing cariyos Mitra Loro wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “lare alit ingkang dereng saged nimbang-nimbang punapa suraosi serat ingkang boten pantes winaos dening lare, punapa ing tembe inggih boten badhe nandhang sangsara ageng”.

Lajeng ingkang pungkasan ing cariyos Asu Ajag karo Baya wonten piwulang ingkang ngandharaken tresna kaliyan sesami kados menika “Sing sapa amasang luwengan, awake dhewe trangkadhang kacemplung”.

Menika kala wau perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna kaliyan sesami. Piwulang ingkang cetha dipunserat dening pangripta minangka dudutanipun saben cariyos. Sejatosipun piwulang bab tresna kaliyan sesami menika ugi gayut kaliyan perangan piwulang marang dhiri pribadi kanthi pamanggih ingkang benten (*sudut pandang)*.

2. Tetulung

Tetulung miturut Perwadarminta (1939:612) inggih menika paring pambiyantu marang sanesipun. tetulung menika menika kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun amargi tetulung menika sampun ngandharaken bilih menika lelampahan ingkang gayut kaliyan tiyang kathah.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kuldi Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang

ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Ki sudagar tangi, **weruh kuldine kacemplung ing sendhang ora bisa mentas, enggal ditulungi** kalawan muring muring amarga kangelan".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten sudagar ingkang badhe lelungan dhateng kitha sanesipun. Sudagar menika gadhah ingah-ingah kuldi cacahipun wonten kalih ingkang dipunmomoti daganganipun. Kuldi ingkang satunggal dipunmomoti sepon lajeng ingkang satunggalipun dipunmomoti uyah. Ing wanci luhur, Ki sudaga leren angaup ing ngisoring wit waringin.

dipuncariyosaken bilih kuldi kekalih menika mangertosi menawi ki sudagar bendaranipun menika angler anggenipun sare. Kuldi kekalih menika seneng nedya seba pados pangan piyambak-piyambak anuruti kekarepanipun menika. Nalika hawanipun nembe sumuk, kuldi ingkang momot uyah adus njebur ing sendang. Nalika mentas momotanipun menika dipunraosaken dados enthenga, amargi uyah momotanipun menika ajur kenging toya.

Bab menika dipuncariyosaken marang kuldi ingkang momot sepon. Kuldi ingkang momot sepon menika enggal-enggal anyemplung ing sendhang. Nalika badhe mentas, kuldi ingkang momot sepon menika kangelan amargi momotanipun dipunraosaken saya awrat.

Ing pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sudagar wungu lajeng manggihi kuldinipun kacemplung ing sendang. Ki sudagar enggal enggal nulungi kuldi wau ananging kabotan lajeng kisudagar muring-muring.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tetulung menika kapacak ing ukara "**weruh kuldine kacemplung ing sendhang ora bisa mentas, enggal**

ditulungi". Sampun wajib menawi paring pitulung dhateng sinten kemawon ingkang perlu pitulungan supados sageda mbiyantu ngenthengaken kasusahanipun.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "tikus kang siji metu akale, calathune: **kisanak kowe mlumaha, endhog iku rangkulen ing sikilmu papat kang kukuh, buntutmu dakgerede. Sijine mituruti banjur mlumah, endhog rinangkul ing sikil papat, buntute digered ing kancane.** Kalawan akal kang mangkono tikus kalakon karepe amangan endhog".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tikus kakalih medal saking ngerongipun badhe medal pados panganan. Anggenipun rekadaya pados panganan anemu endhog. Nalika nembe ngrikiti cangkoking endhog, wonten kucing dumadakan njedhul ing sacedhaking papan menika. tikus kakalih menika bingung kangelan nggondhol endhok suwau.

Saking pethilan ing inggil menika dipuncariyosaken tikus ingkang satunggal gadhah pamikir supados tikus sanesipun menika anuruti menapa ingkang dipunandharaken menika. tikus ingkang satunggal menika dipunsuwun mlumah, lajeng endhog dipunrangkul banjur buntutipun dipungered marang tikus sanesipun. Saking pamanggih menika tikus kekalih keturutan anggenipun amangan endhog.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tetulung menika kaandharaken nalika tikus kekalih sesarengan angupadaya mbeta endhog tumuju ing ngerongipun. Bab menika kapacak ing ukara "**kisanak kowe mlumaha,**

endhog iku rangkulen ing sikilmu papat kang kukuh, buntutmu dakgerede. Sijine mituruti banjur mlumah, endhog rinangkul ing sikil papat, buntute digered ing kancane". Ukara menika ngandharaken minangka cara tetulungan ingkang sageda dipunlampahi supados sageda entheng anggenipun mbeta endhog.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Apus ing Apusan* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Anuju sawijining dina osik ing atine: branaku iki prayogane dak pendheme bae, supaya pikirku jencema. Sawuse duwe piker mangkono, **nuli nemoni mitrane kang wus sinoroh cadi, jinalukan tulung, mitrane dhangan**".

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wonten tiyang ingkang sugih ananging boten natos paring dedana marang tiyang ingkang mbetahaken pitulung. Saking menika bandhanipun sangsaya kathah saking asringipun ing donya ingkang awon, rina dalu bandha donyanipun tansah dipunsandhing.

Ing pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih tiyang sugih wau mikir supados raja branaipun menika dipunpendhem mawon supados sageda tentrem. Lajeng tiyang sugih wau anemoni mitranipun saprelu nyuwun tulung angewangi damel luwengan.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tetulung ing ngriki kapacak ing ukara "**nuli nemoni mitrane kang wus sinoroh cadi, jinalukan tulung, mitrane dhangan**". Tetulungan menika saged kawiwitan nalika tiyang sampun gadhah niat paring pitulung marang tiyang sanesipun tanpa dipunsuwun langkung rumiyin. Sanesipun, tetulungan ugi saged kawiwitan nalika tiyang menika

dipunsuwuni pitulungan saking tiyang sanesipun.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jaran kang Tuwa* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Jaran kapeksa lunga menyang ngalas lumaku karo nangis, ana ing dalan kapethuk karo mitrane yaiku asu ajag, atakon : kisanak, sabab apa kowe tekan kene, awakmu kuru banget, kurang patut upama rekasaa, pantesmu mung nganggur. Jaran nuli anuturake sakabehing lalakone. Asu ajag krungu welas banget, calathune : **kisanak, kalawan dhanganing atimu, sagayuh-gayuh aku nedya atutulung**".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jaran kang Tuwa* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Satekane ing kono kisudagar weruh jarane anglarak macan isih urip, enggal atutulung karo anggawa gaman pedhang, macan dipedhang gulune mati. Sapatining macan sudagar acalathu : lah wis jaran baliya ing panggonanmu lawas, wiwit dina iki kowe dak ingoni nganggur. Jaran bungah ing atine banjur bali ing panggonane lawas kalawan jenjem".

Ing konteks saderengipun menika kacariyosaken bilih wonten sudagar ingkang gadhah kewan ingah-ingahan inggih menika jaran ingkang sampun tuwa. Sudagar gadhah niat ngeculake jaran amargi boten paring paedah ananging menawi jaran saged anglarak macan ingkang tasih urip ing ngarsanipun sudagar, jaran tuwa bakalan dipunigoni nganggur. Lajeng sabibaripun ngendika kados kala wau jaran tuwa dipunuculake.

Saking pethilan ing inggil menika kacariyosaken bilih jaran kapeksa lunga menyang alas kanthi nangis. Ing tengah alas kepanggih mitranipun asu ingkang

sedya paring pitulung nalika sampun mangertosi sababipun jaran dipunuculake.

Saking pethilan ingkang sanesipun ing inggil menika kacariyosaken sudagar mangertosi jaranipun menika anglarak macan ingkang tasih urip. Enggal enggal sudagar nulingi kanthi mbeta gaman kangge mateni macan. Lajeng sudagar boten kesupen kaliyan menapa ingkang sampun dipunucapaken ing jaran tuwa saengga jaran tuwa dipunopeni nganggur.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tetulung menika kaandharaken ing lelampahanipun asu ingkang sedya anulungi jaran tuwa. Ukaranipun inggih menika "**kisanak, kalawan dhanganing atimu, sagayuh-gayuh aku nedya atutulung**". Lajeng nalika sudagar mangertosi jaran tuwa anglarak macan ingkang taksih urip banjur dipuntulungi kanthi meta gaman kangge amateni macan. Bab menika kapacak ing "kisudagar weruh jarane anglarak macan isih urip, enggal atutulung karo anggawa gaman pedhang, macan dipedhang gulune mati".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Brahmana karo Macan* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Ana macan kang kacekel ing manusa dilebokake krangkeng wesi. Nalika samana ana brahmana liwat, macan acalathu ngasih-asih, tembunge : bendara, kula mugi sampeyan tulungi, ineping krangkeng punika kabikaka, amargi kula ngongrong sanget badhe ngombe. Brahmana amangsuli : eh macan Manawa kowe ucul, ora wurung aku komangsa. Macan acalathu : wda bendara, kula namung badhe ngombe, sarampungipun kula malebet malih, boten pisan-pisan amiawona. **Brahmana anuruti, lawanging krangkeng dibukaka**, Bareng wus menga, macan mancolot metu, acalathu : lah dalah, sak iki kowe dak mangsa, ing kono aku nuli ngombe".

ing pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih wonten macan ingkang kacandhak dening manungsa lajeng dipunlebetaken ing krangkeng. Lajeng wonten brahmana ingkang lewat ing ngriku dipunsuwuni tulung kaliyan macan supados ambikakaken lawanging krangkeng amargi macan ngelak pengin ngombe. Ananging wanci sampun dipunbikakaken, macan metu lajeng badhe amangsa brahmana.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tetulung kapacak ing lelampahan nalika brahmana sedya anulungi kanthi ambikak lawanging krangkeng. Bab menika kapacak ing ukara "**Brahmana anuruti, lawanging krangkeng dibukaka**".

3. Tresna marang Anak

Tresna marang anak menika saged dipunadharaken minangka raos remen, eman, saha nggatosaken dhateng putra. Tresna marang anak menika saged kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus Cilik* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**ana tikus wirog kang wis ngarepake mati, acalathu marang anak'e, tembunge : e, anakku, sakiki aku arep titekakake ing janji, rungaokna pituturku**"

Ing konteks pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wonten tikus wirog ingkang tuwa sampun badhe mati paring pitutur dhateng anakipun. Tikus wirog menika ngendika bilih tikus tuwa sampun wancinipun

mati lajeng ngandharaken supados anakipun nggatosaken pituturipun menika

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna marang tiyang anak menika kagambaraken ing tikus ingkang paring pitutur marang anakipun . ukaranipun "**e, anakku, sakiki aku arep titekakake ing janji, rungaokna pituturku**".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Mitra Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Dhayoh ngreti marang kareping mitrane angelingake katliwenge, **sabanjure anake ora dililani maca layang kang ora paedah tumraping bocah, dene kang diwenehake mung kang maedahi ingatase bocah**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang ingkang sampun dewasa remen maos seratan bab setan, jin, saha menapa mawon ingkang dados perkawisipun tiyang gesang ing donya. Tiyang menika gadhah putra kalih ingkang saben dinten menika sampun dados pakulinan menawi bocah kekalih menika maos serat layang bapakipun. Wonten mitranipun tiyang menika ingkang mangertosi bab menika gadhah panemu supados ngemutaken mitranipun menika. amargi lepat menawi bocah nglampahi tumindak menika.

Ing pethilan cariyos ingkang kaandharaken bilih sasampunipun mangertosi bab ingkang lepat ing pribadine. Tiyang ingkang remen maos seratan wau lajeng boten ngeparengaken anakipun maos layang menika malih.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna marang anak menika kapacak ing ukara "**sabanjure anake ora dililani maca layang kang ora paedah**

tumraping bocah, dene kang diwenehake mung kang maedahi ingatase bocah". Saking menika sampun nggambaraken minangka tiyang sepuh ingkang kapengin anakipun pikantuk bab ingkang sae. Lelampahan menika wau minangka salah satunggaling conto lelampahan tresna marang anak.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jejaka Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "osik ing atine : ing tembe yen aku tinekake ing janji, omah lan pasawahan iki kabeh kaduwe ing anakku loro, iya ora wurung mung padu dina-dina, mula becik dak agawe layang wasiyat, **barang-barangku kabeh lan pasawahan mung daklilaake marang salah sawijining anakku kang tresna marang ing aku**"

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina ing nagari arab wonten tiyang ingkang sugih ingkang jejuluk Abdulah. Abdulah gadhah putra kalih ingkang saben dinten menika tansah padudon. Saking bab menika abdulah boten tentrem ing manahipun.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih abdulah amikir menawi mbesuk menawi sampun titi wancinipun raja brana menika badhe kapasrahaken ing anakipun. Menawi makaten pamanggihipun abdulah anakipun mangkih tansah padu rerebutan bandha. Awit saking menika abdulah damel wasiyat ingkang ngandharaken bilih ingkang pantes anampi warisan menika namung anak ingkang tresna marang abdulah.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna marang anak menika kagambaraken wanci abdulah amikir bilih bandanipun menika bakal

dipunpasrahaken marang anakipun. Ukaranipun inggih menika "**barang-barangku kabeh lan pasawahan mung daklilaake marang salah sawijining anakku kang tresna marang ing aku**".

4. Bekti marang Tiyang Sepuh

Bekti marang tiyang sepuh menika saged dipunadharaken minangka lelampahan ingkang tansah patuh saha nglampahi ingkang dipundadosaken dhawuhipun. Bekti menika saged kaandharaken minangka pakurmatan. Saengga piwulang menika saged kalebet ing piwulang moral amargi mulangaken bab sae.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus Cilik* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane,** sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tikus cilik ingkang dipuntilar donya dening bapakipun. Saderengipun mati, bapakipun tikus cilik menika paring pitutur marang tikus cilik. Isinipun pitutur menika supados tikus cilik mangertosi bab pangganan ingkang rasanipun langkung enak tinimbang simpenan panganan ingkang dipunkempalaken dening bapakipun tikus cilik. Panganan ingkang enak menika saged damel cilaka marang bangsanipun menika.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih tikus cilik menika mituhu kaliyan pitutur ingkang dipunandharaken bapakipun. Tikus cilik lajeng namung mangan panganan ingkang dados simpenan bapakipun. Saben dinten tikus cilik namung mangan wos saha gandum.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bekti marang tiyang sepuh dipunadharaken ing ukara "**wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane**". Saking ukara menika sampun ngandharaken bilih wonten kathah cara ingkang saged dipunlampahi minangka cara ngabekti ing tiyang sepuh.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Bapa karo Anake* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "ana wong desa karo anak'e lanang menyang pasar nedya adol kuldine, bapakne calathu: thole, kuldi prayoga aja dilakokake, supaya tutuging pasar katona rosa lan becik awake, **anak'e anuruti**, kuldine sikile disrimpung banjur ginotong wong loro".

Ing pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wonten wong desa kaliyan putranipun badhe sade kuldi ing pasar. Pamanggihipun wong desa kuldi menika dipungotong sesarengan supados mangkih menawi sampun dugi pasar, kuldi menika katon rosa. Anakipun menika namung anuruti menapa ingkang dados karsa bapakipun menika.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab bekti marang tiyang sepuh menika kapacak ing ukara "**anak'e anuruti**". Ukara menika sampun nedahaken bilih ngabekti marang tiyang sepuh menika tansah kathah caranipun. Ukara menika nggambaraken conto lelampahan ngabekti ing tiyang sepuh.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Pangulu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "nanging sarehning bapak kala rumiyin meling makaten : eh, thole, besuk saungkurku, omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol, **mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina wonten ratu ingkang badhe damel kraton ingkang amba. Ratu menika banjur badhe mundhut omah sapomahan ingkang wonten ing sacedhakipun kraton. Omah menika dipungantos arta cacahipun satunggalatus dinar.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wonten satunggal tiyang ingkang amangsuli utusan sang ratu. Amargi omah sapomahan ingkang dados gadhahipun tiyang menika warisan saking bapakipun. Lajeng bepakipun menika dhawuh supados sampun ngantos omah menika dipunsade. Pamanggihipun tiyang menika supados ngestoaken dhawuhipun bapak.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab bekti marang tiyang sepuh menika kagambaraken ing lelampahan. Tiyang ingkang gadhah griya menika ngandharaken bilih "**wewalaring bapa wau wajib kula estokaken**" minangka cara ngabektinipun marang tiyang sepuhipun.

5. Bekti marang Pimpinan

Bekti marang pimpinan menika saged dipunadharaken minangka lelampahan ingkang tansah patuh saha nglampahi ingkang dipundadosaken dhawuhipun. Bekti menika saged kaandharaken minangka pakurmatan. Saengga piwulang menika saged kalebet ing piwulang moral amargi mulangaken bab sae.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kewan Papat* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Kasebut ing dalem kandha, ana khewan papat, yaiku : jaran, kidang, sapi lanang lan wedhus, ing sawijining dina padha arep lelaku, sadurunge mangkat arembugan sapa kang patut dadi kamituwane. Iyeging panemu jaran kang pinilih, lan supaya anuduhna dalan, wiwitane khewan kang tatelu mau tresna marang jaran, **saparentahe dilakoni, awit jaran bahut amilih dalan kang prayoga diambah,** sarta rumeksa kalerehane aja nganti nemu sangsara".

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih wonten kewan cacahipun sakawan saderengipun lelampahan badhe lunga langkung rumiyin rerembugan. Kewan sakawan kala wau rermbugan amilih kamituwanipun lajeng jaran ingkang dipunpilih dados kamituwanipun. Awit jaran menika saged anuduhna dalan ingkang saged dipunambah sarta jaran menika kapingin ampun ngantos kepanggih bab sangsara.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab bekti marang pimpinan menika kapacak ing ukara " **saparentahe dilakoni,** awit jaran bahut amilih dalan kang prayoga diambah". Saking ukara menika sampun nggambaraken minangka lelampahan ingkang ngandharaken raos ngabekti marang pimpinan.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Utusane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "nuli ingsun dhawuhake putusane sarana saka panimbange para punggawaningsun kang anindakake pangadilan, marmane sira bruwang ingsun utus animbali si asu ajag, barenga salaku nira. **Bruwang matur sandika banjur mangkat**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten alas ingkang dados sabanipun para sato kewan. Ing sawijining dinten, sang prabu ingkang lenggah ngadhep para punggawanipun menika andangu bilih asu ajag menapa

boten wonten. Awit sang prabu menika badhe mariksa gugadipun para kewan ingkang dipunpaeka marang asu ajag. Saha sang prabu badhe ngawontenaken pangadhilan miturut panimbanganipun para punggawa. Salajengipun sang prabu angutus bruwang supados animbali asu ajag.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab bekti marang pimpinan menika kapacak ing ukara "**Bruwang matur sandika banjur mangkat**". Amargi dipunutus sang prabu animbali asu ajag. Kanthi rasa ngabekti ingkang wonten ing pribadhi bruwang, lajeng sandika nglampahi ingkang dipunutus sang prabu.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Pangulu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "sang Nata dhawuh angular capurining kadhaton, utusan punggawa, sarupaning wong kang omah sacedhaking kadhaton, omah sapomahane dipundhut, pinaringan pituwas kalawan murwat, **punggawa matur sandika banjur mubeng-mubeng adhawuhake apa kang dadi karsane sang prabu**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina wonten ratu ingkang badhe damel kraton ingkang amba. Ing perhilan cariyos ing inggil menika ratu ngutus punggawanipun anumbas omah sapomahan ingkang wonten ing sacedhakipun kraton. Omah menika dipungantos arta cacahipun satunggalatus dinar. Punggawanipun lajeng bidal nglampahi menapa ingkang dados karsanipun sang ratu.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab bekti marang pimpinan menika kapacak ing ukara "**punggawa matur sandika banjur mubeng-mubeng**

adhawuhake apa kang dadi karsane sang prabu". Awit kanthi rasa ngabekti saking para punggawanipun ingkangtansah setya marang sang ratu.

6. Musawarah

Musawarah menika rerembugan bab satunggaling prekawis ingkang gadhah ancas supados saged menggihaken mupakat ingkang dipunsarujugi sesarengan. Musawarah tansah kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun, amargi tansah gayut kaliyan tiyang ingkang kathah. Salajengipun, ing ngriki musawarah menika kalebet ing lelampahan ingkang sae, mila dipunlebetaken ing klompok moral.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kewan Papat* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Kasebut ing dalem kandha, ana khewan papat, yaiku : jaran, kidang, sapi lanang lan wedhus, ing sawijining dina padha arep lelaku, **sadurunge mangkat arembugan sapa kang patut dadi kamituwane**. Iyeging panemu jaran kang pinilih, lan supaya anuduhna dalan, wiwitane khewan kang tatelu mau tresna marang jaran, saparentahe dilakoni, awit jaran bahut amilih dalan kang prayoga diambah, sarta rumeksa kalerehane aja nganti nemu sangsara".

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih wonten kewan cacahipun sakawan saderengipun lelampahan badhe lunga langkung rumiyin rerembugan. Kewan sakawan kala wau rermbugan amilih kamituwanipun lajeng jaran ingkang dipunpilih dados kamituwanipun. Awit jaran menika saged anuduhna dalan ingkang saged dipunambah sarta jaran menika kapingin ampun ngantos kepanggih bab sangsara.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab musawarah menika kapacak ing ukara "**sadurunge mangkat arembugan sapa kang patut dadi kamituwane**". Awit saking rerembugan sesarengan menika saged ngempalaken pamanggih pamanggih sipados saged angatasi prakawis ingkang wonten.

7. Tanggel Jawab

Tanggel jawab menika ateges lelampahanipun tiyang ingkang tansah ngugemi sadaya ingkang sampun dados wajibipun. Tanggel jawab kalebet ing perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun amargi tanggel jawab menika tansah wonten gayutipun kaliyan paraga sanesipun, ingkang nggayutaken ing piwulang sanesipun.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kewan Papat* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Kasebut ing dalem kandha, ana khewan papat, yaiku : jaran, kidang, sapi lanang lan wedhus, ing sawijining dina padha arep lelaku, sadurunge mangkat arembugan sapa kang patut dadi kamituwane. Iyeging panemu jaran kang pinilih, lan supaya anuduhna dalan, wiwitane khewan kang tatelu mau tresna marang jaran, saparentahe dilakoni, awit **jaran bahut amilih dalan kang prayoga diambah, sarta rumeksa kalerehane aja nganti nemu sangsara**".

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih wonten kewan cacahipun sakawan saderengipun lelampahan badhe lunga langkung rumiyin rerembugan. Kewan sakawan kala wau rermbugan amilih kamituwanipun lajeng jaran ingkang dipunpilih dados kamituwanipun. Awit jaran menika saged anuduhna dalan ingkang saged dipunambah sarta jaran menika kapingin ampun ngantos kepanggih bab sangsara.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tanggel jawab menika nalika jarang minangka kamituwanipun anuduhaken dalan ingkang sae dipunambah. Menika ngandharaken bilih dados pandheka menika kedah nggatosaken ingkang dipunapdhegani. Ampun ngantos ngepanggihaken utawi nglampahi bab sangsara. Ukaranipun "**jaran bahut amilih dalan kang prayoga diambah, sarta rumeksa kalerehane aja nganti nemu sangsara**".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kuldi karo Asu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae.**kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang ingkang badhe lelungan mbekta kuldi saha asu. Kuldi menika dipunmomoti barang ugi panganan sangu lelungan. Sasampunipun jangkep menapa ingkang dipunbekta, lajeng bidhal anggenipun lelungan. Sasampunipun setengah dinten tiyang menika ngaso ing sangandhapipun wit waringin lajeng tilem.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika, kacariyosaken bilih asu sampun boten kuwawa nandang rasa luwe banjur anyedhaki kuldi ingkang mbekta sangu panganan bendaranipun. Asu nyuwun supados kuldi purun paring panganan ananging kuldi menika boten purun amargi menika sangu bendaranipun. Kuldi

calathu bilih supados asu sabar ngentosi bendaranipun wungu. Samangkih amasthi dipunparingi panganan.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tanggel jawab menika nalika kuldi dipunpercados mbeta momotan barang kaliyan sangunipun sudagar. Lajeng mboten ngeparengaken asu anjupuk panganan sangu amargi menika sanes kagunganipun. Ukaranipun "**kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket**".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Raja karo Garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, **dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake**"

Ing konteks saderengipun kacariyosaken bilih wonten tiyang ingkang miskin ingkang gadhah anak wadon nyuwun lemah pasawahan dhateng ratu ing nagarinipun. Tiyang miskin menika dipunparingi lemah pasawahan amargi tiyang miskin menika temen anggenipun matur satemenipun bilih boten gadhah menapa-menapa malih. Salajengipun tiyang miskin menika mbubak lemah pasawahan badhe dipunsebar pari. Nanging anggenipun nggarap menika taksih kirang sekedhik, tiyang miskin anemu lumpang emas.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika, kaandharaken bilih tiyang miskin anemu lumpang emas. Salajengipun calathu marang anakipun bilih samenika anemu lumpang emas lajeng ngandharaken pemanggihipun bilih

ingkang dipun paringaken sang ratu namung lemah pasawahan, dados isinipun taksih kagunganipun sang ratu. Salajengipun tuwuh pamanggih bilih tiyang miskin menika wajib ngaturaken lumpang emas menika dhateng ratunipun.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tanggel jawab menika nalika tiyang miskin menika ngraosaken wajib mangsulaken lumpang emas marang ratunipun. Awit ingkang dipunparingaken sang ratu namung lemah pasawahan boten sanesipun. Ukaranipun menika kapacak ing "**dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake**".

8. Tresna marang Kanca

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Mitra Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Bocah loro iku saben dina yen bapakne maca layang, mangka wus sinelehake, enggal dijupuk nuli winaca. Wong iku duwe mitra, sumurup bab mangkono kurang patut tumraping bocah, wis masthi durung bisa nimbang ala becik bener lan luput, osik ing atine : mitra kui kiluput sarampunging pamaca sabab apa layang ora enggal disimpeni, nganti kasumurupan dening anak-anake, **prayoga dak emutne kalawan patrep kang alus, supaya sarampunging pamaca layang sinimpen**".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Mitra Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**Dhayoh ngreti marang kareping mitrane angelingake katliwenge**, sabanjure anake ora dililani maca layang kang ora paedah tumraping bocah, dene kang diwenehake mung kang maedahi ingatase bocah".

Ing pethilan menika dipuncariyosaken bilih wonten tiyang ingkang sampun dewasa remen maos seratan bab setan, jin, saha menapa mawon ingkang dados perkawisipun tiyang gesang ing donya. Tiyang menika gadhah putra kalih ingkang saben dinten menika sampun dados pakulinan menawi bocah kekalih menika maos serat layang bapakipun. Wonten mitranipun tiyang menika ingkang mangertosi bab menika gadhah panemu supados ngemutaken mitranipun menika. amargi lepat menawi bocah nglampahi tumindak menika.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna marang kanca menika kapacak ing ukara "**prayoga dak emutne kalawan patrep kang alus, supaya sarampunging pamaca layang sinimpen**". Mitra menika gadhah niat ingkang sae lajeng ngemutaken bab ingkang kedah dipunlampahi. Lajeng tiyang ingkang dhemen maos seratan menika wau ugi mangertosi luputipun lajeng ngewahi pakulinanipun supados saged paring bab ingkang gadhah munpangan mawon. Bab menika kapacak ing ukara candhakipun "**Dhayoh ngreti marang kareping mitrane angelingake katliwenge**".

9. Tresna marang Garwanipun

Tresna marang garwanipun menika raos remen, eman, saha nggatosaken kaliyan garwanipun. Piwulang menika wujudipun inggih menika lelampahan ingkang saged damel tiyang(garwanipun) ngraosaken seneng, tentrem, sarta ayem.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Sang Prabu kakenan ing galih mireng ature kang garwa, pangandikane : **mirah jiwaningsun, marmane saiki sira dadiya garwaningsun maneh.** Sawuse ngandika mangkono Sang Prabu nuli kondur sarimbit, rawuh ing kadhaton lenggah, **lestari eggone sih siniyan karo garwane, sarta banjure ora tau padudon**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih prabu kaliyan sang prameswari nembe boten langgeng. Sang prabu duka marang prameswari amargi sampun damel sang prabu kuciwa. Prameswari dipundhawuhi kesah saking kadhaton kanthi saged mbeta menapa mawon ingkang dipunpengini. Lajeng prameswari kesah ananging mbekta sang prabu ingkang nembe sare.

Ing pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sang prabu wungu lajeng nyuwun pirsa kadospundi saged dugi ing papan menika. prameswari mangsuli bilih prameswari kesah mbeta perangan ingkang dipunpengini inggih menika sang prabu. Awit saking rasa tresnanipun menika prameswari boten pengin pisah saking sang prabu. Sang prabu mireng aturipu prameswari trenyuh lajeng mboyong prameswari dhateng kadhaton malih.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna marang garwanipun kapacak ing ukara "**lestari eggone sih siniyan karo garwane, sarta banjure ora tau padudon**". Menika ukara ingkang nggambaraken lelampahan anggenipun urip bebrayan ing pagesangan.

10. Tresna marang Rakyat

Tresna marang rakyat inggih menika sipat ingkang wonten ing pribadinipun pemimpin. Dadosipun pemimpin menika remen, eman, saha nggatosaken menapa mawon kahanan saha menapa mawon ingkang wonten ing masarakat. piwulang menika mulangaken cara dados pimpinan ingkang sae. Dadosipun menika kalebet ing piwulang moral.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *bocah kang Tresna ing Biyunge* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**Nalika samana ratu ing nagara kono panuju ana murlaku manganggo cara sudra,** dadi ora ana kang sumurup. **Kapethuk bocah lanang diparimani kehe sarupiyah.** Sang ratu angandika : kowe kapariman dhuwit sarupiyah parlu kogawe apa. Wangsulane bocah lanang : badhe kula damel ambayar opahaning dhukun ingkang anjampeni sakitipun biyung kula. Sang Ratu miring welas ing galih nuli amaringi, pangandikane : enya dak wenehi dhuwit sarupiyah, inggonen wragat ngundhang dhukun. Mung aku saiki tuduhna ing ngendi omahe biyungmu".

Ing konteks saderengipun dipunandharaaken bilih wonten tiyang setri sepuh miskin ingkang ngandang sesakit gadhah anak lanang. Bocah menika welas mangertosi kahananipun biyungipun ingkang lelara. Pamanggihipun menika supados angupaya dhuwit sarupiyah mawon kangge ambayar dhukun. Supados saged anambani biyungipun.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih wonten ratu ing nagari menika amariksa kahanan nagari kanthi cara mlampah dados tiyang limrahipun. Sang ratu kepanggih kaliyan bocah lanang wau lajeng dipunparingi arta satunggal rupiyah lajeng tanglet marang bocah wau kangge napa dhuwit menika. Mangertosi sababipun bocah wau anyuwun dhuwit, sang ratu nyuwun dipundherekaken dhateng omahipun bocah saperlu kepanggih kaliyan biyungipun bocah wau.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna marang rakyat menika kapacak ing ukara "**Nalika samana ratu ing nagara kono panuju ana murlaku manganggo cara sudra**". Awit saking cara menika sang ratu saged

mangertosi kahanan ingkang kadadosan ing nagari ingkang dados wewengkonipun menika. kanthi cara menika ugi pangwasa saged celak kaliyan rakyatipun.

11. Tresna marang Tiyang Sepuh

Tresna marang tiyang sepuh menika saged dipun andharaken minangka raos remen, eman, saha nggatosaken dhateng tiyang sepuh. Menika wau saged dipunlampahi kanthi cara bekti kaliyan tiyang sepuh.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *bocah kang Tresna ing Biyunge* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> ”**Bocah mau andeleng lalakoning biyunge welas banget,** Osik ing atine : aku iki luwih miskin, prayoga papariman yen bisa oleh sarupiyah bae dak anggo ambayar opahaning dhukun”.

Ing perangan cariyos ing inggil menika dipunandharaaken bilih wonten tiyang setri sepuh miskin ingkang ngandang sesakit gadhah anak lanang. Bocah menika welas mangertosi kahananipun biyungipun ingkang lelara. Pamanggihipun menika supados angupaya dhuwit sarupiyah mawon kangge ambayar dhukun. Supados saged anambani biyungipun.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna marang tiyang sepuh menika kapacak ing ukara “**Bocah mau andeleng lalakoning biyunge welas banget**”. Anggenipun tresna menika dipunwujudaken ing lelampahanipun bocah lanang wau ingkang angupaya dhuwit kangge ambayar dhukun ingkang badhe nambani biyungipun.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jejaka Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Pangulu angatag : lah kae gambare, mara panahen, jajaka kang siji anyandhak panah lan gandhewa, bareng panah diuculake, angenani sacedhaking mata, nanging jejaka sijine, lagi anyandhak gandhewa, tangane wus gumeter, ulate abiyas, ature marang pangulu : **Kyai Pangulu, kula boten wentala manah gambaripun bapak**, sanadyan boten tampiya warisan kula sampun narimah".

Ing konteks saderengipun menika dipuncariyosaken bilih wonten tiyang sugih ingkang gadhah putra kekalih ingkang saben dinten menika tansah adu. Tiyang sugih menika damel wasiyat supados samangke menawi tiyang sugih menika tilar donya, sakabehing bandha menika dipuncaosaken ing putranipun ingkang tresna marang bapakipun. Anggenipun nemtokaken katresnanipun putra menika dipunpasrahaken dhateng pangulu ingkang dados kanca tiyang sugih menika. pangulu menika gadhah cara ingkang trep kaliyan pamintanipun tiyang sugih menika.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipuncariyosaken bilih pangulu amarintahaken supados jejaka kekalih menika amanah gambar bapak bapakipun ingkang sampun dipunsamektakaken camanthel ing wit. Jejaka ingkang satunggal lajeng anyandhak gandewa lajeng amanah gambar bapakipun pas ing sangisoring mata. Beda kaliyan jejaka satunggalipun ingkang ngrasa ajrih amanah sanajan namung gambar kemawon. Jejaka menika lila boten anampi warisan kanthi sabab boten wantala amanah gambar bapakipun.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna marang tiyang sepuh menika kapacak ing ukara "**Kyai Pangulu, kula boten wentala manah**

gambaripun bapak, sanadyan boten tampiya warisan kula sampun narimah". Bab menika trep kaliyan lelampahan ingkang dipunlampahi dening jaka satunggal menika. inggih menika kapacak ing ukara "nanging jejaka sijine, lagi anyandhak gandhewa, tangane wus gumeter, ulate abiyas".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Anuju sawijining dina bocah wadon mau acalathu : **bapak, Sang Ratu iku sugih, saka panemuku prayoga anyuwuna pasawahan saka parenge**, supaya gampanga enggonmu ngupaya pangupaya jiwa".

Kacariyosaken bilih ing jaman kina wonten tiyang ingkang miskin namung gadhah griya ingkang sampun risak menika kagungan anak wadon prawan ingkang ayu. Saking pethilan ing inggil menika bocah wadon wau matur marang bapakipun supados nyuwun pasawahan kangge pangupa jiwa marang sang ratu.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tresna marang tiyang sepuh menika kapacak ing ukara "**bapak, Sang Ratu iku sugih, saka panemuku prayoga anyuwuna pasawahan saka parenge**". Saking ukara menika sampun kagambaraken bilih bocah wadon wau ngawujudaken rasa tresna marang bapakipun menika kanthi amikir bab salajengipun anggenipun gesang bapakipun menika.

12. Amanah / Tepat Janji

Amanah menika dipunandharaken minangka solah bawa tiyang ingkang njalari saged dipunpercados dening tiyang sanesipun. Amanah kalebet ing

perangan gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun menika amargi amanah menika wujudipun lelampahan ingkang wonten ing pagesangan sesambetan kaliyan paraga sanesipun.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jaran kang Tuwa* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Satekane ing kono kisudagar weruh jarane anglarak macan isih urip, enggal atutulung karo anggawa gaman pedhang, macan dipedhang gulune mati. Sapatining macan **sudagar acalathu** : **lah wis jaran baliya ing panggonanmu lawas, wiwit dina iki kowe dak ingoni nganggur.** Jaran bungah ing atine banjur bali ing panggonane lawas kalawan jenjem".

Ing konteks saderengipun menika kacariyosaken bilih wonten sudagar ingkang gadhah kewan ingah-ingahan inggih menika jaran ingkang sampun tuwa. Sudagar gadhah niat ngeculake jaran amargi boten paring paedah ananging menawi jaran saged anglarak macan ingkang tasih urip ing ngarsanipun sudagar, jaran tuwa bakalan dipunigoni nganggur.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika sudagar mangertosi jaranipun menika anglarak macan ingkang tasih urip. Enggal enggal sudagar nulingi kanthi mbeta gaman kangge mateni macan. Lajeng sudagar boten kesupen kaliyan menapa ingkang sampun dipunucapaken ing jaran tuwa saengga jaran tuwa dipunopeni nganggur.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tepat janji menika kapacak ing ukara "**sudagar acalathu** : **lah wis jaran baliya ing panggonanmu lawas, wiwit dina iki kowe dak ingoni nganggur**". Awit saking pangucapipun sudagar ingkang kapacak ing ukara saderengipun "aku emoh ngingoni kaya mbiyen, luwih

becik angupayaa pangan dhewe ing alas kana. Ewa dene Manawa kowe bisa ing gawa macan kang isih urip menyang ngarepku, kowe dak ingoni nganggur".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Pangulu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "nanging sarehning bapak kala rumiyin meling makaten : eh, thole, besuk saungkurku, **omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol, mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina wonten ratu ingkang badhe damel kraton ingkang amba. Ratu menika banjur badhe mundhut omah sapomahan ingkang wonten ing sacedhakipun kraton. Omah menika dipungantos arta cacahipun satunggalatus dinar.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wonten satunggal tiyang ingkang amangsuli utusan sang ratu. Amargi omah sapomahan ingkang dados gadhahipun tiyang menika warisan saking bapakipun. Lajeng bepakipun menika dhawuh supados sampun ngantos omah menika dipunsade. Pamanggihipun tiyang menika supados ngestoaken dhawuhipun bapak.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab amanah ingkang gayut kaliyan paraga sanesipun menika kapacak ing ukara "**mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken**", amargi ing ukara saderengipun menika bapakipun sampun percados ing putranipun supados boten nyade omah sapomahanipun menika. bab menika ugi kapacak ing ukara "**omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol**".

13. Wicaksana

Wicaksana utawi wicaksana miturut poerwadarminta (1939:666) minangka kahanan ingkang saged ngginakaken budinipun kanthi leres. Wicaksana menika tansah gayut kaliyan adil. Ing ngriki ingkang ndadosaken wicaksana menika saged kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun inggih menika amargi wicaksana menika tansah wonten gayutipun kaliyan tiyang sanes. Intinipun sadaya ingkang dipunputusaken menika ampun ngantos damel bab ingkang kirang sae tumrap tiyang sanes.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Brahmana karo Macan* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Asu ajag amangsuli karo gumuyu : brahmana, aku ora bisa mutusi sadurunge nyumurupi sakawite, mara tuduhna ing ngendi panggonaning krangkeng. Brahmana karo macan nuli lumaku, asu ajag tut buri. Satutuge kono asu ajag acalathu : eh, macan, kapriye patrapmu nalika ana sajroning krangkeng, endhasmu ana ngarep apa ana buri, mara mlebuwa dak delenge, supaya aja nganti salisir putusanku. Macan tanpa dipikir banjur mlebu angadeg ana tengah bener, asu ajag angatag marang brahmana : saiki mapana ing ngendi enggonmu ngadeg nalika ngecule macan, brahmana enggal ngadeg ngarep lawanging krangkeng. Sawuse mangkono asu ajag acalathu : la lawang krangkeng tutupen, mengko bukaken maneh. Lawanging krangkeng diinep dening brahmana, bareng wus minep, asu ajag acalathu **: brahmana, saiki lawange aja kobukak, ya ben si macan ana krangkeng sajege urip, awit pikire ora langgeng, kobeciki arep amales ala**. Brahmana banget panarimane maring pitulunganing asu ajag, nuli mulih gegancangan kalawan bungah ing atine, dene macan lastari ana krangkeng sarta kaduwung ing solehe kang wus kalakon".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten macan ingkang kacandhak dening manungsa lajeng dipunlebetaken ing krangkeng. Lajeng wonten brahmana ingkang lewat ing ngriku dipunsuwuni tulung kaliyan macan

supados ambikakaken lawanging krangkeng amargi macan ngelak pengin ngombe. Ananging wanci sampun dipunbikakaken, macan metu lajeng badhe amangsa brahmana. Nanging brahmana nyuwun panimbangipun macan menapa pantes mangsa brahmana awit saking tumindak brahmana ingkang niat tetulung.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih macan kaliyan brahmana kepanggih asu ajag ingkang badhe dipunsuwuni pamanggihipun. Asu ajag ngandharaken pamikiripun kanthi conto ingkang dipunlampahi marang macan saha brahmana. Kanthi cara kados menika asu ajag saged ngrangkeng malih macan saha paring pitulung marang brahmana.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang wicaksana ing ngriki kapacak ing ukara "**brahmana, saiki lawange aja kobukak, ya ben si macan ana krangkeng sajege urip, awit pikire ora langgeng, kobeciki arep amales ala**". Pamikiripun asu ajag ingkang menika diwujudaken ing lelampahanipun ingkang nglebetaken macan ing krangkeng malih. Ukaranipun "asu ajag acalathu : eh, macan, kapriye patrapmu nalika ana sajroning krangkeng, endhasmu ana ngarep apa ana buri, mara mlebuwa dak delenge, supaya aja nganti salisir putusanku. Macan tanpa dipikir banjur mlebu angadeg ana tengah bener, asu ajag angatag marang brahmana : saiki mapana ing ngendi enggonmu ngadeg nalika ngecule macan, brahmana enggal ngadeg ngarep lawanging krangkeng. Sawuse mangkono asu ajag acalathu : la lawang krangkeng tutupen, mengko bukaken maneh. Lawanging krangkeng diinep dening brahmana, bareng wus minep, asu ajag acalathu **: brahmana, saiki lawange aja kobukak**".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Utusane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang

ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**nuli ingsun dhawuhake putusane sarana saka panimbange para punggawaningsun kang anindakake pangadilan**, marmane sira bruwang ingsun utus animbali si asu ajag, barenga salaku nira. Bruwang matur sandika banjur mangkat".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten alas ingkang dados sabanipun para sato kewan. Ing sawijining dinten, sang prabu ingkang lenggah ngadhep para punggawanipun menika andangu bilih asu ajag menapa boten wonten. Awit sang prabu menika badhe mariksa gugadipun para kewan ingkang dipunpaeka marang asu ajag. Saha sang prabu badhe ngawontenaken pangadhilan miturut panimbanganipun para punggawa. Salajengipun sang prabu angutus bruwang supados animbali asu ajag.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab wicaksana ing ngriki kapcak ing ukara "**nuli ingsun dhawuhake putusane sarana saka panimbange para punggawaningsun kang anindakake pangadilan**". Sang prabu ngginakaken cara rerembugan kaliyan para punggawanipun sarta nindakaken menapa ingkang dados putusanipun menika.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Bapakne nuruti nuli seba ing Sang Ratu matur nyuwun pasawahan saka parenge. Sang Prabu mireng ature wong miskin, **dhawuh maring punggawa anyatakna apa kahanane, punggawa matur sandika nuli mangkat, ora suwe bali matur yen sakabehing ature wong miskin temen, mulane panyuwune pasawahan diparingake**".

Ing konteks saderengipun kacariyosaken bilih ing jaman kina wonten tiyang miskin ingkang namung gadhah griya ingkang alit ananging sampun risak. Tiyang miskin wau rerembugan kaliyan anakipun ingkang taksih prawan supados nyuwun pasawahan kaliyan ratu ing nagari ngriku.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih tiyang miskin wau sowan ing ngarsanipun sang ratu ngandharaken prelunipun. Sang prabu miren gaturipun tiyang miskin menika angutus punggawanipun mriksa kahananipun tiyang miskin ingkang sajatosipun. Amargi menapa ingkang dipunandharaken tiyang miskin menika leres miturut para punggawa, banjur sang ratu amaringi pasawahan.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab bijak menika nalika sang ratu ngutus punggawanipun supados mriksa kadospundi kahananipun tiyang ingkang nyuwun lemah pasawahan menika. ukaranipun "**dhawuh maring punggawa anyatakna apa kahanane, punggawa matur sandika nuli mangkat, ora suwe bali matur yen sakabehing ature wong miskin temen**". Awit sadaya putusan menika tansah wujud saking panimbang ingkang sarwa ngati-ati supados boten dados kuciwa ing wingking.

14. Ngajeni Tiyang Sanes

Ngajeni tiyang sanes menika lelampahan ingkang ngandharaken khurmat, boten nyepeleaken saha nggatosaken tiyang sanes. Lelampahan menika sae amargi saged damel pagesangan tansah rukun saha boten damel tiyang sanes kuciwa.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Pangulu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Sang Prabu angandika : iki luwih abot, ingsun ora kelar. Ature pangulu : Gusti, siti sakarung kemawon langkung awrat, saiba awratipun siti pinten-pinten ewu karung ingkang sampun panjenengan dalem pundhut kanthi wasesa punika. **Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih,** omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar".

ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing jaman kina wonten ratu ingkang badhe damel kraton ingkang amba. Ratu menika banjur badhe mundhut omah sapomahan ingkang wonten ing sacedhakipun kraton. Omah menika dipungantos arta cacahipun satunggalatus dinar. Lajeng wonten satunggal tiyang ingkang amangsuli utusan sang ratu.

Amargi omah sapomahan ingkang dados gadhahipun tiyang menika warisan saking bapakipun ingkang dhawuh supados sampun ngantos omah menika dipunsade. Pamanggihipun tiyang menika supados ngestoaken dhawuhipun bapak nanging tiyang menika dipunpeksa kesah griya. Ing margi tiyang menika kepanggih kaliyan panggulu ingkang badhe anulungi tiyang menika. salajengipun pangulu menika seba dhateng kadhaton sowan ratunipun kanthi gadhah parlu ngandharaken bab ingkang dados pamanggihipun.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sang ratu sambat lajeng panggulu suka pitutur bab lelampahanipun sang ratu ingkang kirang sae. Sang ratu ingkang mireng menapa ingkang dados pamanggihipun panggulu ngraosaken rasa ingkang boten kapenak. Sang ratu banjur ngewangsulaken

menapa ingkang sampun dipun pundhut menika dhateng tiyang ingkang gadhah saderengipun, lajeng ugi paring arta ingkang cacahipun satunggalatus dinar

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab ngajeni tiyang sanes menika kapacak ing ukara "**Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih**". Amargi ing konteks menika sang prabu mireng lajeng tuwuh pamikiripun mengeti bab ingkang dipunandharaken pangulu.

15. Sabar

Sabar menika lelampahan ingkang ngandharakenbilih nandang damel menika kedahipun boten gampil nesu, tansah boten grusa-grusu utawi sareh. Sabar ing ngriki kalebet ing piwulang budi pekerti ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Paraga sanesipun amargi sabar ing ngriki ngandharaken bilih ing pagesangan tansah wonten bab nalika sesrawungan utawi nanggepi paraga sanes menika kedah prelu bab sabar menika. Salajengipun, piwulang sabar kalebet ing bab moral amargi piwulang sabar menika paring conto lelampahan ingkang sae kanthi ati-ati. Saking bab menika tansah ngawujudaken bab ingkang sae ing tembe wingkingipun.

Sabar menika miturut Poerwadarminta (1939:536) dipunandharaken minangka kahanan sareh anggenipun nandang pangarep-arep. Ing pirembagan menika piwulang bab sabar dipunkajengaken saged paring tuladha lelampahanipun.Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Wong Bodho Tatelu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Calathuning sing lanang : saweruhku iya lagi kowe, **ewadene becik dak sarehne dhisik,** ambok manawa aku bisa mrangkuli wong kang ngungkuli ing bodhomu, amasthi kowe dak apura. Sawuse calathu mangkono kalepat lunga, lungguh ing watu sapinggiring dalan gedhe".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang desa ingkang gadhah sapi cacahipun tiga masrahaken dhateng garwanipun supados dipunsade kanthi regi boten kirang saking tigangatus rupiah. Nanging luput ing garwanipun menika kapusan ngantos sapi kalih dipunbeta tiyang ingkang tumbas tanpa nyukani arta. Wong desa menika duka mangertosi garwanipun damel kuciwa nalika dipunpercados lajeng nguntab. Garwanipun namung saged nangis anyuwun pangapura saha nyuwun pirsa menapa boten wonten malih tiyang ingkang langkung bodho tinimbang garwanipun menika.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wong desa amangsuli bilih tiyang bodho ingkang dipunpanggihi nggih nembe garwanipun menika. pamikiripun tiyang desa supados sareh rumiyin mbok menawi saged manggihi tiyang ingkang langkung bodho saking garwanipun.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab sabar menika kapacak ing ukara "**ewadene becik dak sarehne dhisik**". Amargi ing cariyos menika kaandharaken bilih tiyang desa boten tamtu ngukum garwanipun awit saking luputipun. Tiyang desa amikir menawi kepanggih tiyang ingkang langkung bodho tinimbang garwanipun menika, tiyang desa bakal angapura garwanipun.

16. Jujur

Jujur menika saged dipunmangertosi bilih kahanan ingkang ngandharaken bab menapa wontenipun. Matur saha nglampahi tumindak kanthi menapa wontenipun. Ing ngriki jujur kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken

gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun amargi kandthi jujur kaliyan paraga sanesipun, menika saged damel raos percados ing tiyang sanesipun. Salajengipun jujur kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken moral amargi jujur menika lelampahan ingkang sae.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : **endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu**, becik dak aturake".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Sang Prabu anampani karo suka, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : **Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang miskin ingkang rerebugan kaliyan anak wadonipun supados nyuwun pasawahan marang sang ratu ing nagari ngriku supados sageda dados pangupa jiwa. Panyuwun menika dipunkabulaken sang ratu, lajeng lemah pasawahan menika dipungarap dening tiyang miskin. Wanci panggarapipun menika meh tutug tiyang miskin menika amanggihaken lumpang emas ingkang kependhem ing njero lemah. Pamanggihipun tiyang miskin menika supados amangsulaken lumpang emas

menika dhateng sang ratu awit ingkang dipunparingaken sang ratu menika namung lemah pasawahan boten sanesipun.

Saking pethilang cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sang prabu menika sumringah anampani lumpang emas menika, ananging sang ratu taksih andangu bilih menapa tiyang miskin menika boten anemu sanesipun. Ing pethilan cariyos menika tiyang miskin amangsuli bilih namung lumpang ingkang dipunpanggihaken.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab jujur menika kapacak ing ukaranipun tiyang miskin "**Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih**". ukara menika saged ngandharaken piwulang bab jujur amargi saking kontek cariyos saderengipun menika sampun dipunandharaken bilih namung lumpang ingkang dipunpanggihaken. Bab menika kapacak ing ukara "sanalika pasawahan dibubak arep tinanduran pari, bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake".

17. Seneng

Seneng utawi suka menika miturut Poerwadarminta (1939:571) dipunandharaken minangka rasa bungah. Kahanan ingkang damel manah menika lega. Ing ngriki piwulang seneng menika gadhah ancas supados ngemutaken marang pamaos bilih damel rasa seneng menika kathah caranipun. Salajengipun menawi saged damel tiyang sanes menika ngraosaken rasa seneng, menika kalebet lelampahan ingkang sae.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**Sang Prabu anampani karo suka**, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang miskin ingkang rerebugan kaliyan anak wadonipun supados nyuwun pasawahan marang sang ratu ing nagari ngriku supados sageda dados pangupa jiwa. Panyuwun menika dipunkabulaken sang ratu, lajeng lemah pasawahan menika dipungarap dening tiyang miskin. Wanci panggarapipun menika meh tutug tiyang miskin menika amanggihaken lumpang emas ingkang kependhem ing njero lemah. Pamanggihipun tiyang miskin menika supados amangsulaken lumpang emas menika dhateng sang ratu awit ingkang dipunparingaken sang ratu menika namung lemah pasawahan boten sanesipun.

Saking pethilang cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih sang prabu menika sumringah anampani lumpang emas menika, ananging sang ratu taksih andangu bilih menapa tiyang miskin menika boten anemu sanesipun. Ing pethilan cariyos menika tiyang miskin amangsuli bilih namung lumpang ingkang dipunpanggihaken.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab seneng menika kapacak kanthi cetha ing ukara "**Sang Prabu anampani karo suka**". Raos suka menika kahananing manungsa ingkang manggihi perangan ingkang saged nglelipur ati.

Ing cariyos menika lelipur menika wujudipun lumpang emas ingkang dipunaturaken dening tiyang miskin.

18. Tumindak Kedah Tetulung

Tetulung miturut Perwadarminta (1939:612) inggih menika paring pambiyantu marang sanesipun. ing ngriki tetulung kalebet ing piwulang amoral amargi conto lelampahan ing cariyosipun menika ngandharaken lelampahan ingkang sengaja boten purun tetulung. Piwulang boten purun tetulung menika dipundadosaken conto lelampahan ingkang kirang sae supados pamaos boten nglampahi lelampahan menika.

ing ngriki dipunandharakenIng kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Kuldi karo Asu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> “kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae. "kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket”.

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang ingkang badhe lelungan mbekta kuldi saha asu. Kuldi menika dipunmomoti barang ugi panganan sangu lelungan. Sasampunipun jangkep menapa ingkang dipunbekta, lajeng bidhal anggenipun lelungan. Sasampunipun setengah dinten tiyang menika ngaso ing sangandhapipun wit waringin lajeng tilem.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika, kacariyosaken bilih asu sampun boten kuwawa nandang rasa luwe banjur anyedhaki kuldi ingkang mbekta sangu panganan bendaranipun. Asu nyuwun supados kuldi purun paring panganan ananging kuldi menika boten purun amargi menika sangu bendaranipun. Kuldi calathu bilih supados asu sabar ngentosi bendaranipun wungu. Samangkih amasthi dipunparingi panganan.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab tetulung ingkang ngewrat amoral nalika kuldi menika boten atetulung kaliyan asu amargi kisudagar sampun percados nitipaken barang barangipun marang kuldi lajeng kanthi bijak kuldi boten ngeparengaken panyuwunipun asu. Bab menika kapacak ing ukara “aku arep anjupuk panganan sathithik bae. "kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi”.

Lajeng ing perangan candhakipun asu ambales lelakonipun kuldi wanci kuldi dipuncedhaki asu ajag. Asu boten anulungi kuldi nalika kuldi anyeluk-celuk nyuwun tulung. Bab menika kapacak ing ukara “ora antara suwe ana asu ajag teka anyedhaki, kuldi banget miris saceluk celuk marang asu, tembunge : ki sanak aku tulungana, asu amangsuli : lah sabara, angentenana bandara dhisik, menawa weruh bab mangkono rak iya ditulungi”.

19. Tumindak Boten Pareng Gumedhe

Gumedhe menika lelampahanipun manungsa ingkang tansah ngumbar bab ingkang dados kagunganipun. Piwulang gumedhe ing ngriki dipundadosaken conto lelampahan ingkang kirang sae supados pamaos boten nglampahi lelampahan menika.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Jarane Loro* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "ana jaran loro lumaku, ing siji momot beras, sijine dhuwit, jaran kang momot dhuwit seneng banget. Apit ing gawa barang endah, **osik ing atine : luwih mulya aku tinimbang kang ing gawa beras iku, pangajine ora sapiraa, nanging gagawanku pirang-pirang ewu rupiyah**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten jaran kalih ingkang lumaku mbeta momotan beras kaliyan dhuwit. Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih jaran ingkang momot dhuwit menika ngraosaken bungah amargi momot barang ingkang gedhe ajinipun. Pamanggihipun langkung mulya mbeta dhuwit tinimbang mbeta beras ingkang ajinipun boten sapinten tinimbang dhuwit ingkang cacahipun mapinten-pinten ewu rupiah.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab gumedhe kapacak ing ukara "**luwih mulya aku tinimbang kang ing gawa beras iku, pangajine ora sapiraa, nanging gagawanku pirang-pirang ewu rupiyah**". Saking ukara menika sampun cetha bilih jaran ingkang momot artha menika nganggep menawi pribadhinipun langkung mulya lajeng pamer kaliyan jaran ingkang momot beras.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Wit Waringin karo Pari* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "kisanak, awakmu iku lemes banget, sanadyan angin ora banter masthi manthelung, **beda karo aku, angin banter ra dikaya ngapa**"

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten pari ingkang thukul sacedhaking wit waringin. Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wit waringin menika calatu marang pari bilih menapa awakipun pari lemes sanget. Wit waringin ngandharaken bilih wit waringin kiyat nalika angin banter nerak ing awakipun.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab gumedhe kapacak ing ukara "**beda karo aku, angin banter ra dikaya ngapa**". Bab menika sampun cetha bilih wit waringin nganggep pari boten gadhah daya. awit boten emut bilih sadaya menika gadhah kaluwihan piyambak-piyambak.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Wong Sugih karo Wong Miskin* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "calathu: kisanak, punapa paedahipun kagunan sampeyan, sanadyan nyambut damel tanpa kendel; **mangka kula punika namung nganggur, para pangageng sanagari prasasat dados mitra kula sadaya, kerep dhateng griya kula**, dados menawi makaten langkung luhur kasugihan tinimbang kaliyan kasagedan."

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih ing satunggaling nagari wonten tiyang sugih kaliyan tiyang miskin. Tiyang miskin menika dados dhukun ingkang sampun kondhang kaloka ing sanagari pinteripun. Dene tiyang ingkang sugih wau boten kagungan kasagedan napa-napa.

Saking pethilan cariyos ing inggil menina kaandharaken bilih tiyang sugih kaliyan tiyang miskin kepanggih lajeng wicantenan bab paedahipun pakaryanipun piyambak-piyambak. Tiyang sugih anganggep bilih kasugihan langkung mulya

tinimbang kasagedan. Amargi kanthi namung nganggur para pangageng sanagari asring dhateng ing griyanipun.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab gumedhe kapacak ing ukara "**mangka kula punika namung nganggur, para pangageng sanagari prasasat dados mitra kula sadaya, kerep dhateng griya kula**". Saking ukara menika tiyang sugih umuk bab ingkang sajatosipun dereng dipunmangertosi. Amargi ing perangan candhakipun dipunandharaken bilih kasagedan menika sipatipun salaminipun wonten beda kaliyan kasugihan ingkang saged ical.

20. Tumindak Boten Pareng Cethil

Cethil menika saged dipunandharaken minangka lelampahanipun tiyang ingkang bote remen dedana. Nanging saged dipunandharaken malih bilih cethil menika boten namung boten remen dedana, cethil ugi boten remen paring bab sanesipun. Cethil kalebet ing piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun amargi menika lelampahan ingkang ngandharaken gayutipun kaliyan paraga sanesipun. Cethil ing ngriki dipundadosaken conto lelampahan ingkang kirang sae supados pamaos boten nglampahi lelampahan menika.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Apus ing Apusan* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**Ana wong sugih banget cethile, ora tau dadana marang para pekir miskin, mula kasugihane saya mundhak-mundhak**, saking sumelange ing pialange durjana, rina wengi branane tansah sumandhing".

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih wonten tiyang ingkang sugih ananging boten natos paring dedana marang tiyang ingkang mbetahaken pitulung. Saking menika bandhanipun sangsaya kathah saking asringipun ing donya ingkang awon, rina dalu bandha donyanipun tansah dipunsandhing.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab cethil menika kapacak ing ukara "Ana wong sugih banget cethile, **ora tau dadana marang para pekir miskin, mula kasugihane saya mundhak-mundhak**". Saking ukara menika sampun cetha bilih wong sugih menika cethil. Kedahipun tiyang ingkang gadhah kaluwihan menika tansah mbiyantu tiyang ingkang mbetahaken pitulungan.

21. Tumindak Boten Pareng Nyolong

Nyolong menika saged dipuntegesi minangka lelampahan ingkangremen mendhet barangipun liyan kanthi boten nembung rumiyin (Poerwadarminta, 1939:645). Nyolong kalebet ing lelampahan ingkang boten pantes tinuladha amargi tansah saged damel tiyang sanes sangsara. Piwulang menika dipundadosaken conto lelampahan ingkang kirang sae supados pamaos boten nglampahi lelampahan menika.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Tikus Cilik* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "nanging suwe suwe ora kuwagang anyabili hawa napsune metu kakendelane, **iwak banjur cindong digawa lumayu, satutuging ngerong dipangan,** rasane luwih nikmat".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tikus cilik ingkang dipuntilar donya dening bapakipun. Saderengipun mati, bapakipun tikus cilik menika paring pitutur marang tikus cilik. Isinipun pitutur menika supados tikus cilik mangertosi bab pangganan ingkang rasanipun langkung enak tinimbang simpenan panganan ingkang dipunkempalaken dening bapakipun tikus cilik. Panganan ingkang enak menika saged damel cilaka marang bangsanipun menika.

Wiwitanipun tikus cilik menika mituhu kaliyan pitutur ingkang dipunandharaken bapakipun. Tikus cilik lajeng namung mangan panganan ingkang dados simpenan bapakipun. Saben dinten tikus cilik namung mangan wos saha gandum kemawon.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunandharaken bilih tikus cilik menika saya dangu boten kiyat nandang hawa nepsunipun. Lajeng tikus cilik menika kendel anjupuk iwak lajeng dipunbekta ing ngerongipun dipangan.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab nyolong menika kapacak ing ukara "**iwak banjur cindong digawa lumayu, satutuging ngerong dipangan**". ing ukara menika sampun cetha bilih tikus cilik anjupuk kanthi boten nembung kaliyan ingkang gadhah iwak goreng menika. bab menika kaandharaken bilih ingkang gadhah iwak menika muring kapacak ing ukara "kacarita wong kang duwe iwake rep cinolong banget muring-muringe, wekasan amasang kala, sajroning kala didokoki iwak sairis kang lagi mentas ginoreng".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Apus ing Apusan* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Saungkure wong sugih, mitrane kang andhudhuk pendheman pethi mau osik ing atine : **pethi saisine becik dak balekake ing panggonane, mengko yen wus andokok maneh, nuli dak colongne kabeh**, dadi aku oleh luwih akeh tinimbang kang uwis, pethi nuli diusung binalekake".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang sugih ingkang cethil nyuwun tulung mitranipun supados andhudhuk damel luwengan kangge mendhem bandhanipun. Sanes dinten menika tiyang sugih kaget amargi manggihi luwengan anggenipun mendhem bandhanipun wonten ingkang ndhudhuk. Pamanggihipun tiyang sugih menika namung mitranipun ingkang nyolong, lajeng tuwuh pamikiripun supados saged mbalekake bandhanipun menika. Dinten candhakipun tiyang sugih anemoni mitranipun ngandharaken menawi badhe mendhem bandhanipun malih.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika dipunadharaken bilih saungkuripun tiyang sugih, mitranipun tiyang sugih kala wau mikir supados saged nambah bandha ingkang dipuncolong menika. tuwuh pamanggih supados bandha ingkang dipuncolong menika dipunpendhem malih ing luwengan supados tiyang sugih boten ngonangi. Lajeng menawi tiyang sugih sampun nyelehake bandhanipun banjur dicolong.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab nyolong ing cariyos menika kapacak ing ukara "**pethi saisine becik dak balekake ing panggonane, mengko yen wus andokok maneh, nuli dak colongne kabeh**" . bab menika taksih gayut kaliyan perangan piwulang bab gadhah niat boten sae. Ing ukara menika sampun cetha anggenipun ngandharaken tuladha bab ingkang boten pantes tinuladha.

saking perangan cariyos ingkang sampun dipunandharaken ing inggil menika, piwulang bab nyolong menika tansah gayut kaliyan bab piwulang

ingkang sesambetan kaliyan paraga sanesipun. Amargi bab nyolong menika tansah wonten paraga ingkang nglampahi anjupuk barang ing liyan saha wonten ugi paraga ingkang ngrasa kilangan barangipun. Awit saking bab nyolong menika tansah damel sangsaranipun paraga ingkang kelangan barang.

22. Tumindak Boten Pareng Ngapusi

Ngapusi menika lelampahaning tiyang ingkang ngandharaken bab menika boten ingkang nyata. Piwulang menika supados saged dipundadosaken conto lelampahan ingkang kirang sae supados pamaos boten nglampahi lelampahan menika.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Pangon karo Wong Desa* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**pangon sumedya ambubungah atine sarana agawe guguyon marang wong desa mau, banjur alok-alok: tulung, tulung, ana macan, ana macan**. Wong desa kang krungu padha metu inggawa gagaman, arep amateni macan, satekane ing panggonan takon: endi macane. Pangon mangsuli karo gumuyu: ing wana wonten sima, nanging ngriki boten wonten, wong desa banjur bali karo muring-muring sarta mimisuhi marang pangangon".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten pangangon ingkang angon wedhusipun ing ara-ara celak kaliyan desa. Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih pangon pengen damel seneng atinipun kanthi cara geguyon kaliyan wong desa lajeng anyuara seru nyuwun tulung menawi wonten macan. Wong desa ingkang mireng banjur anekani nggenipun swanten wau kanthi mbeta gaman. Nanging mangertosi bilih menika wau namung guguyon, wong desa amisuhi pangangon kalawan muring muring.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab ngapusi menika kapacak ing ukara "**pangon sumedya ambubungah atine sarana agawe guguyon marang wong desa mau, banjur alok-alok: tulung, tulung, ana macan, ana macan**". Bab menika dipunjumbuhaken kaliyan ukara candhakipun ingkang ngandharaken bilih ukara menika ngewrat bab piwulang ngapusi ingkang kapacak ing ukara "satekane ing panggonan takon: endi macane. Pangon mangsuli karo gumuyu: ing wana wonten sima, nanging ngriki boten wonten, wong desa banjur bali karo muring-muring sarta mimisuhi marang pangangon".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Brahmana karo Macan* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Ana macan kang kacekel ing manusa dilebokake krangkeng wesi. Nalika samana ana brahmana liwat, macan acalathu ngasih-asih, tembunge : bendara, kula mugi sampeyan tulungi, ineping krangkeng punika kabikaka, amargi kula ngongrong sanget badhe ngombe. Brahmana amangsuli : **eh macan Manawa kowe ucul, ora wurung aku komangsa. Macan acalathu : wda bendara, kula namung badhe ngombe, sarampungipun kula malebet malih, boten pisan-pisan amiawona.** Brahmana anuruti, lawanging krangkeng dibukaka,Bareng wus menga, macan mancolot metu, acalathu : lah dalah, sak iki kowe dak mangsa, ing kono aku nuli ngombe".

ing pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih wonten macan ingkang kacandhak dening manungsa lajeng dipunlebetaken ing krangkeng. Lajeng wonten brahmana ingkang lewat ing ngriku dipunsuwuni tulung kaliyan macan supados ambikakaken lawanging krangkeng amargi macan ngelak pengin ngombe. Ananging wanci sampun dipunbikakaken, macan metu lajeng badhe amangsa brahmana.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab ngapusi inggih menika kapacak ing ukara "**Macan acalathu : wda bendara, kula namung badhe ngombe, sarampungipun kula malebet malih, boten pisan-pisan amiawona**". Ukara menika taksih gayut ing ukara candhakipun ingkang nedahaken bilih menika ukara ngapusi, ukaranipun inggih menika "Bareng wus menga, macan mancolot metu, acalathu : lah dalah, sak iki kowe dak mangsa, ing kono aku nuli ngombe".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo Utusane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "**Asu ajag acalathu : lah iki ing jero okeh madune, tutugna pangombemu**. Bruwang tanpa piker, congor karo sikile ngarep loro pisan dilebokake ing kayu kang menga**, bareng lagi malebu, paju diongak-ogak dening asu ajag copot, kayu kang sigar mingkem, bruwang congor karo sikile kajepit**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten alas ingkang dados sabanipun para sato kewan. Ing sawijining dinten, sang prabu ingkang lenggah ngadhep para punggawanipun menika andangu bilih asu ajag menapa boten wonten. Awit sang prabu menika badhe mariksa gugadipun para kewan ingkang dipunpaeka marang asu ajag. Saha sang prabu badhe ngawontenaken pangadhilan miturut panimbanganipun para punggawa. Salajengipun sang prabu angutus bruwang supados animbali asu ajag.

Dipunandharaken bilih asu ajag menika nalika mireng menapa ingkang dipunandharaken bruwang tuwuh pamikiripun bilih menawi asu ajag ngadhep ing

ngarsanipun sang prabu, amesthi asu ajag dipunukum pati. Lajeng tuwuh pamanggih sanesipun saking asu ajag angupadaya supados saged luput saking ukuman inggih menika ngapusi bruwang. Bruwang percados kaliyang menapa ingkang dipunadharaken asu ajag tanpa dipunpikir langkung rumiyin

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab ngapusi ing inggil menika kapacak ing ukara "**Asu ajag acalathu : lah iki ing jero okeh madune, tutugna pangombemu**". Ukara menika dipungayutaken kaliyan ukara candhakipun ingkang ngandharaken bilih ukara menika namung ukara ngapusi ingkang kapacak ing "**bareng lagi malebu, paju diongak-ogak dening asu ajag copot, kayu kang sigar mingkem, bruwang congor karo sikile kajepit**".

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Wong Bodho Tatelu* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Ora antara suwe ana wong wadon liwat. Sawang-sawangane luwih bodho, dicalathuni mangkene : **mbakyu, aku iki wong saka kherat, mara tulungana, aku wenehana panganan, sathithik bae, wetengku luwe banget**".

Ing konteks saderengipun dipuncariyosaken bilih wonten tiyang desa ingkang gadhah sapi cacahipun tiga masrahaken dhateng garwanipun supados dipunsade kanthi regi boten kirang saking tigangatus rupiah. Nanging luput ing garwanipun menika kapusan ngantos sapi kalih dipunbeta tiyang ingkang tumbas tanpa nyukani arta. Wong desa menika duka mangertosi garwanipun damel kuciwa nalika dipunpercados lajeng nguntab. Wong desa mikir menawi wontena tiyang ingkang ngungkuli bodho garwanipun menika lajeng metu saking griya.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken billih wonten tiyang wadon liwat katingal langkung bodho lajeng wong desa wau calathu dhateng tiyang wadon wau. Tiyang desa ngandharaken bilih tiyang desa menika asalipun saking akherat lajeng nyuwun tulung dipunsukani pepanganan.

Perangan ingkang ngandharaken bab piwulang ngapusi menika kapacak ing ukara "**mbakyu, aku iki wong saka kherat, mara tulungana, aku wenehana panganan, sathithik bae, wetengku luwe banget**". Wonten paribasan menawi ngapusi sapisan amesthi wonten ngapusi salajengipun supados nutupi anggenipun apusan saderengipun. Bab menika dipundadosaken tuladha ing cariyos menika. bilih wonten bab ngapusi ingkang dipunlampahi wong desa salajengipun.

23. Tumindak Kedah Wicaksana

Kirang wicaksana menika lelampahanipun tiyang ingkang mutusi prakawis kanthi boten langkung rumiyin dipunpikir kanthi satemenipun. Saengga putusanipun menika kirang adil sarta ndadosaken tiyang sanes ngraos kuciwa. Lajeng piwulang kirang wicaksana ing ngriki dipundadosaken conto lelampahan ingkang kirang sae supados pamaos boten nglampahi lelampahan menika.

Ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* ingkang irah-irahanipun *Ratu karo garwane* wonten ingkang saged dipunlebetaken ing kategori piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun. Pethilanipun cariyos kados menika:

> "Ing kono katungka rawuhe Sang Ratu, kang pasulayan meneng sarta banjur angadhep ngaturake nalar-nalare. Sang Ratu mireng angandika : **belo sira tampakna kang duwe kebo**".

Ing konteks saderengipun menika dipuncariyosaken bilih sang prabu tindak amriksa sakabahing praja kadherekaken dening para punggawa saha tukang grobag kalih ingkang usung usung barang kagunganipu sang prabu. Grobag ingkang satunggal ginered jaran lajeng ingkang satunggal malih ginered kebo. Nalika tutug ing alun-alun jaran manak lajeng antara dangu belo lumaku mara ing ngareping kebo. Saking bab menika belo dados rebutaning tukang grobag ngantos kapirengan dening sang prabu.

Saking pethilan cariyos ing inggil menika kaandharaken bilih sang prabu ngendika supados tukang grobag kakalih sowan ing ngarsanipun sang prabu. Parlunipun supados tukang grobag kakalih ngandharaken prakara ingkang kadadosan menika. sang prabu animbang-nimbang lajeng ngandharaken pamanggihipun supados belo menika dipunpasrahaken dhateng tiyang ingkang gadhah kebo.

Perangan ingkang ngandharaken piwulang bab kirang wicaksana menika kapacak ing ukara "**belo sira tampakna kang duwe kebo**". Awit sampun dipunmangertosi bilih belo menika anak jaran, ananging sang prabu amasrahaken belo menika ing tukang grobag ingkang gadhah kebo. Bab menika sampun ngandharaken bab lelampahan ingkang kirang leres saking sang prabu.

BAB V
PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembagan ingkang kapacak ing bab saderengipun, saged dipunpendhet dudutanipun bilih ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika ngewrat piwulang bab budi pekerti. Ing salebetipun cariyos menika dipungambaraken lelampahan-lelampahan minangka sarana ngandharaken piwulang menika. Piwulang budi pekerti ingkang dipunpanggihaken ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika dipungambaraken dados tiga inggih menika piwulang gayutipun paraga kaliyan Gustinipun, piwulang gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadi, saha piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun.

Ing perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan Gustinipun menika wonten 4 piwulang ingkang dipunpanggihaken. Piwulang ingkang dipunpanggihaken inggih menika awujud pasrah, narima, ikhlas, saha jujur. Lajeng Ing perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan dhiri pribadinipun menika wonten 19 piwulang ingkang dipunpanggihaken. Piwulangipun inggih menika kendel, seneng, eling (pengendhalian diri), narima, mituhu kaliyan tiyang sepuh, tanggel jawab, sabar, ngangsu kawruh, prinsip/ teguh, cerdas, tumindak kawiwiti niat ingkang sae, amanah, ikhlas, ngupaya daya, wicaksana, jujur, tumindak boten pareng remen ngresula, tumindak boten pareng kawiwiti niat ingkang boten sae, saha tumindak boten pareng sembrana.

Ing perangan piwulang ingkang ngandharaken gayutipun paraga kaliyan paraga sanesipun menika wonten 23 piwulang ingkang dipunpanggihaken.

Piwulangipun inggih menika tresna marang sesami, tetulung, tresna kaliyan anak, bekti kaliyan tiyang sepuh, bekti kaliyan pimpinan, musawarah, tanggel jawab, tresna kaliyan kanca, tresna kaliyan garwanipun, tresna kaliyan rakyat, tresna kaliyan tiyang sepuh, amanah, wicaksana, ngajeni tiyang sanes, sabar, jujur, seneng, tumindak boten pareng gumedhe, tumindak boten pareng cethil, tumindak boten pareng nyolong, tumindak boten pareng ngapusi, saha tumindak kedah wicaksana.

B. Implikasi

Panaliten menika ngrembag lelampahan-lelampahan ingkang nggambaraken piwulang budi pekerti ing kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer*. Saengga sageda paring tuladha anggenipun lelampahan ingkang sae ing pagesangan. Piwulang budi pekerti ing cariyos menika saged dados *sumber refrensi* utawi titikan anggenipun mulangaken bab lelampahan sae. Supados sageda mbedaaken bab lelampahan ingkang sae saha ingkang awon, ingkang pantes tinuladha saha ingkang boten pantes tinuladha.

C. Pamrayogi

Prelu dipunwontenaken panaliten ingkang langkung tliti malih supados saged ngandharaken piwulang-piwulang ingkang dereng dipunpanggihaken, amargi boten sadaya prekawis ngangingi kempalan cariyos *Tjampoer Bawoer* menika dipunrembag ing panaliten menika. Panaliten menika sageda dados titikan panaliten sanesipun ingkang wujud rerembaganipun sami. Sanesipun supados sageda dados titikan anggenipun mulangaken piwulang ngengingi bab budi pekerti ing masarakat.

KAPUSTAKAN

Pustaka

A'araf, Fajar. 2011. *Nilai-Nilai Pendidikan Moral dalam Serat Baratayuda*. Skripsi S1: Program Studi Bahasa Jawa, FBS UNY Yogyakarta.

Bertens, K. 2011. *Etika.* Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Chaer, Abdul.1995. *Pengajaran Semantik*. Bandung: Angkasa.

Danandjaja, james. 1986. *Foklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Graffiti.

Daroeso, Bambang. 1983. *Pengantar pendidikan moral Pancasila.* Semarang: Aneka.

Depdiknas. 1994. *Kamus Besar Bahasa Indonesia.* Jakarta: Balai Pustaka.

Endah, Kuswa. 2008. *Etika Jawa.* Diktat Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Budi Pekerti dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: PT. Hanindita Graha Widya.

_____.2006. *Budi Pekerti Jawa.* Yogyakarta: Gelombang Pasang.

_____.2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS.

Eriyanto. 2011. *Analisis Isi*. Pengantar Metodologi untuk Penelitian Ilmu Komunikasi dan Ilmu-ilmu Sosial Lainnya. Jakarta: Kencana Prenada Media Group.

Kustandi C. & Sutjipto B. 2011. *Media Pembelajaran Manual dan Digital.* Bogor: Ghalia Indonesia.

Liang Gie, The. 1982. *Dari Administrasi ke Filsafat.* Yogyakarta: Super Sukses.

Linda & Eyre, R. 1999. *Mengajarkan Nilai-nilai pada Anak.* Jakarta: Pustaka Utama.

Mardiatmadja, B.S 1986. *Tantangan Dunia Pendidikan.* Yogyakarta: Kanisius.

Mulyani, Hesti. 2010. *Komprehensi Tulis Jawa.* Diktat Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Nurgiyantoro, Burhan. 2012. *Teori Pengkajian Fiksi.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmopuspito, Asia. 1990. *Citra Wanita dalam Sastra.* Cakrawala Pendidikan. Edisi Mei. Yogyakarta: Lembaga Pengabdian Masarakat IKIP Yogyakarta.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters Uitgever Maatschappij N.V.

Purwadi. 2009. *Etika Jawa.* Yogyakarta: Paradigma Indonesia Publiser's.

_____. 2010. *Puisi Jawa Modern.* Yogyakarta: Paraton.

_____. 2011. *Kajian Filosofis Sastra dan Budaya Nusantara.* Yogyakarta: Putra Bangsa.

Semi, Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.

Suliman, 2006. *Nilai-Nilai Pendidikan Moral dalam Naskah Dongeng Warni-Warni.* Skripsi S1. Program Studi Bahasa Jawa, FBS UNY Yogyakarta.

Sumardjo, Jakob. *Pendidikan Nilai dan Sastra.* Jakarta: Grasindo.

Suseno, Magnis. 2006. *Etika Abad Keduapuluh.* Yogyakarta: Kanisius.

Tjahyadi. Lili, 1991. *Hukum Moral.* Yogyakarta: Kanisius.

Vos, De H.1987. *Pengantar Etika*. Yogyakarta: Tiara Wacana.

Widayat, Afendy. 2005. *Teori Sastra Jawa.* Diktat Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Widodo, Erna dan Mukhtar. 2000. *Konstruksi ke Arah Penelitian Deskriptif.* Yogyakarta: Avyrouz.

Wiyatmi. 2006. *Pengantar Kajian Sastra.* Yogyakarta: Pustaka.

(http://kbbi.web.id/ diakses pada 2 Mei 2013 jam 7.30)

Ms.m.wikipedia.org/wiki/Confucius dipunakses tanggal 6 April 2013 jam 20:00

Suryo S. Negoro. Budi Pekerti. http://www.jagadkejawen.com/index.php?option=com_content&view=article&id=17&Itemid=28&lang=id dipunakses tanggal 21 November 2013 jam 13.00

Uzey.blogspot.com/2009/09/pengertian-*nilai*.html?m= dipun-akses tanggal 6 April 2013 jam 20:00.

LAMPIRAN

Piwulang gayutipun paraga marang Gusti Allah

piwulang	Irah-irahan	indikator	Kaca / No.data
Pasrah	Tikus Cilik	**ana tikus wirog kang wis ngarepake mati, acalathu marang anak'e**, tembunge : **e, anakku, sakiki aku arep titekakake ing janji, rungaokna pituturku**	8 / 3.1
	Jejaka Loro	**osik ing atine : ing tembe yen aku tinekake ing janji**, omah lan pasawahan iki kabeh kaduwe ing anakku loro, iya ora wurung mung padu dina-dina, mula becik dak agawe layang wasiyat, barang-barangku kabeh lan pasawahan mung daklilaake marang salah sawijining anakku kang tresna marang ing aku.	50-51 / 21.1
narima	Tikus Cilik	**wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane, sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum**.	8-9 / 3.2
	Jarane Loro	**iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake.**	12 / 5.2
ikhlas	Ratu karo Pangulu	Sang Prabu angandika : iki luwih abot, ingsun ora kelar. Ature pangulu : Gusti, siti sakarung kemawon langkung awrat, saiba awratipun siti pinten-pinten ewu karung ingkang sampun panjenengan dalem pundhut kanthi wasesa punika. **Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih, omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar.**	45 / 19.3
jujur	Ratu karo garwane	bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : **endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi,**	58 / 23.3

piwulang	Irah-irahan	indikator	Kaca / No.data
		dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake	
		Sang Prabu anampani karo suka, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : **Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih.**	59 / 23.4

Piwulang gayutipun paraga marang dhiri pribadi

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
kendel	Tikus Karo Tirem	**prayoga aku metu saka panggonan iki**, arenggar-renggar pikir sarana adenang tontonan, **karepe kang mangkono dijurungi, anuli metu saka ngeronge**, ana ing jaba bungah sarta gumun adenang kahanan warna warnakang durung tau disumurupi	5 / 1.1
seneng	Tikus Karo Tirem	prayoga aku metu saka panggonan iki, arenggar-renggar pikir sarana adenang tontonan, karepe kang mangkono dijurungi, anuli metu saka ngeronge, **ana ing jaba bungah sarta gumun adenang kahanan warna warnakang durung tau disumurupi**	5 / 1.1
	Kuldi Loro	ki sudagar ngantuk ora suwe turu. "**kuldi sakarone weruh bendarane turu banget bungahe**, tumuli padha saba sakareppe dhewe-dhewe golek pangan,	6 / 2.1
	Ratu karo garwane	**Sang Prabu anampani karo suka,** pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih.	59 / 23.4
eling (pengendalian dhiri)	Kuldi Loro	aja anelat sabarang pratingkah ing liyan kodurung kosumurupi ali becikke, awit sabarang kang migunani marang wong siji, sok agawe sangsara ing liyan	7 / 2.3
narima	Tikus Cilik	wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane, **sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum.**	8-9 / 3.2
	Jarane Loro	iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake	12 / 5.2
Mituhu marang pangandikaniпun tiyang sepuh	Tikus Cilik	Nalika lumaku adengnang iwak gorengan sairis kang ambune gurih, **tikus uga kelingan wewekasing wong tuwane**	9 / 3.3

tanggel jawab	Kuldi karo Asu	kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae. **"kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket,**	13 / 6.1
	Ratu karo garwane	bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, **dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake**	58 / 23.3
sabar	Kuldi karo Asu	kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae. **"kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket,**	13 / 6.1
Ngangsu kawruh	Wong Sugih karo Wong miskin	nalika samana wong gemblung tetela ing sumurupe, yen kasugihan iku ora langgeng, mung kagunan kang langgeng salawase ana ing donya	16 / 8.2

Prinsip/ teguh	Bapa karo Anake	wong desa krungu calathuning bocah angon, karo anak'e nuli mudun kuldine tinuntun genti genti. Ora antara suwe kapethuk karo wong wadon tuwa anggendhong kayu rencek, acalathu: aneh banget kuldi mung tinuntun, mangka iku tutunggangan kang prayoga, larak bakal sayah. Wong desa kaku atine acalathu marang anak'e : thole, sakiki wus tetela , **parlu apa anuruti calathuning wong akeh, awit seje seje kakarepane.**	18 / 9.2
cerdas	Tikus Loro	tikus kang siji metu akale, calathune: **kisanak kowe mlumaha, endhog iku rangkulen ing sikilmu papat kang kukuh, buntutmu dakgerede. Sijine mituruti banjur mlumah, endhog rinangkul ing sikil papat, buntute digered ing kancane.** Kalawan akal kang mangkono tikus kalakon karepe amangan endhog,	19 / 10.1
	Bocah Mursid	pira kehe banyu sagara. Ature bocah mursid : Gusti Nata papundhen kawula, punika prakawis gampil, **manawi panjenengan dalem badhe mirsa, kaparenga dhawuh ambebegi ilining toya lepen-lepen, mangke kawula saged matur.**	36 / 17.1
		Sang Prabu andangu maneh : **pira cacahe lintang ing langit, ature bocah mursid : Gusti, kawula nyuwun dalancang sasuwek kaliyan dom, bareng wus pinaringan, nuli dicocogi ing dom nganti kebak, kaaturake ing Sang Prabu. Punika Gusti, manawi panjenengan dalem saged angetong kathahing ceceg, kawula ugi saged angetang lintang ing langit,**	36-37 / 17.2

	Ratu karo Utusane	Asu ajag ngrungu calathuning bruwang pamikire : **upama aku iki seba, ora wurung dikukum pati, awit saka wawaduling buburon kang dak paeka, luwih prayoga aku angupaya reka daya, bisane uwal saka babaya.**	38 / 18.2
Tumindak kawiwiti niat ingkang sae	Mitra Loro	Bocah loro iku saben dina yen bapakne maca layang, mangka wus sinelehake, enggal dijupuk nuli winaca. Wong iku duwe mitra, sumurup bab mangkono kurang patut tumraping bocah, wis masthi durung bisa nimbang ala becik bener lan luput, osik ing atine : mitra kui kiluput sarampunging pamaca sabab apa layang ora enggal disimpeni, nganti kasumurupan dening anak-anake, **prayoga dak emutne kalawan patrep kang alus, supaya sarampunging pamaca layang sinimpen,**	24 / 13.1
amanah	Ratu karo Pangulu	nanging sarehning bapak kala rumiyin meling makaten : eh, thole, besuk saungkurku, **omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol, mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken.**	42 / 19.2
ikhlas	Ratu karo Pangulu	Sang Prabu angandika : iki luwih abot, ingsun ora kelar. Ature pangulu : Gusti, siti sakarung kemawon langkung awrat, saiba awratipun siti pinten-pinten ewu karung ingkang sampun panjenengan dalem pundhut kanthi wasesa punika. **Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih, omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar.**	45 / 19.3
budidaya	Asu Ajag karo Baya	Ora antara suwe ana yuyu ngambang, lagi diparani nyilem, asu ajag enggal anggogohi karo	45 / 20.1

		sikile loro kang buri, baya nututi, sikiling asu ajag kena cinaplok, pamikire : wdalah, sikilku saiki cinaplok ing baya, **coba dak ngupaya akal bisane uwal saka ing bebaya iki**.	
bijaksana	Jejaka Loro	Pangulu angatag : lah kae gambare, mara panahen, jajaka kang siji anyandhak panah lan gandhewa, bareng panah diuculake, angenani sacedhaking mata, nanging jejaka sijine, lagi anyandhak gandhewa, tangane wus gumeter, ulate abiyas, ature marang pangulu : Kyai Pangulu, kula boten wentala manah gambaripun bapak, **sanadyan boten tampiya warisan kula sampun narimah.**	52-53 / 21.2
jujur	Ratu karo garwane	Sang Prabu anampani karo suka, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : **Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih**.	59 / 23.4
Tumindak bonten pareng remen ngresula	Kuldi Loro	Ki sudagar tangi, weruh kuldine kacemplung ing sendhang ora bisa mentas, enggal ditulungi kalawan **muring muring amarga kangelan.**	7 / 2.2
Tumindak boten pareng kawiwiti niat ingkang boten sae	Apus ing apusan	Saungkure wong sugih, mitrane kang andhudhuk pendheman pethi mau osik ing atine : pethi saisine becik dak balekake ing panggonane, **mengko yen wus andokok maneh, nuli dak colongne kabeh**, dadi aku oleh luwih akeh tinimbang kang uwis, pethi nuli diusung binalekake	22 / 12.3
Tumindak bonten pareng Sembrana	Ratu karo Utusane	**Asu ajag acalathu : lah iki ing jero okeh madune,** tutugna pangombemu**. Bruwang tanpa piker, congor karo sikile ngarep loro pisan dilebokake ing kayu kang menga,** bareng lagi malebu, paju diongak-ogak dening asu ajag copot, kayu kang sigar mingkem, bruwang congor karo sikile kajepit,	39 / 18.3

Piwulang gayutipun paraga marang paraga sanesipun

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
Tresna kaliyan sesami	Tikus karo Tirem	aja nglakoni pagaweyan kang durung kosumurupi laku-lakune yen ora kanthi pituduh lan panuntune wong pinter.	6 / 1.2
	Kuldi Loro	aja anelat sabarang pratingkah ing liyan kodurung kosumurupi ali becikke, awit sabarang kang migunani marang wong siji, sok agawe sangsara ing liyan	7 / 2.3
	Tikus Cilik	sing sapa ora mituhu marang pituturing wong tuwa utawa guru kang murih ing karahayon. Amesthi tumiba ing tiwas	10 / 3.5
	Kewan Papat	sing sapa ora mituhu ing piwulang lan pituduhe wong pinter kang kadunungan pangwasa, ing gugu kakarepane dhewe, amesthi anemu bilahi.	11 / 4.2
	Jarane Loro	iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake.	12 / 5.2
	Kuldi karo Asu	sing sapa ora gelem tatulung ing kasusahaning liyan, manawa nemu kasusahan, amesthi wong liyan uga ora dhangan atetulung.	14 / 6.2
	Wit Waringin karo Wit Pari	iki bab wong gemblung lan maneh duraka marang bapa biyung utawa gurune	15 / 7.2
	Bapa karo Anake	Mula samubarang pagaweyan sadurunge linakonan pinikir bakal wasanane, menawa wus tetela prayoga, aja mraduli marang pitutur lan panacading wong akeh.	19 / 9.3
	Tikus Loro	kang kadunungan akal budi iku ora manungsa bae, sanadyan kewan uga kadunungan akal budi.	20 / 10.2
	Pangon karo Wong Desa	Wong kang dhemen goroh, sanadyan calathuwa temenne, iya ora diandel.	21 / 11.2

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
	Mitra Loro	**lare alit ingkang dereng saged nimbang-nimbang punapa suraosi serat ingkang boten pantes winaos dening lare, punapa ing tembe inggih boten badhe nandhang sangsara ageng.**	25 / 13.2
	Asu Ajag karo Baya	Sing sapa amasang luwengan, awake dhewe trangkadhang kacemplung	50 / 20.2.
tetulung	Kuldi Loro	Ki sudagar tangi, **weruh kuldine kacemplung ing sendhang ora bisa mentas, enggal ditulungi** kalawan muring muring amarga kangelan.	7 / 2.2
	Kuldi karo Asu	kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae. "kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket,	13 / 6.1
	Tikus Loro	tikus kang siji metu akale, calathune: kisanak kowe mlumaha, endhog iku rangkulen ing sikilmu papat kang kukuh, buntutmu dakgerede. **Sijine mituruti banjur mlumah, endhog rinangkul ing sikil papat, buntute digered ing kancane.** Kalawan akal kang mangkono tikus kalakon karepe amangan endhog,	19 / 10.1
	Apus ing apusan	Anuju sawijining dina osik ing atine: branaku iki prayogane dak pendheme bae, supaya pikirku jencema. Sawuse duwe piker mangkono, **nuli nemoni mitrane**	21 / 12.2

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
		kang wus sinoroh cadi, jinalukan tulung, mitrane dhangan.	
	Jaran kang Tuwa	Jaran kapeksa lunga menyang ngalas lumaku karo nangis, ana ing dalan kapethuk karo mitrane yaiku asu ajag, atakon : kisanak, sabab apa kowe tekan kene, awakmu kuru banget, kurang patut upama rekasaa, pantesmu mung nganggur. Jaran nuli anuturake sakabehing lalakone. Asu ajag krungu welas banget, calathune : **kisanak, kalawan dhanganing atimu, sagayuh-gayuh aku nedya atutulung**	29-30 / 15.1
		Satekane ing kono kisudagar weruh jarane anglarak macan isih urip, **enggal atutulung** karo anggawa gaman pedhang, macan dipedhang gulune mati. Sapatining macan sudagar acalathu : lah wis jaran baliya ing panggonanmu lawas, wiwit dina iki kowe dak ingoni nganggur. Jaran bungah ing atine banjur bali ing panggonane lawas kalawan jenjem	31 / 15.2
	Brahmana karo Macan	Ana macan kang kacekel ing manusa dilebokake krangkeng wesi. Nalika samana ana brahmana liwat, macan acalathu ngasih-asih, tembunge : bendara, kula mugi sampeyan tulungi, ineping krangkeng punika kabikaka, amargi kula ngongrong sanget badhe ngombe. Brahmana amangsuli : eh macan Manawa kowe ucul, ora wurung aku komangsa. Macan acalathu : wda bendara, kula namung badhe ngombe, sarampungipun kula malebet malih, boten pisan-pisan amiawona. **Brahmana anuruti, lawanging krangkeng dibukaka**, Bareng wus menga, macan	32 / 16.1

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
		mancolot metu, acalathu : lah dalah, sak iki kowe dak mangsa, ing kono aku nuli ngombe.	
Tresna marang anak	Tikus Cilik	**ana tikus wirog kang wis ngarepake mati, acalathu marang anak'e, tembunge : e, anakku, sakiki aku arep titekakake ing janji, rungaokna pituturku**	8 / 3.1
	Mitra Loro	Dhayoh ngreti marang kareping mitrane angelingake katliwenge, **sabanjure anake ora dililani maca layang kang ora paedah tumraping bocah, dene kang diwenehake mung kang maedahi ingatase bocah.**	25 / 13.3
	Jejaka Loro	osik ing atine : ing tembe yen aku tinekake ing janji, omah lan pasawahan iki kabeh kaduwe ing anakku loro, iya ora wurung mung padu dina-dina, mula becik dak agawe layang wasiyat, **barang-barangku kabeh lan pasawahan mung daklilaake marang salah sawijining anakku kang tresna marang ing aku.**	50-51 / 21.1
Bekti marang tiyang sepuh	Tikus Cilik	**wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane,** sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum.	8-9 / 3.2
	Bapa karo Anake	ana wong desa karo anak'e lanang menyang pasar nedya adol kuldine, bapakne calathu: thole, kuldi prayoga aja dilakokake, supaya tutuging pasar katona rosa lan becik awake, **anak'e anuruti**, kuldine sikile disrimpung banjur ginotong wong loro.	17 / 9.1
	Ratu karo Pangulu	nanging sarehning bapak kala rumiyin meling makaten : eh, thole, besuk saungkurku, omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol, **mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken.**	42 / 19.2

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
Bekti marang pimpinan	Kewan Papat	Kasebut ing dalem kandha, ana khewan papat, yaiku : jaran, kidang, sapi lanang lan wedhus, ing sawijining dina padha arep lelaku, sadurunge mangkat arembugan sapa kang patut dadi kamituwane. Iyeging panemu jaran kang pinilih, lan supaya anuduhna dalan, wiwitane khewan kang tatelu mau tresna marang jaran, **saparentahe dilakoni, awit jaran bahut amilih dalan kang prayoga diambah,** sarta rumeksa kalerehane aja nganti nemu sangsara.	10 / 4.1
	Ratu karo Utusane	nuli ingsun dhawuhake putusane sarana saka panimbange para punggawaningsun kang anindakake pangadilan, marmane sira bruwang ingsun utus animbali si asu ajag, barenga salaku nira. **Bruwang matur sandika banjur mangkat,**	37-38 / 18.1
	Ratu karo Pangulu	sang Nata dhawuh angular capurining kadhaton, utusan punggawa, sarupaning wong kang omah sacedhaking kadhaton, omah sapomahane dipundhut, pinaringan pituwas kalawan murwat, **punggawa matur sandika banjur mubeng-mubeng adhawuhake apa kang dadi karsane sang prabu,**	41 / 19.1
musawarah	Kewan Papat	Kasebut ing dalem kandha, ana khewan papat, yaiku : jaran, kidang, sapi lanang lan wedhus, ing sawijining dina padha arep lelaku, **sadurunge mangkat arembugan sapa kang patut dadi kamituwane**. Iyeging panemu jaran kang pinilih, lan supaya anuduhna dalan, wiwitane khewan kang tatelu mau tresna marang jaran, saparentahe dilakoni, awit jaran bahut amilih dalan kang	10 / 4.1

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
		prayoga diambah, sarta rumeksa kalerehane aja nganti nemu sangsara.	
Tanggel jawab	Kewan Papat	Kasebut ing dalem kandha, ana khewan papat, yaiku : jaran, kidang, sapi lanang lan wedhus, ing sawijining dina padha arep lelaku, sadurunge mangkat arembugan sapa kang patut dadi kamituwane. Iyeging panemu jaran kang pinilih, lan supaya anuduhna dalan, wiwitane khewan kang tatelu mau tresna marang jaran, saparentahe dilakoni, awit **jaran bahut amilih dalan kang prayoga diambah, sarta rumeksa kalerehane aja nganti nemu sangsara.**	10 / 4.1
	Kuldi karo Asu	kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae. **"kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket,**	13 / 6.1
	Ratu karo garwane	bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, **dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake**	58 / 23.3.
Tresna marang kanca	Mitra Loro	Bocah loro iku saben dina yen bapakne maca layang, mangka wus sinelehake, enggal dijupuk nuli	24 / 13.1

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
		winaca. Wong iku duwe mitra, sumurup bab mangkono kurang patut tumraping bocah, wis masthi durung bisa nimbang ala becik bener lan luput, osik ing atine : mitra kui kiluput sarampunging pamaca sabab apa layang ora enggal disimpeni, nganti kasumurupan dening anak-anake, **prayoga dak emutne kalawan patrep kang alus, supaya sarampunging pamaca layang sinimpen**,	
		Dhayoh ngreti marang kareping mitrane angelingake katliwenge, sabanjure anake ora dililani maca layang kang ora paedah tumraping bocah, dene kang diwenehake mung kang maedahi ingatase bocah.	25 / 13.3
Tresna marang Garwanipun	Ratu karo garwane	Sang Prabu kakenan ing galih mireng ature kang garwa, pangandikane : **mirah jiwaningsun, marmane saiki sira dadiya garwaningsun maneh.** Sawuse ngandika mangkono Sang Prabu nuli kondur sarimbit, rawuh ing kadhaton lenggah, **lestari eggone sih siniyan karo garwane, sarta banjure ora tau padudon.**	66-67 / 23.6
Tresna marang rakyat	Bocah kang Tresna ing Biyunge	**Nalika samana ratu ing nagara kono panuju ana murlaku manganggo cara sudra,** dadi ora ana kang sumurup. **Kapethuk bocah lanang diparimani kehe sarupiyah.** Sang ratu angandika : kowe kapariman dhuwit sarupiyah parlu kogawe apa. Wangsulane bocah lanang : badhe kula damel ambayar opahaning dhukun ingkang anjampeni sakitipun biyung kula. Sang Ratu miring welas ing galih nuli amaringi, pangandikane : enya dak wenehi	26 / 14.2

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
		dhuwit sarupiyah, inggonen wragat ngundhang dhukun. Mung aku saiki tuduhna ing ngendi omahe biyungmu.	
Tresna marang tiyang sepuh	Bocah kang Tresna ing Biyunge	**Bocah mau andeleng lalakoning biyunge welas banget,** Osik ing atine : aku iki luwih miskin, prayoga papariman yen bisa oleh sarupiyah bae dak anggo ambayar opahaning dhukun,	25 / 14.1
	Jejaka Loro	Pangulu angatag : lah kae gambare, mara panahen, jajaka kang siji anyandhak panah lan gandhewa, bareng panah diuculake, angenani sacedhaking mata, nanging jejaka sijine, lagi anyandhak gandhewa, tangane wus gumeter, ulate abiyas, ature marang pangulu : **Kyai Pangulu, kula boten wentala manah gambaripun bapak**, sanadyan boten tampiya warisan kula sampun narimah.	52-53 / 21.2
	Ratu karo garwane	Anuju sawijining dina bocah wadon mau acalathu : **bapak, Sang Ratu iku sugih, saka panemuku prayoga anyuwuna pasawahan saka parenge**, supaya gampanga enggonmu ngupaya pangupaya jiwa.	58 / 23.1
Amanah	Jaran kang Tuwa	Satekane ing konokisudagar weruh jarane anglarak macan isih urip, enggal atutulung karo anggawa gaman pedhang, macan dipedhang gulune mati. Sapatining macan **sudagar acalathu** : **lah wis jaran baliya ing panggonanmu lawas, wiwit dina iki kowe dak ingoni nganggur.** Jaran bungah ing atine banjur bali ing panggonane lawas kalawan jenjem	31 / 15.2

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
	Ratu karo Pangulu	**nanging sarehning bapak kala rumiyin meling makaten : eh, thole, besuk saungkurku, omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol, mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken.**	42 / 19.2
wicaksana	Brahmana karo Macan	Asu ajag amangsuli karo gumuyu : brahmana, aku ora bisa mutusi sadurunge nyumurupi sakawite, mara tuduhna ing ngendi panggonaning krangkeng. Brahmana karo macan nuli lumaku, asu ajag tut buri. Satutuge kono asu ajag acalathu : eh, macan, kapriye patrapmu nalika ana sajroning krangkeng, endhasmu ana ngarep apa ana buri, mara mlebuwa dak delenge, supaya aja nganti salisir putusanku. Macan tanpa dipikir banjur mlebu angadeg ana tengah bener, asu ajag angatag marang brahmana : saiki mapana ing ngendi enggonmu ngadeg nalika ngecule macan, brahmana enggal ngadeg ngarep lawanging krangkeng. Sawuse mangkono asu ajag acalathu : **la lawang krangkeng tutupen, mengko bukaken maneh.** awanging krangkeng diinep dening brahmana, bareng wus minep, asu ajag acalathu : brahmana, saiki lawange aja kobukak, ya ben si macan ana krangkeng sajege urip, awit pikire ora langgeng, kobeciki arep amales ala. Brahmana banget panarimane maring pitulunganing asu ajag, nuli mulih gegancangan kalawan bungah ing atine, dene macan lastari ana krangkeng sarta kaduwung ing solehe kang wus kalakon.	34-35 / 16.2
	Ratu karo Utusane	**nuli ingsun dhawuhake putusane sarana saka panimbange para**	37-38 / 18.1

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
		punggawaningsun kang anindakake pangadilan, marmane sira bruwang ingsun utus animbali si asu ajag, barenga salaku nira. Bruwang matur sandika banjur mangkat,	
	Ratu karo garwane	Bapakne nuruti nuli seba ing Sang Ratu matur nyuwun pasawahan saka parenge. Sang Prabu mireng ature wong miskin, **dhawuh maring punggawa anyatakna apa kahanane, punggawa matur sandika nuli mangkat, ora suwe bali matur yen sakabehing ature wong miskin temen, mulane panyuwune pasawahan diparingake.**	58 / 23.2
Ngajeni tiyang sanes	Ratu karo Pangulu	Sang Prabu angandika : iki luwih abot, ingsun ora kelar. Ature pangulu : Gusti, siti sakarung kemawon langkung awrat, saiba awratipun siti pinten-pinten ewu karung ingkang sampun panjenengan dalem pundhut kanthi wasesa punika. **Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih,** omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar.	45 / 19.3
sabar	Wong Bodho Tatelu	Calathuning sing lanang : saweruhku iya lagi kowe, ewadene becik dak sarehne dhisik, ambok Manawa aku bisa mrangkuli wong kang ngungkuli ing bodhomu, amasthi kowe dak apura. Sawuse calathu mangkono kalepat lunga, lungguh ing watu sapinggiring dalan gedhe	55 / 22.1
jujur	Ratu karo garwane	bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : **endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang**	58 / 23.3

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
		diparingake mau mung bumi, dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturakeSang Prabu anampani karo suka, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : **Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih**	
		Sang Prabu anampani karo suka, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : **Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih.**	59 / 23.4
seneng	Ratu karo garwane	**Sang Prabu anampani karo suka**, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih.	59 / 23.4
Tumindak bonten pareng gumedhe	Jarane Loro	"ana jaran loro lumaku, ing siji momot beras, sijine dhuwit, jaran kang momot dhuwit seneng banget. Apit ing gawa barang endah, osik ing atine : **luwih mulya aku tinimbang kang ing gawa beras iku, pangajine ora sapiraa, nanging gagawanku pirang-pirang ewu rupiyah**.	11-12 / 5.1
	Wit Waringin karo Wit Pari	kisanak, awakmu iku lemes banget, sanadyan angin ora banter masthi manthelung, **beda karo aku, angin banter ra dikaya ngapa,**	14 / 7.1
	Wong Sugih karo Wong Miskin	calathu: kisanak, punapa paedahipun kagunan sampeyan, sanadyan nyambut damel tanpa kendel; **mangka kula punika namung nganggur, para pangageng sanagari prasasat dados mitra kula sadaya, kerep dhateng griya kula**, dados menawi makaten langkung luhur kasugihan tinimbang kaliyan kasagedan.	15 / 8.1

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
Tumindak bonten pareng cethil	Apus ing Apusan	Ana wong sugih banget cethile, **ora tau dadana marang para pekir miskin, mula kasugihane saya mundhak-mundhak**, saking sumelange ing pialange durjana, rina wengi branane tansah sumanding.	21 / 12.1
Tumindak bonten pareng nyolong	Tikus cilik	nanging suwe suwe ora kuwagang anyabili hawa napsune metu kakendelane, **iwak banjur cindong digawa lumayu, satutuging ngerong dipangan,** rasane luwih nikmat	9 / 3.4
	Apus ing Apusan	Saungkure wong sugih, mitrane kang andhudhuk pendheman pethi mau osik ing atine : **pethi saisine becik dak balekake ing panggonane, mengko yen wus andokok maneh, nuli dak colongne kabeh,** dadi aku oleh luwih akeh tinimbang kang uwis, pethi nuli diusung binalekake	22 / 12.3
Tumindak bonten pareng Ngapusi	Pangon karo Wong Desa	**pangon sumedya ambubungah atine sarana agawe guguyon marang wong desa mau, banjur alok-alok: tulung, tulung, ana macan, ana macan**. Wong desa kang krungu padha metu inggawa gagaman, arep amateni macan, satekane ing panggonan takon: endi macane. Pangon mangsuli karo gumuyu: ing wana wonten sima, nanging ngriki boten wonten, wong desa banjur bali karo muring-muring sarta mimisuhi marang pangangon.	20 / 11.1
	Brahmana karo Macan	Ana macan kang kacekel ing manusa dilebokake krangkeng wesi. Nalika samana ana brahmana liwat, macan acalathu ngasih-asih, tembunge : bendara, kula mugi sampeyan tulungi, ineping krangkeng punika kabikaka, amargi kula ngongrong sanget badhe	32 / 16.1

piwulang	cariyos	indikator	Kaca / No.data
		ngombe. Brahmana amangsuli : **eh macan Manawa kowe ucul, ora wurung aku komangsa. Macan acalathu : wda bendara, kula namung badhe ngombe, sarampungipun kula malebet malih, boten pisan-pisan amiawona.** Brahmana anuruti, lawanging krangkeng dibukaka, Bareng wus menga, macan mancolot metu, acalathu : lah dalah, sak iki kowe dak mangsa, ing kono aku nuli ngombe.	
	Ratu karo Utusane	**Asu ajag acalathu : lah iki ing jero okeh madune, tutugna pangombemu**. Bruwang tanpa piker, congor karo sikile ngarep loro pisan dilebokake ing kayu kang menga**, bareng lagi malebu, paju diongak-ogak dening asu ajag copot, kayu kang sigar mingkem, bruwang congor karo sikile kajepit,**	39 / 18.3
	Wong Bodho Tatelu	Ora antara suwe ana wong wadon liwat. Sawang-sawangane luwih bodho, dicalathuni mangkene : **mbakyu, aku iki wong saka kherat, mara tulungana, aku wenehana panganan, sathithik bae, wetengku luwe banget,**	55 / 22.2
Tumindak kedah bijaksana	Ratu karo garwane	Ing kono katungka rawuhe Sang Ratu, kang pasulayan meneng sarta banjur angadhep ngaturake nalar-nalare. Sang Ratu mireng angandika : **belo sira tampakna kang duwe kebo.**	62 / 23.5

KARTU DATA

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
5 / 1.1	**prayoga aku metu saka panggonan iki, arenggar-renggar pikir sarana adenang tontonan, karepe kang mangkono dijurungi, anuli metu saka ngeronge**, ana ing jaba **bungah** sarta gumun adenang kahanan warna warnakang durung tau disumurupi	tuwuh pamikiripun tikus cilik supados medal saking ngerong, tikus cilik menika banjur ngawujudaken pamanggih kepingin mangertosi kahanan ingkang wonten ing njaba ngerong menika. Salajengipun tikus cilik menika medal saking ngerongipun. Nalika sampun ing njabaning rong, tikus cilik menika gumun mangertosi kahanan ingkang dereng natos dipunsumurupi ing lebeting rong.	Paraga kaliyan diri pribadinipun.	Kendel Seneng
6 / 1.2	aja nglakoni pagaweyan kang durung kosumurupi laku-lakune yen ora kanthi pituduh lan panuntune wong pinter.	Pitutur ingkang dipunandharaken dhateng tiyang sanes supados saged dados pasinaon bab lelampahan menika kedah wonten pituduh tiyang ingkang langkung paham bab tartamtu.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna kaliyan sesami
6 / 2.1	ki sudagar ngantuk ora suwe turu. "**kuldi sakarone weruh bendarane turu banget bungahe**, tumuli padha saba sakareppe dhewe-dhewe golek pangan,	kuldi kekalih menika mangertosi menawi ki sudagar bendaranipun menika angler anggenipun sare. Kuldi kekalih menika seneng nedya seba pados pangan piyambak-piyambak anuruti kekarepanipun menika.	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Seneng

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
7 / 2.2	Ki sudagar tangi, weruh kuldine kacemplung ing sendhang ora bisa mentas, enggal ditulungi kalawan muring muring amarga kangelan.	bilih sudagar wungu lajeng manggihi kuldinipun kacemplung ing sendang. Ki sudagar enggal enggal nulungi kuldi wau ananging kabotan lajeng kisudagar muring-muring.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tetulung
			Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Remen ngresula
7 / 2.3	aja anelat sabarang pratingkah ing liyan kodurung kosumurupi ali becikke, awit sabarang kang migunani marang wong siji, sok agawe sangsara ing liyan	Menika pasinaon bab dereng temtu lelampahan ingkang sae ing salah satunggaling tiyang menika bakal sae ugi ing tiyang sanes	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna kaliyan sesami
			Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	(pengendalian dhiri)
8 / 3.1	**ana tikus wirog kang wis ngarepake mati, acalathu marang anak'e**, tembunge : **e, anakku, sakiki aku arep titekakake ing janji, rungaokna pituturku**	wonten tikus wirog ingkang tuwa sampun badhe mati paring pitutur dhateng anakipun. Tikus wirog menika ngendika bilih tikus tuwa sampun wancinipun mati lajeng ngandharaken supados anakipun nggatosaken pituturipun menika	Paraga kaliyan Gustinipun	Pasrah
			Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna marang anak
8-9 / 3.2	**wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane**, sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum.	tikus cilik menika mituhu kaliyan pitutur ingkang dipunandharaken bapakipun. Tikus cilik lajeng namung mangan panganan ingkang dados simpenan bapakipun. Saben dinten	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Bekti marang tiyang sepuh
			Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Narima

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
		tikus cilik namung mangan wos saha gandum.	Paraga kaliyan Gusti Allah	
9 / 3.3	Nalika lumaku adengnang iwak gorengan sairis kang ambune gurih, **tikus uga kelingan wewekasing wong tuwane**	tikus cilik menika mboten kagodha kaliyan panganan angganda gurih. Tikus cilik menika mantep anggenipun nyepeng wasiat bapakipun. Tikus cilik kemutan nalika bapakipun menika paring pituduh bab menika.	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Mituhu marang pangandikanipun tiyang sepuh.
9 / 3.4	nanging suwe suwe ora kuwagang anyabili hawa napsune metu kakendelane, **iwak banjur cindong digawa lumayu,** satutuging ngerong dipangan, rasane luwih nikmat,	tikus cilik menika saya dangu boten kiyat nandang hawa nepsunipun. Lajeng tikus cilik menika kendel anjupuk iwak lajeng dipunbekta ing ngerongipun dipangan.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (njupuk barange liyan)
10 / 3.5	sing sapa ora mituhu marang pituturing wong tuwa utawa guru kang murih ing karahayon. Amesthi tumiba ing tiwas.	Menika bab pitutur ingkang ngandharaken bilih sinten kemawon ingkang boten nggatosaken tiyang ingkang paring wewarah menika amesthi boten rahayu.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna kaliyan sesami

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
10 / 4.1	Kasebut ing dalem kandha, ana khewan papat, yaiku : jaran, kidang, sapi lanang lan wedhus, ing sawijining dina padha arep lelaku, sadurunge mangkat **arembugan sapa kang patut dadi kamituwane**. Iyeging panemu jaran kang pinilih, lan supaya anuduhna dalan, **wiwitane khewan kang tatelu mau tresna marang jaran, saparentahe dilakoni, awit jaran bahut amilih dalan kang prayoga diambah**, sarta rumeksa kalerehane aja nganti nemu sangsara.	wonten kewan cacahipun sakawan saderengipun lelampahan badhe lunga langkung rumiyin rerembugan. Kewan sakawan kala wau rermbugan amilih kamituwanipun lajeng jaran ingkang dipunpilih dados kamituwanipun. Awit jaran menika saged anuduhna dalan ingkang saged dipunambah sarta jaran menika kapingin ampun ngantos kepanggih bab sangsara	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Musawarah Bekti marang pimpinane. Tanggel jawab
11 / 4.2	sing sapa ora mituhu ing piwulang lan pituduhe wong pinter kang kadunungan pangwasa, ing gugu kakarepane dhewe, amesthi anemu bilahi.	Menika bab ingkang mulangaken bab menawi boten mituhu kaliyan tiyang ingkang langkug mangertos bab tartamtu, bakalan kepanggih kaliyan kasusahan	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna kaliyan sesami
11-12 / 5.1	"ana jaran loro lumaku, ing siji momot beras, sijine dhuwit, jaran kang momot dhuwit seneng banget. Apit ing gawa barang endah, **osik ing atine : luwih mulya aku tinimbang kang ing gawa beras**	jaran ingkang momot dhuwit menika ngraosaken bungah amargi momot barang ingkang gedhe ajinipun. Pamanggihipun langkung mulya mbeta dhuwit tinimbang mbeta beras ingkang ajinipun boten sapinten	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (gumedhe)

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	Andharan	Jinising piwulang	*Nilai*
	iku, pangajine ora sapiraa, nanging gagawanku pirang-pirang ewu rupiyah.	tinimbang dhuwit ingkang cacahipun mapinten-pinten ewu rupiah.		
12 / 5.2	iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake.	Menika piwulang ingkang ngandharaken supados syukur marang kahanan ingkang dipunparingaken Dening Gusti ingkang Maha Agung.	Paraga kaliyan paraga sanesipun Paraga kaliyan Gusti Allah Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Tresna kaliyan sesami, Narima
13 / 6.1	kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae. **"kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi,** kuldi anutugake anggone mangan suket,	asu sampun boten kuwawa nandang rasa luwe banjur anyedhaki kuldi ingkang mbekta sangu panganan bendaranipun. Asu nyuwun supados kuldi purun paring panganan ananging kuldi menika boten purun amargi menika sangu bendaranipun. Kuldi calathu bilih supados asu sabar ngentosi bendaranipun wungu. Samangkih amasthi dipunparingi panganan.	Paraga kaliyan paraga sanesipun Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Tanggel jawab Tetulungan Sabar

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
14 / 6.2	sing sapa ora gelem tatulung ing kasusahaning liyan, manawa nemu kasusahan, amesthi wong liyan uga ora dhangan atetulung.	Menika piwulang ingkang ngandharaken lelampahan tetulung. Sinten ingkang paring pambiyantu, amesthi bakal dipunwales.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna kaliyan sesami Tetulungan
14 / 7.1	kisanak, awakmu iku lemes banget, sanadyan angin ora banter masthi manthelung, beda karo aku, angin banter ra dikaya ngapa,	wit waringin menika calatu marang pari bilih menapa awakipun pari lemes sanget. Wit waringin ngandharaken bilih wit waringin kiyat nalika angin banter nerak ing awakipun	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (gumedhe)
15 / 7.2	iki bab wong gemblung lan maneh duraka marang bapa biyung utawa gurune	Menika piwulang ingkang ngandharaken paraga ingkang dereng mangertos menapa menapa saha ingkang kesupen kaliyan sejarahipun	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna kaliyan sesami
15 / 8.1	calathu: kisanak, punapa paedahipun kagunan sampeyan, sanadyan nyambut damel tanpa kendel; mangka kula punika namung nganggur, para pangageng sanagari prasasat dados mitra kula sadaya, kerep dhateng griya kula, dados menawi makaten langkung luhur kasugihan tinimbang kaliyan kasagedan.	bilih tiyang sugih kaliyan tiyang miskin kepanggih lajeng wicantenan bab paedahipun pakaryanipun piyambak-piyambak. Tiyang sugih anganggep bilih kasugihan langkung mulya tinimbang kasagedan. Amargi kanthi namung nganggur para pangageng sanagari asring dhateng ing griyanipun.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (gumedhe)

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
16 / 8.2	nalika samana wong gemblung tetela ing sumurupe, yen kasugihan iku ora langgeng, mung kagunan kang langgeng salawase ana ing donya	Menika piwulang ingkang ngrembag pasinaon bilih ing pagesangan tansah prelu kasagedan supados saged paring paedah marang tiyang sanes	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Ngangsu kawruh
17 / 9.1	ana wong desa karo anak'e lanang menyang pasar nedya adol kuldine, bapakne calathu: **thole, kuldi prayoga aja dilakokake, supaya tutuging pasar katona rosa lan becik awake, anak'e anuruti, kuldine sikile disrimpung banjur ginotong wong loro**.	wonten wong desa kaliyan putranipun badhe sade kuldi ing pasar. Pamanggihipun wong desa kuldi menika dipungotong sesarengan supados mangkih menawi sampun dugi pasar, kuldi menika katon rosa. Anakipun menika namung anuruti menapa ingkang dados karsa bapakipun menika	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Bekti marang tiyang sepuh
18 / 9.2	wong desa krungu calathuning bocah angon, karo anak'e nuli mudun kuldine tinuntun genti genti. Ora antara suwe kapethuk karo wong wadon tuwa anggendhong kayu rencek, acalathu: aneh banget kuldi mung tinuntun, mangka iku tutunggangan kang prayoga, larak bakal sayah. Wong desa kaku atine acalathu marang anak'e : **thole, sakiki wus tetela , parlu apa anuruti**	nalika wonten wong wadon tuwa ingkang ngandharaken pamanggihipun, wong desa menika mikir saha tuwuh pamanggihipun piyambak bilih lelampahan ing donya menika kedah gadhah pamikiran ingkang cetha saha ingkang kiyat dhasaripun	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Prinsip

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
	calathuning wong akeh, awit seje seje kakarepane.			
19 / 9.3	Mula samubarang pagaweyan sadurunge linakonan pinikir bakal wasanane, menawa wus tetela prayoga, aja mraduli marang pitutur lan panacading wong akeh.	Menika bab pitutur supados tansah ngangen-angen langkung rumiyin sadaya bab ingkang badhe dipunlampahi	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Tresna kaliyan sesami
19 / 10.1	tikus kang siji metu akale, calathune: **kisanak kowe mlumaha, endhog iku rangkulen ing sikilmu papat kang kukuh, buntutmu dakgerede. Sijine mituruti banjur mlumah, endhog rinangkul ing sikil papat, buntute digered ing kancane.** Kalawan akal kang mangkono tikus kalakon karepe amangan endhog,	tikus ingkang satunggal gadhah pamikir supados tikus sanesipun menika anuruti menapa ingkang dipunandharaken menika. tikus ingkang satunggal menika dipunsuwun mlumah, lajeng endhog dipunrangkul banjur buntutipun dipungered marang tikus sanesipun. Saking pamanggih menika tikus kekalih keturutan anggenipun amangan endhog.	Paraga kaliyan araga sanesipun	Tetulungan
			Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	cerdik
20 / 10.2	kang kadunungan akal budi iku ora manungsa bae, sanadyan kewan uga kadunungan akal budi.	Menika pitutur ingkang ngandharaken bilih boten namung manungsa ingkang gadhah cara angatasi prakara.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna kaliyan sesami

Lajengipun kartu data

data	***indikator***	**Andharan**	**Jinising piwulang**	***Nilai***
20 / 11.1	pangon sumedya ambubungah atine sarana agawe guguyon marang wong desa mau, banjur alok-alok: tulung, tulung, ana macan, ana macan. Wong desa kang krungu padha metu inggawa gagaman, arep amateni macan, satekane ing panggonan takon: endi macane. Pangon mangsuli karo gumuyu: ing wana wonten sima, nanging ngriki boten wonten, wong desa banjur bali karo muring-muring sarta mimisuhi marang pangangon.	pangon pengen damel seneng atinipun kanthi cara geguyon kaliyan wong desa lajeng anyuara seru nyuwun tulung menawi wonten macan. Wong desa ingkang mireng banjur anekani nggenipun swanten wau kanthi mbeta gaman. Nanging mangertosi bilih menika wau namung guguyon, wong desa amisuhi pangangon kalawan muring muring.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (ghoroh)
21 / 11.2	Wong kang dhemen goroh, sanadyan calathuwa temenne, iya ora diandel.	Piwulang ingkang ngandharaken bilih kapitadosan menika angel anggenipun pados. Nanging gampil anggenipun ical	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna kaliyan sesami
21 / 12.1	Ana wong sugih banget cethile, ora tau dadana marang para pekir miskin, mula kasugihane saya mundhak-mundhak, saking sumelange ing pialange durjana, rina wengi branane tansah sumanding.	bilih wonten tiyang ingkang sugih ananging boten natos paring dedana marang tiyang ingkang mbetahaken pitulung. Saking menika bandhanipun sangsaya kathah saking asringipun ing donya ingkang awon, rina dalu bandha donyanipun tansah dipunsandhing.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (banget cethile, ora tau dadana marang para pekir miskin)

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
21 / 12.2	Anuju sawijining dina osik ing atine: branaku iki prayogane dak pendheme bae, supaya pikirku jencema. Sawuse duwe piker mangkono, nuli nemoni mitrane kang wus sinoroh cadi, **jinalukan tulung, mitrane dhangan.**	tiyang sugih wau mikir supados raja branaipun menika dipunpendhem mawon supados sageda tentrem. Lajeng tiyang sugih wau anemoni mitranipun saprelu nyuwun tulung angewangi damel luwengan. Lajeng mitranipun menika purun mbiyantu.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	tetulungan
22 / 12.3	Saungkure wong sugih, mitrane kang andhudhuk pendheman pethi mau osik ing atine : pethi saisine becik dak balekake ing panggonane, mengko yen wus andokok maneh, nuli dak colongne kabeh, dadi aku oleh luwih akeh tinimbang kang uwis, pethi nuli diusung binalekake	saungkuripun tiyang sugih, mitranipun tiyang sugih kala wau mikir supados saged nambah bandha ingkang dipuncolong menika. tuwuh pamanggih supados bandha ingkang dipuncolong menika dipunpendhem malih ing luwengan supados tiyang sugih boten ngonangi. Lajeng menawi tiyang sugih sampun nyelehake bandhanipun banjur dicolong.	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (gadhah niat boten sae)
			Paraga kaliyan paraga sanesipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (njupuk barange liyan)
24 / 13.1	Bocah loro iku saben dina yen bapakne maca layang, mangka wus sinelehake, enggal dijupuk nuli winaca. Wong iku duwe mitra, sumurup bab mangkono kurang patut tumraping bocah, wis masthi durung bisa nimbang ala becik bener lan luput, osik ing atine : mitra kui kiluput sarampunging	wonten tiyang ingkang sampun dewasa remen maos seratan bab setan, jin, saha menapa mawon ingkang dados perkawisipun tiyang gesang ing donya. Tiyang menika gadhah putra kalih ingkang saben dinten menika sampun dados pakulinan menawi bocah kekalih menika maos serat layang bapakipun. Wonten mitranipun	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna marang kanca
			Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Gadhah niat ingkang sae

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
	pamaca sabab apa layang ora enggal disimpeni, nganti kasumurupan dening anak-anake, prayoga dak emutne kalawan patrep kang alus, supaya sarampunging pamaca layang sinimpen,	tiyang menika ingkang mangertosi bab menika gadhah panemu supados ngemutaken mitranipun menika. amargi lepat menawi bocah nglampahi tumindak menika.		
25 / 13.2	lare alit ingkang dereng saged nimbang-nimbang punapa suraosi serat ingkang boten pantes winaos dening lare, punapa ing tembe inggih boten badhe nandhang sangsara ageng.	Menika pitutur ingkang ngandharaken bilih lare alit menika dereng mangertos menapa menapa, ampun ngantos amanggihi sangsara ageng ing tembe wingking.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Ngelingake Tresna kaliyan sesami
25 / 13.3	Dhayoh ngreti marang kareping **mitrane angelingake katliwenge**, sabanjure **anake ora dililani maca layang kang ora paedah tumraping bocah, dene kang diwenehake mung kang maedahi ingatase bocah.**	asampunipun mangertosi bab ingkang lepat ing pribadine. Tiyang ingkang remen maos seratan wau lajeng boten ngeparengaken anakipun maos layang menika malih.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna marang kanca Tresna marang anak
25 / 14.1	Bocah mau andeleng lalakoning biyunge welas banget, Osik ing atine : aku iki luwih miskin, prayoga papariman yen bisa oleh sarupiyah bae dak anggo ambayar opahaning dhukun,	wonten tiyang setri sepuh miskin ingkang ngandang sesakit gadhah anak lanang. Bocah menika welas mangertosi kahananipun biyungipun ingkang lelara. Pamanggihipun menika supados angupaya dhuwit	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna marang tiyang sepuh

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
		sarupiyah mawon kangge ambayar dhukun. Supados saged anambani biyungipun.		
26 / 14.2	Nalika samana ratu ing nagara kono panuju ana murlaku manganggo cara sudra, dadi ora ana kang sumurup**. Kapethuk bocah lanang diparimani kehe sarupiyah.** Sang ratu angandika : kowe kapariman dhuwit sarupiyah parlu kogawe apa. Wangsulane bocah lanang : badhe kula damel ambayar opahaning dhukun ingkang anjampeni sakitipun biyung kula. Sang Ratu miring welas ing galih nuli amaringi, pangandikane : enya dak wenehi dhuwit sarupiyah, inggonen wragat ngundhang dhukun. Mung aku saiki tuduhna ing ngendi omahe biyungmu.	bilih wonten ratu ing nagari menika amariksa kahanan nagari kanthi cara mlampah dados tiyang limrahipun. Sang ratu kepanggih kaliyan bocah lanang wau lajeng dipunparingi arta satunggal rupiyah lajeng tanglet marang bocah wau kangge napa dhuwit menika. Mangertosi sababipun bocah wau anyuwun dhuwit, sang ratu nyuwun dipundherekaken dhateng omahipun bocah saperlu kepanggih kaliyan biyungipun bocah wau.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tetulungan Tresna marang rakyat
29-30 / 15.1	Jaran kapeksa lunga menyang ngalas lumaku karo nangis, ana ing dalan kapethuk karo mitrane yaiku asu ajag, atakon : kisanak, sabab apa kowe tekan kene, awakmu kuru	bilih jaran kapeksa lunga menyang alas kanthi nangis. Ing tengah alas kepanggih mitranipun asu ingkang sedya paring pitulung nalika sampun mangertosi sababipun jaran	Paraga kaliyan paraga sanesipun	tutulung

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
	banget, kurang patut upama rekasaa, pantesmu mung nganggur. Jaran nuli anuturake sakabehing lalakone. Asu ajag krungu welas banget, calathune : kisanak, kalawan dhanganing atimu, sagayuh-gayuh aku nedya atutulung	dipunuculake		
31 / 15.2	Satekane ing kono kisudagar weruh jarane anglarak macan isih urip, enggal atutulung karo anggawa gaman pedhang, macan dipedhang gulune mati. Sapatining macan sudagar acalathu : lah wis jaran baliya ing panggonanmu lawas, wiwit dina iki kowe dak ingoni nganggur. Jaran bungah ing atine banjur bali ing panggonane lawas kalawan jenjem	sudagar mangertosi jaranipun menika anglarak macan ingkang tasih urip. Enggal enggal sudagar nulingi kanthi mbeta gaman kangge mateni macan. Lajeng sudagar boten kesupen kaliyan menapa ingkang sampun dipunucapaken ing jaran tuwa saengga jaran tuwa dipunopeni nganggur.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tetulung Amanah / menepati janji
32 / 16.1	Ana macan kang kacekel ing manusa dilebokake krangkeng wesi. Nalika samana ana brahmana liwat, macan acalathu ngasih-asih, tembunge : bendara, kula mugi sampeyan tulungi, ineping krangkeng punika kabikaka, amargi	wonten macan ingkang kacandhak dening manungsa lajeng dipunlebetaken ing krangkeng. Lajeng wonten brahmana ingkang lewat ing ngriku dipunsuwuni tulung kaliyan macan supados ambikakaken lawanging krangkeng amargi macan	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tutulung Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (ngapusi/ ghoroh)

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
	kula ngongrong sanget badhe ngombe. Brahmana amangsuli : eh macan Manawa kowe ucul, ora wurung aku komangsa. Macan acalathu : **wda bendara, kula namung badhe ngombe, sarampungipun kula malebet malih, boten pisan-pisan amiawona**. Brahmana anuruti, lawanging krangkeng dibukaka, **Bareng wus menga, macan mancolot metu, acalathu : lah dalah, sak iki kowe dak mangsa, ing kono aku nuli ngombe.**	ngelak pengin ngombe. Ananging wanci sampun dipunbikakaken, macan metu lajeng badhe amangsa brahmana.		
34-35 / 16.2	Asu ajag amangsuli karo gumuyu : brahmana, aku ora bisa mutusi sadurunge nyumurupi sakawite, mara tuduhna ing ngendi panggonaning krangkeng. Brahmana karo macan nuli lumaku, asu ajag tut buri. Satutuge kono asu ajag acalathu : eh, macan, kapriye patrapmu nalika ana sajroning krangkeng, endhasmu ana ngarep apa ana buri, mara mlebuwa dak delenge, supaya aja nganti salisir	macan kaliyan brahmana kepanggih asu ajag ingkang badhe dipunsuwuni pamanggihipun. Asu ajag ngandharaken pamikiripun kanthi conto ingkang dipunlampahi marang macan saha brahmana. Kanthi cara kados menika asu ajag saged ngrangkeng malih macan saha paring pitulung marang brahmana.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Bijaksana

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
	putusanku. Macan tanpa dipikir banjur mlebu angadeg ana tengah bener, asu ajag angatag marang brahmana : saiki mapana ing ngendi enggonmu ngadeg nalika ngecule macan, brahmana enggal ngadeg ngarep lawanging krangkeng. Sawuse mangkono asu ajag acalathu : la lawang krangkeng tutupen, mengko bukaken maneh. Lawanging krangkeng diinep dening brahmana, bareng wus minep, asu ajag acalathu : brahmana, saiki lawange aja kobukak, ya ben si macan ana krangkeng sajege urip, awit pikire ora langgeng, kobeciki arep amales ala. Brahmana banget panarimane maring pitulunganing asu ajag, nuli mulih gegancangan kalawan bungah ing atine, dene macan lastari ana krangkeng sarta kaduwung ing solehe kang wus kalakon.			
36 /	pira kehe banyu sagara. Ature	bocah mursid menika mangsuli	Paraga kaliyan paraga	bijaksana

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
17.1	bocah mursid : Gusti Nata papundhen kawula, punika prakawis gampil, manawi panjenengan dalem badhe mirsa, kaparenga dhawuh ambebegi ilining toya lepen-lepen, mangke kawula saged matur.	pandangunipun sang ratu. Bocah mursid wau mangsuli kanthi ngginakaken cara ingkang boten limrah. Bocah mursid wau saged ngetang lintang saha kathahing toya sagara menika menawi sang ratu saged ngetang ceceg ing dluwang ingkang dipunceceg dening bocah wau, lajeng menawi sang ratu saged ambebegi ilinipun toya lepen.	sanesipun	
36-37 / 17.2	Sang Prabu andangu maneh : pira cacahe lintang ing langit, ature bocah mursid : Gusti, kawula nyuwun dalancang sasuwek kaliyan dom, bareng wus pinaringan, nuli dicocogi ing dom nganti kebak, kaaturake ing Sang Prabu. Punika Gusti, manawi panjenengan dalem saged angetong kathahing ceceg, kawula ugi saged angetang lintang ing langit,	bocah mursid menika mangsuli pandangunipun sang ratu. Bocah mursid wau mangsuli kanthi ngginakaken cara ingkang boten limrah. Bocah mursid wau saged ngetang lintang saha kathahing toya sagara menika menawi sang ratu saged ngetang ceceg ing dluwang ingkang dipunceceg dening bocah wau, lajeng menawi sang ratu saged ambebegi ilinipun toya lepen.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	bijaksana
37-38 / 18.1	**nuli ingsun dhawuhake putusane sarana saka panimbange para punggawaningsun kang anindakake pangadilan,** marmane sira bruwang ingsun utus animbali	Prabu dhawuh saking panimbang para punggawa, supados bruwag saged animbali asu ajag. Lajeng bruwang bidal madosi asu ajag.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Bijak adil Patuh atasan

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	Andharan	Jinising piwulang	*Nilai*
	si asu ajag, barenga salaku nira. **Bruwang matur sandika banjur mangkat**,			
38 / 18.2	Asu ajag ngrungu calathuning bruwang pamikire : upama aku iki seba, ora wurung dikukum pati, awit saka wawaduling buburon kang dak paeka, luwih prayoga aku **angupaya reka daya**, bisane uwal saka babaya.	asu ajag menika nalika mireng menapa ingkang dipunandharaken bruwang tuwuh pamikiripun. Menawi asu ajag ngadhep ing ngarsanipun sang prabu, amesthi asu ajag dipunukum pati, amargi mangertosi tumindakipun asu ajag ingkang maeka buburonipun. Lajeng tuwuh pamanggih sanesipun saking asu ajag angupadaya supados saged luput saking ukuman.	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	cerdik
39 / 18.3	Asu ajag acalathu : lah iki ing jero okeh madune, tutugna pangombemu. Bruwang tanpa piker, congor karo sikile ngarep loro pisan dilebokake ing kayu kang menga, bareng lagi malebu, paju diongak-ogak dening asu ajag copot, kayu kang sigar mingkem, bruwang congor karo sikile kajepit,	asu ajag maeka bruwang ing njero kayu wonten madu ingkang kathah. Bruwang tanpa pikir malebokake congor kaliyan sikil ngarep ing kayu ingkang menga. Lajeng asu ajag nyopot paju ing kayu supados bruwang kajepit.	Paraga kaliyan paraga sanesipun Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (ghoroh) sembrana
41 / 19.1	sang Nata dhawuh angular capurining kadhaton, utusan punggawa, sarupaning wong kang	ratu ngutus punggawanipun anumbas omah sapomahan ingkang wonten ing sacedhakipun kraton. Omah menika	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Patuh marang pemimpin

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
	omah sacedhaking kadhaton, omah sapomahane dipundhut, pinaringan pituwas kalawan murwat, **punggawa matur sandika banjur mubeng-mubeng adhawuhake apa kang dadi karsane sang prabu**,	dipungantos arta cacahipun satunggalatus dinar. Punggawanipun lajeng bidal nglampahi menapa ingkang dados karsanipun sang ratu.		
42 / 19.2	nanging sarehning bapak kala rumiyin meling makaten : eh, thole, besuk saungkurku, omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol, mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken.	wonten satunggal tiyang ingkang amangsuli utusan sang ratu. Amargi omah sapomahan ingkang dados gadhahipun tiyang menika warisan saking bapakipun. Lajeng bepakipun menika dhawuh supados sampun ngantos omah menika dipunsade. Pamanggihipun tiyang menika supados ngestoaken dhawuhipun bapak.	Paraga kaliyan paraga sanesipun Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Bekti marang tiyang sepuh Amanah
45 / 19.3	Sang Prabu angandika : iki luwih abot, ingsun ora kelar. Ature pangulu : Gusti, siti sakarung	sang ratu sambat lajeng panggulu suka pitutur bab lelampahanipun sang ratu ingkang kirang sae. Sang ratu ingkang	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Menghargai oranglain (pendapat)

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	***Nilai***
	kemawon langkung awrat, saiba awratipun siti pinten-pinten ewu karung ingkang sampun panjenengan dalem pundhut kanthi wasesa punika. Sang Prabu mireng aturing pangulu kakenan ing galih, omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar.	mireng menapa ingkang dados pamanggihipun panggulu ngraosaken rasa ingkang boten kapenak. Sang ratu banjur ngewangsulaken menapa ingkang sampun dipun pundhut menika dhateng tiyang ingkang gadhah saderengipun, lajeng ugi paring arta ingkang cacahipun satunggalatus dinar	Paraga kaliyan Gusti Allah	Ikhlas
45 / 20.1	Ora antara suwe ana yuyu ngambang, lagi diparani nyilem, asu ajag enggal anggogohi karo sikile loro kang buri, baya nututi, sikiling asu ajag kena cinaplok, pamikire : wdalah, sikilku saiki cinaplok ing baya, **coba dak ngupaya akal bisane uwal saka ing bebaya iki**.	ing kali menika wonten yuyu ingkang badhe dipundadosaken memangsan dening asu ajag. Nanging baya menika langkung rumiyin anyaplok sikiling asu ajag saking wingking. Lajeng tuwuh pamanggihipun asu ajag supados saged uwal saking bebayan menika.	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	budidaya
50 / 20.2.	Sing sapa amasang luwengan, awake dhewe trangkadhang kacemplung	Menika ngandharaken bilih sinten kemawon saged luput ing kasagedanipun.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna kaliyan sesami
50-51 / 21.1	osik ing atine : ing tembe yen aku tinekake ing janji, omah lan pasawahan iki kabeh kaduwe ing anakku loro, iya ora wurung mung	abdulah amikir menawi mbesuk menawi sampun titi wancinipun raja brana menika badhe kapasrahaken ing anakipun. Menawi makaten	Paraga kaliyan Gustinipun	Pasrah
			Paraga kaliyan dhiri pribadhinipun	Bijaksana

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
	padu dina-dina, mula becik dak agawe layang wasiyat, barang-barangku kabeh lan pasawahan mung daklilaake marang salah sawijining anakku kang tresna marang ing aku.	pamanggihipun abdulah anakipun mangkih tansah padu rerebutan bandha. Awit saking menika abdulah damel wasiyat ingkang ngandharaken bilih ingkang pantes anampi warisan menika namung anak ingkang tresna marang abdulah.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna marang kaluarga
52-53 / 21.2	Pangulu angatag : lah kae gambare, mara panahen, jajaka kang siji anyandhak panah lan gandhewa, bareng panah diuculake, angenani sacedhaking mata, nanging jejaka sijine, lagi anyandhak gandhewa, tangane wus gumeter, ulate abiyas, ature marang pangulu : Kyai Pangulu, kula boten wentala manah gambaripun bapak, sanadyan boten tampiya warisan kula sampun narimah.	pangulu amarintahaken supados jejaka kekalih menika amanah gambar bapak bapakipun ingkang sampun dipunsamektakaken camanthel ing wit. Jejaka ingkang satunggal lajeng anyandhak gandewa lajeng amanah gambar bapakipun pas ing sangisoring mata. Beda kaliyan jejaka satunggalipun ingkang ngrasa ajrih amanah sanajan namung gambar kemawon. Jejaka menika lila boten anampi warisan kanthi sabab boten wantala amanah gambar bapakipun.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna marang tiyang sepuh
			Paraga kaliyan dhiri pribadinipun	Amanah Bijaksana
55 / 22.1	Calathuning sing lanang : saweruhku iya lagi kowe, ewadene becik dak sarehne dhisik, ambok Manawa aku bisa mrangkuli wong kang ngungkuli ing bodhomu, amasthi kowe dak apura. Sawuse	wong desa amangsuli bilih tiyang bodho ingkang dipunpanggihi nggih nembe garwanipun menika. pamikiripun tiyang desa supados sareh rumiyin mbok menawi saged manggihi tiyang ingkang langkung	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Emosi sabar

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
	calathu mangkono kalepat lunga, lungguh ing watu sapinggiring dalan gedhe.	bodho saking garwanipun.		
55 / 22.2	Ora antara suwe ana wong wadon liwat. Sawang-sawangane luwih bodho, dicalathuni mangkene : bakyu, aku iki wong saka kherat, mara tulungana, aku wenehana panganan, sathithik bae, wetengku luwe banget,	wonten tiyang wadon liwat katingal langkung bodho lajeng wong desa wau calathu dhateng tiyang wadon wau. Tiyang desa ngandharaken bilih tiyang desa menika asalipun saking akherat lajeng nyuwun tulung dipunsukani pepanganan.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (ghoroh)
58 / 23.1	Anuju sawijining dina bocah wadon mau acalathu : **bapak, Sang Ratu iku sugih, saka panemuku prayoga anyuwuna pasawahan saka parenge**, supaya gampanga enggonmu ngupaya pangupaya jiwa.	Kacariyosaken bilih ing jaman kina wonten tiyang ingkang miskin namung gadhah griya ingkang sampun risak menika kagungan anak wadon prawan ingkang ayu. Saking pethilan ing inggil menika bocah wadon wau matur marang bapakipun supados nyuwun pasawahan kangge pangupa jiwa marang sang ratu.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna marang tiyang sepuh
58 / 23.2	Bapakne nuruti nuli seba ing Sang Ratu matur nyuwun pasawahan saka parenge. Sang Prabu mireng ature wong miskin, **dhawuh maring punggawa anyatakna apa**	tiyang miskin wau sowan ing ngarsanipun sang ratu ngandharaken prelunipun. Sang prabu miren gaturipun tiyang miskin menika angutus punggawanipun mriksa	Paraga kaliyan paraga sanesipun	bijaksana

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	Andharan	Jinising piwulang	*Nilai*
	kahanane, punggawa matur sandika nuli mangkat, ora suwe bali matur yen sakabehing ature wong miskin temen, mulane panyuwune pasawahan diparingake.	kahananipun tiyang miskin ingkang sajatosipun. Amargi menapa ingkang dipunandharaken tiyang miskin menika leres miturut para punggawa, banjur sang ratu amaringi pasawahan.		
58 / 23.3.	bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake	tiyang miskin anemu lumpang emas. Salajengipun calathu marang anakipun bilih samenika anemu lumpang emas lajeng ngandharaken pemanggihipun bilih ingkang dipun paringaken sang ratu namung lemah pasawahan, dados isinipun taksih kagunganipun sang ratu. Salajengipun tuwuh pamanggih bilih tiyang miskin menika wajib ngaturaken lumpang emas menika dhateng ratunipun	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun Paraga kaliyan Gustinipun Paraga kaliyan paraga sanesipun	Jujur Tanggel jawab
59 / 23.4	Sang Prabu anampani karo suka, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : Gusti namung lumpang punika ingkang kawula panggih.	sang prabu menika sumringah anampani lumpang emas menika, ananging sang ratu taksih andangu bilih menapa tiyang miskin menika boten anemu sanesipun. Ing pethilan cariyos menika tiyang miskin amangsuli bilih namung lumpang ingkang dipunpanggihaken.	Paraga kaliyan dhiri pribadinipun Paraga kaliyan Gustinipun Paraga kaliyan paraga sanesipun	Jujur Bungah

Lajengipun kartu data

data	*indikator*	**Andharan**	**Jinising piwulang**	*Nilai*
62 / 23.5	Ing kono katungka rawuhe Sang Ratu, kang pasulayan meneng sarta banjur angadhep ngaturake nalar-nalare. Sang Ratu mireng angandika : belo sira tampakna kang duwe kebo.	prabu ngendika supados tukang grobag kakalih sowan ing ngarsanipun sang prabu. Parlunipun supados tukang grobag kakalih ngandharaken prakara ingkang kadadosan menika. sang prabu animbang-nimbang lajeng ngandharaken pamanggihipun supados belo menika dipunpasrahaken dhateng tiyang ingkang gadhah kebo.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Lelampahan ingkang boten pantes tinuladha (kirang bijaksana)
66-67 / 23.6	Sang Prabu kakenan ing galih mireng ature kang garwa, pangandikane : **mirah jiwaningsun, marmane saiki sira dadiya garwaningsun maneh.** Sawuse ngandika mangkono Sang Prabu nuli kondur sarimbit, rawuh ing kadhaton lenggah, **lestari eggone sih siniyan karo garwane, sarta banjure ora tau padudon.**	Sang prabu trenyuh mireng menapa ingkang dipunaturaken sang prameswari, lajeng prameswari dipunaturi kondur sesarengan dhateng kadhaton.	Paraga kaliyan paraga sanesipun	Tresna marang garwanipun

CARIYOS

1. Tikus karo Tirem

Ana tikus cilik siji, kang durung tau saba menyang ngendi endi, tininggal mati ing wong tuwane, sawijining dina osik ing atine : prayoga aku metu saka panggonan iki, arenggar renggar pikir sarana adenangtontonan, akrepe kang mangkono dijurungi, anuli metu saka ngeronge, ana ing jaba bungah sarta gumun adenang kahanan warna warnakang durung tau disumurupi, menawa mrengguli undhuking leng semut tinira gunung, kalih disengguh sagara.

Tikus kalawan seneng nging atihambanjurake lakunemlebu metu ing alas lan ara ara, wekasan tutug sapinggiring sagara, ing kono akeh tirem kacangkok kamegalan mingkem. Mungguh tirem kacangkok kamenga iku diarani prau kapal. Jajal dak tunggangane, aku arep weruh nagara sabrang. Lan manah bareng sumurup kang ana sajroning cangkok saya wuwuh bungahe, dene prau kapal kang arep ditunggangi amot panganan kang enak enak, tikus banget kapengine, ora saranta banjur lumebu nedya mangan panganan kang diarani wis cumawis mau, tirem cangkoke mingkem, tikus gulune kejepit ora bisa huwal handadekake jalaraning patine.

Aja nglakoni pagaweyan kang durung kosumurupi laku lakune yen ora kanthi pituduh lan panuntune wong pinter.

2. Kuldi Loro

Ana sudagar duwe kuldi loro, anuju sawijining dina ki sudagar lunga dagang menyang kutha liya, kuldi kang siji dimomoti uyah,sijine sepon. Mangkat esuk humun humun, nganti wayah luhur lagi leren angahub sangisoring wit waringin.awit saka sayah kasiliring ngangin ki sudagarngantuk ora suwe turu.

Kuldi sakarone weruh bendaraneturu banget bungahe, tumuli padha saba sakareppe dhewe dhewe golek pangan, nganti tutug ing panggonan kang ana sendhange, kacarita kuldi kang amot uyah, awake sumuk banjur adus. Momotane uyah kacelup ing banyu ajur,sarampunging adus mentas saka ing sendhang gagawane krasa luwih entheng tinimbang sadurunge nyemplung ing banyu, andadekake bungahe, nuli nyaritakake lalakone kancane.

Kuldi kang amot sepon gumun. Pamikire : aku prayoga melu nyemplung ing banyu. Supaya gagawanku enthenga. Sawuse duwe osik mangkono enggal anjegur ing sendhang, sawatara suwene nedya mentas. Nanging luput panyiptane, aja maneh mlaku,ngadeg bae ora kelar, awit sepon kakum ing banyu ambadhodhok dadi abot. Ki sudagar tangi, weruh kuldine kacemplung ing sendhang ora bisa mentas, enggal ditulungi kalawan muring muring amarga kangelan.

Aja anelat sabarang pratingkah ing liyan kodurung kosumurupi ali becikke, awit sabarang kang migunani marang wong siji, sok agawe sangsara ing liyan.

3. Tikus Cilik

Ana tikus wirog kang wis ngarepake mati, acalathu marang anak'e, tembunge : e, anakku, sakiki aku arep titekakake ing janji, rungaokna pituturku : akeh simpenanku : beras, gandum lan liya liyane, kaya kaya nganti tatahunan kowe bakal ora kakurangan pangan. Wruhanamu ana uga panganan enake angungkuli kang dak kumpulake iki, nanging sok agawe sangsara tumrape marang bangsaku. Yaiku manawa kowe mlaku mlaku amrangguli panganan kang ambune gurih sarta rasane enak. Poma aja kopengini, amarga kowe ya wus sumurup. Bangsaku iku salawase sasatron karo manusa, mula manus orasah angupaya reka daya kanggo anumpas marang tikus. Yaiku masang pakan, nganggo didokokki arupa panggonan karasane enak, tikus wirog pamekase durung tutug nuli mati.

Wiwitane tikus cilik mituhu ing pitutur ing wong tuwane, sadina dinane kang dipangan mung beras lan gandum, antara lawas metu saka ngeronge kapingin arep saba menyang liyan panggonan. Nalika lumaku adengnang iwak gorengan sairis kang ambune gurih, tikus uga kelingan wewekasing wong tuwane, dadi ora gengna nyedakki, nanging suwe suwe ora kuwa gang anyabili hawa napsunem metu kakendelane, iwak banjur cindong digawa lumayu, satutuging ngerong dipangan, rasane luwih nikmat, calathune tikus cilik : wis tuwa kui kusa temenne bodho banget, sajegge urip kang dipangan mung beras lan gandum, durung tau angrasakake panganan kang nikmat mangkene, wiwit samana saben

dina tikus metu saka ngeronge angupaya panganan kang enak enak.

Kacarita wong kang duwe iwake rep cinolong banget muring muringe, wekasan amasang kala, sajroning kala didokoki iwak sairis kang lagi mentas ginoreng, ambune gurih, tikus mambu nuli mlayu ing goleki, amarga durung tau sumurup, tanpa weweka mangnabu marang kala, iwak pinangan, durung tutug pamangane, lawanging kala minep, tikus ora bisa metu. Esuke kang duwe kala weruh tikus wus kena ing kala, banjur dipateni.

Sing sapa ora mituhu marang pituturing wong tuwa utawa guru kang murih ing karahayon. Amesthi tumiba ing tiwas.

4. Khewan Papat

Kasebut ing dalem kandha, ana khewan papat, yaiku : jaran, kidang, sapi lanang lan wedhus, ing sawijining dina padha arep lelaku, sadurunge mangkat arembugan sapa kang patut dadi kamituwane. Iyeging panemu jaran kang pinilih, lan supaya anuduhna dalan, wiwitane khewan kang tatelu mau tresna marang jaran, saparentahe dilakoni, awit jaran bahut amilih dalan kang prayoga diambah, sarta rumeksa kalerehane aja nganti nemu sangsara. Bareng aleh lalakon telung dina, sapi lanang calathu : aku ora kuwagang mlaku rikat mangkene, kidang amangsuli : mlaku rindhik satahun lawase durung tutug panggonan kang sinedya, wedhus anyambungi calathu : sabab apa iki mung tansah lumaku bae, ora nginggo leren leren.

Wasana khewan tatelu mau banjur angadhep ing kamituwane, angandharake lalakone dhewe dhewe, jaran ngrungu wawadul serik atine, calathune : manawa ora padha manut ing aku, sakiki aku arep lumaku ijen bae, sawuse mangkene jaran nuli lumayu sarosane, kancane tatelu ditinggal,

Awit saka sulaya ning kakarepan, dadi pipisahan, siji mrene, siji mrana, ora antara suwe sapi, kidang lan wedhus dimangsa ing khewan galak,

Sing sapa ora mituhu ing piwulang lan pituduhe wong pinter kang kadunungan pangwasa, ing gugu kakarepane dhewe, amesthi anemu bilahi.

5. Jarane Loro

Ana jaran loro lumaku, ing siji momot beras, sijine dhuwit, jaran kang momot dhuwit seneng banget. Apit ing gawa barang endah, osik ing atine : luwih mulya aku tinimbang kang ing gawa beras iku, pangajine ora sapiraa, nanging gagawanku pirang pirang ewu rupiyah.

Nalika lagi calathu mangkono, dumadakan ana begal anemoni arep nyekel jaran sakarone lumayu sarosane, nanging meksa kecandhak bareng didenangne ning begal, jaran kang siji momote mung beras diculake, jaran sijine sawise gagawane dhuwit dijupuk banjur digebugi, nuli diuculake. Bareng wus ucul lumayu sarosane nututi kancane, nuturake kasusahane. Jaran kang momot beras acalathu : ki sanak, apa kowe durung nate krungu paribasan : saben ana gula amasthi ana semut. Tegese : dhuwit kang kogawa yaiku gulane, begal semute, reh ning iku aku mung gawa beras mulane ora dipilara dening begal.

Iki begjane wong miskin, awit ora ana wong kang ngarepake.

6. Kuldi Karo Asu

Kasebut ing dalem kandha, ana sawijining wong arep lelaku ing gawa kuldi lan asune, kuldi diemoti barang lan panganan kanggo sangu ing dalan winadhahan ing kranjang lan pethi. Sawuse miranti wong mau banjur mangkat, oleh lakon setengah dina awit awit saka panas banter lan krasa sayah, leren angaup sangisoring wit waringin. Kasiliring ngangin ngantuk wekasan turu.

Kuldi weruh bendarane turu tumuli saba, let sawetara adoh saka panggonane, leren mangan suket, asu krasa luwe marani, tembunge : kisanak kuldi, sarehne wetengku luwe tulungana, mungguh kranjang kang kogawa iku isi panganan sangune bandaraku, tur saben dhahar aku mesthi diparingi, nanging bareng sakiki bandara lagi sare, durung kinaruh tangine, manawa anyandhangi andhekem masadhela, aku arep anjupuk panganan sathithik bae.

Kuldi amangsuli : prayoga sabar ngenteni sawungune bandara, menawa sumurup kowe luwe, amesthi diparingi, kuldi anutugake anggone mangan suket, ora antara suwe ana asu ajag teka anyedhaki, kuldi banget miris saceluk celuk marang asu, tembunge : ki sanak aku tulungana, asu amangsuli : lah sabara,

angentenana bandara dhisik, menawa weruh bab mangkono rak iya ditulungi.

Asu durung tutug inggone amangsuli, kuldi gulune banjur dicakot dening asu ajag, disesep getihe, ora antara suwe kuldi mati.

Sing sapa ora gelem tatulung ing kasusahaning liyan, manawa nemu kasusahan, amesthi wong liyan uga ora dhangan atetulung.

7. Wit Waringin karo Pari

Ana pari thukul sacedhaking wit waringin, anuju sawijining dina wit waringin acalathu, tembunge: kisanak, awakmu iku lemes banget, sanadyan angin ora banter masthi manthelung, beda karo aku, angin banter ra dikaya ngapa,

Wit waringin lagi calathu mangkono, ora suwe ana prahara, pari mung manthelung, nanging wit waringin ora oyag, prahara saya gedhe, suwe suwe wit waringin esol, bareng prahara meneng, pari angadeg manehkaya mau maune,

Iki bab wong gemblunglan maneh duraka marang bapa biyung utawa gurune.

8. Wong Sugih karo Wong Miskin

Ing sajroning nagara ana wong sugih karo wong miskin, wong miskin mau dadi dhukun, wis kaloka ing pintere,dene wong kang sugih ora duwe kagunan apa apa, rina wengi mung bungah bungah,

Anuju sawijinging dina jajagongan, calathu: kisanak, punapa paedahipun kagunan sampeyan, sanadyan nyambut damel tanpa kendel; mangka kula punika namung nganggur, para pangageng sanagari prasasat dados mitra kula sadaya, kerep dhateng griya kula, dados menawi makaten langkung luhur kasugihan tinimbang kaliyan kasagedan.

Ora antara lawas negara kang didunungi wong loro mau katekan mungsuh, omah omah sajroning nagara isine jinarah rayah, banjur padha diobongi, omahe wong sugih iku isine uga jinarah woh katut kabong, benang saeler bae ora keri.

Antara dina sakarone sapatemo, wong miskin calathu, tembunge:sapunika kadospundi reka daya sampeyan angupados pangupa jiwa, amargi salami laminipun sampeyan mboten nate nyambut damel, nanging kula sanadyan barang

kula jinarah ing mengsah, griya kula kula katut kabesmi, meksa taksih saget gampil ingsal pagesangan. Awit sampun misuwur sanagari kula saget anjampeni sawarnining sesakit.

Nalika samana wong gemblung tetela ing sumurupe, yen kasugihan iku ora langgeng, mung kagunan kang langgeng salawase ana ing donya.

9. Bapa karo Anak'e

Ana wong desa karo anak'e lanang menyang pasar nedya adol kuldine, bapakne calathu: thole, kuldi prayoga aja dilakokake, suoaya tutuging pasar katona rosa lan becik awake, anak'e anuruti, kuldine sikile disrimpung banjur ginotong wong loro,

Lakune ora antara suwe kapethuk karo sawijinging kuli angaruh aruhi: iku apa dudu panggawening wong aneh, kewan kena ditunggangi tekaginatang, enggone calathu mengkono kambi gumuyu, wong desa krungu, pamikire: calathuning kuli iku bener, tali srimpungane nuli diuculi, kuldine tinunggangan, anak'e ngiringake, ing nalika samana kapethuk karo wong pinter, calathune: eh delengen anakmu, wangune wis kesel banget, apa pantes bocah durung betah lumaku kapurih ngiringake, kowe enak enak nunggang kuldi,

Wong desa krungu meneng bae, anak'e kang mangsuli: leres pangandika sampeyan punika. Wong desa nuli mudun saka kuldi, anak'e dikon nunggang, durung antara adoh lakune kapapag karo pandhita. Calathune pandhita: satemene boca iku durng weruh tata, ngenak enak nunggang kuldi, bapakne dharat, bocah mau acalathu marang bapakne, tembunge: bapak prayogane melua nunggang ing kuldi, supaya aja nganti aku diewani ing wong akeh.

"wekasan karone banjur nunggang ing kuldi, anutugake sedyane durung antara adoh kapethuk karo bocah angon, angaruh aruhi karo nepsu: iku patrap ora nggenah, kuldi siji ditunggangi wong loro, delengen iku nganti meh ambruk.

"wong desa krungu calathuning bocah angon, karo anak'e nuli mudun kuldine tinuntun genti genti. Ora antara suwe kapethuk karo wong wadon tuwa anggendhong kayu rencek, acalathu: aneh banget kuldi mung tinuntun, mangka iku tutunggangan kang prayoga, larak bakal sayah. Wong desa kaku atine acalathu

marang anak'e : thole, sakiki wus tetela , parlu apa anuruti calathuning wong akeh, awit seje seje kakarepane. Mula samubarang pagaweyan sadurunge linakonan pinikir bakal wasanane, menawa wus tetela prayoga, aja mraduli marang pitutur lan panacading wong akeh.

10. Tikus Loro

Ana tikus loro tunggal saerong, anuju sawijining dina sakarone metu saka ngeronge nedya angupaya pangan, oleh endhog siji. Lagi padha ngrikiti cangkoking endhog arep pinangan isine, dumadakan ana kucing teka. Tikus kewuhanpagondholing endhog menyang ngeronge, tikus kang siji metu akale, calathune: kisanak kowe mlumaha, endhog iku rangkulen ing sikilmu papat kang kukuh, buntutmu dakgerede. Sijine mituruti banjur mlumah, endhog rinangkul ing sikil papat, buntute digered ing kancane. Kalawan akal kang mangkono tikus kalakon karepe amangan endhog,

Kang kadunungan akal budi iku ora manungsa bae, sanadyan kewan uga kadunungan akal budi.

11. Pangon karo Wong Desa

Ana pangon angon wedhuse ana ing ara-ara kang ora pati adoh saka ing desa, pangon sumedya ambubungah atine sarana agawe guguyon marang wong desa mau, banjur alok-alok: tulung, tulung, ana macan, ana macan.

Wong desa kang krungu padha metu inggawa gagaman, arep amateni macan, satekane ing panggonan takon: endi macane. Pangon mangsuli karo gumuyu: ing wana wonten sima, nanging ngriki boten wonten, wong desa banjur bali karo muring-muring sarta mimisuhi marang pangangon.

Antara dina ana macan katon temenan, pangon bengok-bengok: tulung, tulung, ana macan, ana macan, wong desa ora ana siji sijiya kang tandang, amarga sumelang yen digawe guguyon kaya kang uwis, wekasan macan bisa inggondhol wedhuse siji diplayokake, pangon nututi. Macan sumurup wedhuse diselehake, inggruweg marang pangon, dene wedhuse iya sida digondhol, pangon anandhang tatu awake gogobroh getih.

Wong kang dhemen goroh, sanadyan calathuwa temenne, iya ora diandel.

12. Apus ing Apusan

Ana wong sugih banget cethile, ora tau dadana marang para pekir miskin, mula kasugihane saya mundhak-mundhak, saking sumelange ing pialange durjana, rina wengi branane tansah sumanding.

Anuju sawijining dina osik ing atine: branaku iki prayogane dak pendheme bae, supaya pikirku jencema. Sawuse duwe piker mangkono, nuli nemoni mitrane kang wus sinoroh cadi, jinalukan tulung, mitrane dhangan.

Bareng ing wayah tengah wengi, wong sugih karo mitrane agawe luwingan ana ing ngara-ara ora pati adoh saka ngomahe. Sarampunging pandhudhuk, pethi parumataning raja brana dicemplungake banjur ingurugan, antara dina wong sugih niliki, nagging banget kagete amarga pendhemane wus dinudhuk ing wong, duwe panyana yen kang nyolong pethi amasthi mitrane, awit ora ana liyane maneh kang sumurup, wong sugih nuli mulih menyang ngomahe kalawan susah.

Esuke anemone mitrane, calathune: kisanak, kula nyuwun tulung malih, kula taksih gadhah arta pinten-pinten ewu dereng kula rumati. Mitrane amangsuli: inggih prayogi , mangke dalu kula dhateng griya sampeya, sawuse golog rembuge wong sugih pamitan mulih.

Saungkure wong sugih, mitrane kang andhudhuk pendheman pethi mau osik ing atine : pethi saisine becik dak balekake ing panggonane, mengko yen wus andokok maneh, nuli dak cologne kabeh, dadi aku oleh luwih akeh tinimbang kang uwis, pethi nuli diusung binalekake.

Ing wayah surup srengenge wong sugih niliki tilas pendheman sumurup pethine wus bali banget bungahe, enggal dientasake ginawa mulih. Tengah wengi mitrane teka, calathune : sumangga sami wiwit tumandhang angrimati arta sampeyan sataksihipun, wong sugih amangsuli : kisanak sapunika pamanggih kula boten makaten, brana badhe kula rimati ing griya kemawon, sampun boten ajrih dhateng ing piowoning durjana. Mitrane krungu wangsulan mangkono banjur pamitan mulih karo kaduwung banget ing solihe.

13. Mitra Loro

Ana sawijining dina wong kang dhemen maca laying carita ning bab : setan, jin, lan pialaning wong warna-warna. Rehning wong mau wus tuwa dadi bisa nimbang bener lupute kang kasebut ing layag kono. Iku duwe anak lanang loro, kang siji umure rolas tahun, sijine sapuluh tahun,

Bocah loro iku saben dina yen bapakne maca laying, mangka wus sinelehake, enggal dijupuk nuli winaca. Wong iku duwe mitra, sumurup bab mangkono kurang patut tumraping bocah, wis masthi durung bisa nimbang ala becik bener lan luput, osik ing atine : mitra kui kiluput sarampunging pamaca sabab apa laying ora enggal disimpeni, nganti kasumurupan dening anak-anake, prayoga dak emutne kalawan patrep kang alus, supaya sarampunging pamaca laying sinimpen,

Anuju sawijining dina wong mau diundang menyang omahing mitrane, satekane kono ing meja ana bungkusan sumeleh, atakon : menika bungkusan punapa. Mitrane amangsuli : punika racun badhe kula angge mejahi tikus, amargi ing ngriki tikusipun kathah. Dhayoh takon maneh : sampeyan punapa boten sumelang, ambok menawi dipunpendhet anak sampeyan isinipun dipuntedha kininten sanes racun, saking dereng nate sumerep,

Mitrane amangsuli : punika leres manawi anak kula nedha racun temtu pejah, risak inggih badanipun. Kosok wangsulipun : lare alit ingkang dereng saged nimbang-nimbang punapa suraosi serat ingkang boten pantes winaos dening lare, punapa ing tembe inggih boten badhe nandhang sangsara ageng.

Dhayoh ngreti marang kareping mitrane angelingake katliwenge, sabanjure anake ora dililani maca laying kang ora paedah tumraping bocah, dene kang diwenehake mung kang maedahi ingatase bocah.

14. Bocah Kang Tresna ing Biyunge.

Ana wong wadon tuwa miskin anandhang lara, iku duwe anak lanang siji. Bocah mau andeleng lalakoning biyunge welas banget, Osik ing atine : aku iki luwih miskin, prayoga papariman yen bisa oleh sarupiyah bae dak anggo ambayar

opahaning dhukun, sawuse duwe panemu mangkono, banjur metu saka ing omahe lumaku nurut dalan gedhe, saben kapethuk wong mlaku diparimani, nanging ora ana kang aweh, wangsulane ana kang : anjaluka liyan, saweneh : paedah apa aku wehweh dhuwit marang kowe.

Nalika samana ratu ing nagara kono panuju ana murlaku manganggo cara sudra, dadi ora ana kang sumurup. Kapethuk bocah lanang diparimani kehe sarupiyah. Sang ratu angandika : kowe kapariman dhuwit sarupiyah parlu kogawe apa. Wangsulane bocah lanang : badhe kula damel ambayar opahaning dhukun ingkang anjampeni sakitipun biyung kula. Sang Ratu miring welas ing galih nuli amaringi, pangandikane : enya dak wenehi dhuwit sarupiyah, inggonen wragat ngundhang dhukun. Mung aku saiki tuduhna ing ngendi omahe biyungmu.

Bocah lanang banget bungahe, Sang Ratu inggal diirid. Tutug ngareping omahe, bocah lanang lumayu gagancangan menyang omahing dhukun, Sang Ratu nuli lumebu ing omahe wong wadon tuwa, pangandikane : wruhana aku iki dhukun, tekaku ing kene arep nambani laramu. Sang Ratu sawuse mirsa wong wadon mau kari lunglit lan guwayane payus, osik ing galiye : wong iki ora lara, kuru ning awak lan payusing guwayane saka kakurangan pangan, mangka pantese wong tuwa iku sabisa bisa mangana papanganan kang agawe rosa, yaiku : daging, endhog pitik lan liya-liyane, nagging saka ngendi olehe kang mangkono iku, miskine banget, mula lawas-lawas awake kuru, yen ora kabeneran iki tumeka ing pati.

Sang Ratu welas ing galih, banjur nulis ana ing dluwang sasuwek sinelehake ing meja, pangandikane : tambane laramu wus dak tulis ing dluwang iki, mengko yen anakmu teka, konen angupaya kang kasebut ing laying iki. Sawuse ngandika mangkono Sang Ratu kondur angadhaton.

Ora antara suwe bocah lanang teko karo angirid dhukun, acalathu : ambok, iki dhukun kang saguh nambani laramu. Embokne amangsuli : thole, mau wus ana dhukun teka andeleng kahananku, lah iku aninggali laying pratelaning jamu. Anake gumun krungu calathuning embokne, angatag marang dhukun : kyai, pratelaning jampi punika kawaosa, kula badhe mireng.

Dhukun enggal anjupuk laying kang sumeleh ing meja, ora kasamaran

kang ninggali laying mau Sang Ratu, nuli winaca unine : laying iki sira aturna pepatih ingsun, sira ingsun paring ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar, katandhan tapak astane Sang Ratu. Satamating pamaca, dhukun acalathu maneh : iki wujude tamba kang mustijab, satemene kowe iku ora lara, mung saka kakurangan pangan kang agawe kakuwataning awak, mula Manawa wus tampa prayogatukuwa papanganan kang enak, mangana sakatogmu, supaya kakuwatanmu bisa apulih kaya mau-maune.

Sawuse dhukun pitutur mangkono banjur pamitan mulih, dene bocah lanang uga mangkat seba kyai Patih angaturake layang. Kyai Patih anampani layang, nuli maringi dhuwit kehe satus dinar, bocah lanang dililani mulih. Satekane ing omah dhuwit pinasrahake ing biyunge, wekasan wong wadon mau bisa mangan panganan kang enak, ora antara dina kakuwatane pulih sarta kuwagang angupa jiwa kalawan santosa.

15. Jaran Kang Tuwa

Ana sudagar duwe ingon-ingon jaran siji, awit saka jaran mau wis tuwa, dadi ora kuwagang ditrapake ing gawe.

Anuju sawijining dina sudagar acalathu marang jarane : sarehne kowe wus ora maedahi, aku emoh ngingoni kaya mbiyen, luwih becik angupayaa pangan dhewe ing alas kana. Ewa dene Manawa kowe bisa ing gawa macan kang isih urip menyang ngarepku, kowe dak ingoni nganggur. Sudagar sawuse calathu mangkono jaran nuli diuculake.

Jaran kapeksa lunga menyang ngalas lumaku karo nangis, ana ing dalan kapethuk karo mitrane yaiku asu ajag, atakon : kisanak, sabab apa kowe tekan kene, awakmu kuru banget, kurang patut upama rekasaa, pantesmu mung nganggur.

Jaran nuli anuturake sakabehing lalakone. Asu ajag krungu welas banget, calathune : kisanak, kalawan dhanganing atimu, sagayuh-gayuh aku nedya atutulung, ambog Manawa bisa kalakon apa kang dadi sedyamu iku, mula nuruta sapratikelku, dienggal tuturonna areka kaya mati, mumpung ing atas kono ana macan, jaran anurut, asu ajag gagancangan marani macan, satekane ngarepe,

acalathu karo banget ing pandhekune, tembunge : bandara, kula ngaturi uninga, sacelakipun ngriki wonten kapal pejah, manawi bandara kapareng sumangga kula tedahaken, macan krungu calathuning asu ajag bungah banget, awit wus sawatara dina ora oleh mamangsan, wangsulane : lah iya becik, pa ya enggal tuduhna.

Macan annuli lumaku diiringake ing asu ajag, satekane panggonan jaran, asu ajag nuli acalathu : lah punika bandara, praoginipun kabektaa dhateng garumbul kemawon, supados sageda dhahar kateg, mila samawi buntut sampeyan kula cancangipun kalian sukuning kapal, nunten ginereda. Macan anurut rembuging asu ajag, nanging asu ajag ora netepi prajanjine buntuting macan sawuse dirut kukuh karo sikiling jaran kang mburi siji, asu ajag angatag marang jaran : kisanak, dikebat mlayuwa, macan gawanen menyang ngareping bendaramu. Jaran ora katlompen tangi lumayu sarosane angered macan digawa menyang ngareping bendarane.

Satekane ing kono kisudagar weruh jarane anglarak macan isih urip, enggal atutulung karo anggawa gaman pedhang, macan dipedhang gulune mati. Sapatining macan sudagar acalathu : lah wis jaran baliya ing panggonanmu lawas, wiwit dina iki kowe dak ingoni nganggur. Jaran bungah ing atine banjur bali ing panggonane lawas kalawan jenjem.

16. Brahmana karo Macan

Ana macan kang kacekel ing manusa dilebokake krangkeng wesi. Nalika samana ana brahmana liwat, macan acalathu ngasih-asih, tembunge : bendara, kula mugi sampeyan tulungi, ineping krangkeng punika kabikaka, amargi kula ngongrong sanget badhe ngombe. Brahmana amangsuli : eh macan Manawa kowe ucul, ora wurung aku komangsa. Macan acalathu : wda bendara, kula naming badhe ngombe, sarampungipun kula malebet malih, boten pisan-pisan amiawona. Brahmana anuruti, lawanging krangkeng dibukaka,

Bareng wus menga, macan mancolot metu, acalathu : lah dalah, sak iki kowe dak mangsa, ing kono aku nuli ngombe. Brahmana amangsuli : eh macan, sabara dhisik, aku arep angupaya patakonan anaa wong lima bae, yen wangsulane padha, aku ya gelem komangsa. Macan anuruti karo arep anyumurupi kapriye

wangsulane kang ditakoni.

Brahmana nuli lumaku karo macan, kang ajujug dhisik wit gedhang, brahmana atakon : eh, wit gedhang, kapriye babeneranamu, macan iki duwe panjaluk marang aku supaya diuculna saka krangkeng awit saka ngorong banget, bareng wus ucul, sakiki aku arep dimongsa, apa pantes agawe kabecikan winales kalawan ala.

Wit gedhang amangsuli : pamalese si macan mangkono iku wus bener, awit manusa Manawa lumaku kodanan, kerep angaub sangisorku, wekasan angethok godhongku dianggo kudhung, wohku diundhuh. Brahmana durung lega pikire lumaku maneh, ora antara suwe katemu karo sapi, brahmana anuturake sakabehing lalakone, sarta atakon : eh, sapi, apa wus benere aku dimongsa ing macan, sapi amangsuli : brahmana, aku iki nalika isih enom wah rosa dipilala, nanging saiki aku wus tuwa ora rosa, disiya-siya, mula patut kowe minongsaa ing macan,

Brahmana durung marem ngrungu wangsulaning sapi, nedya ambanjurake lakune angupaya patakonan, ora antara suwe katemu karo manuk wolung, brahmana anuturake lalakone. Wolung amangsuli : salawas-lawase bangsaku saben kapranggul manusa amasthi dibedhil, lan maneh upama anakku kacekel, uga dipateni, dadi satemene manusa iku satru babuyutan menyang bangsaku, mula wus bener yen kowe minongsaa ing macan,

Brahmana nuli anemone baya, anuturake apa nalar-nalare. Baya amangsuli : wus bener kowe minongsa ing macan, awit manusa iku tansah anguya-uya lan amilara kewan utawa marang bangsaku. Brahmana ngrungu wangsulane baya saya wuwuh mirise, osik ing atine :: saiki ora wurung aku minongsa ing macan, awit wus oleh patakonan patang panggonan, wangsulane padha bae. Brahmana nedya ambanjurake enggone golek patakonan, saparane kininthil ing macan, wekasan ketemu karo asu ajag, brahmana angandharake nalar-nalare, sarta atakon : eh, asu ajag, kapriye panimbangmu.

Asu ajag amangsuli karo gumuyu : brahmana, aku ora bisa mutusi sadurunge nyumurupi sakawite, mara tuduhna ing ngendi panggonaning krangkeng. Brahmana karo macan nuli lumaku, asu ajag tut buri. Satutuge kono

asu ajag acalathu : eh, macan, kapriye patrapmu nalika ana sajroning krangkeng, endhasmu ana ngarep apa ana buri, mara mlebuwa dak delenge, supaya aja nganti salisir putusanku.

Macan tanpa dipikir banjur mlebu angadeg ana tengah bener, asu ajag angatag marang brahmana : saiki mapana ing ngendi enggonmu ngadeg nalika ngecule macan, brahmana enggal ngadeg ngarep lawanging krangkeng. Sawuse mangkono asu ajag acalathu : la lawing krangkeng tutupen, mengko bukaken maneh.

Lawanging krangkeng diinep dening brahmana, bareng wus minep, asu ajag acalathu : brahmana, saiki lawange aja kobukak, ya ben si macan ana krangkeng sajege urip, awit pikire ora langgeng, kobeciki arep amales ala. Brahmana banget panarimane maring pitulunganing asu ajag, nuli mulih gegancangan kalawan bungah ing atine, dene macan lastari ana krangkeng sarta kaduwung ing solehe kang wus kalakon.

17. Bocah Mursid

Ing jaman kuna ana bocah lanang mursid, awit saka murside jenenge misuwur, ngati kepirengan retune ing nagara kono.

Anuju sawijining dina Sang Prabu utusan nimbali. Bocah mursid tinimbalan ing Sang Prabu enggal seba, tutug ing ngarsane, Sang Prabu andangu : ingsun krungu pawarta, sira luwih mursid, Manawa temen sira amasthi bisa anjawab ing pitakon ingsun iki : pira kehe banyu sagara. Ature bocah mursid : Gusti Nata papundhen kawula, punika prakawis gampil, manawi panjenengan dalem badhe mirsa, kaparenga dhawuh ambebegi ilining toya lepen-lepen, mangke kawula saged matur.

Sang Prabu andangu maneh : pira cacahe lintang ing langit, ature bocah mursid : Gusti, kawula nyuwun dalancang sasuwek kaliyan dom, bareng wus pinaringan, nuli dicocogi ing dom nganti kebak, kaaturake ing Sang Prabu. Punika Gusti, manawi panjenengan dalem saged angetong kathahing ceceg, kawula ugi saged angetang lintang ing langit, Sang Prabu kakenan ing galih miring ature bocah mursid mau, banjur pinaringan ganjaran sarta kinarsakake angabdi, ora

antara lawas diangkat dadi punggawa apangkat mantri.

18. Ratu karo Utusane.

Kasebut ing dalem kondha, ana alas kang dienggoni ing sato kewan warna-warna, ing kono ana kang jumeneng ratu yaiku : singa. Anuju sawijining dina Sang Prabu singa lenggahi ngadhep para punggawane, mung asu ajag kang ora ana, awit wus rumasa miris bakal nampani prukuman, saking saben dina tansah agawe onar mitenah ing kanca-kancane.

Sang Prabu andangu ing para punggawa : ana ngendi si kiyanat, dene ora seba ing ngarsa ingsun, satemene ingsun arep amariksa gugade kang padha dipaeka, nuli ingsun dhawuhake putusane sarana saka panimbange para punggawaningsun kang anindakake pangadilan, marmane sira bruwang ingsun utus animbali si asu ajag, barenga salaku nira.

Bruwang matur sandika banjur mangkat, ing nalika iku asu ajag panuju ninis ana sangareping guwane, bruwang teka acalathu : eh, asu ajag, kowe ditimbali Sang Prabu barenga salakuku. Asu ajag ngrungu calathuning bruwang pamikire : upama aku iki seba, ora wurung dikukum pati, awit saka wawaduling buburon kang dak paeka, luwih prayoga aku angupaya reka daya, bisane uwal saka babaya.

Tinemuning akal asu ajag amangsuli : satemene aku iki iya arep seba, nanging kapambeg wetengku lara saka kakehan inggonku mangan who-wohan, amarga saiki wis ora mangan daging,kajaba mung who-wohan lan ngombe madu. Bruwang krungu wangsulaning asu ajag angombe madu banget pengine, atakon : ki sanak, ing ngendi anggonmu oleh madu. Asu ajag amangsuli : yen kowe kapengin lah pa ya dak tuduhake panggonane, ing kono angombeya sakatogmu. Bruwang bungah sakarone nuli lumaku, ora antara suwe tutug ing panggonan wit waringi kang wus rubuh lagi disigar dening wong nganggo paju, sarja paruju ditinggal leren,

Asu ajag acalathu : lah iki ing jero okeh madune, tutugna pangombemu. Bruwang tanpa piker, congor karo sikile ngarep loro pisan dilebokake ing kayu kang menga, bareng lagi malebu, paju diongak-ogak dening asu ajag copot, kayu

kang sigar mingkem, bruwang congor karo sikile kajepit, asu ajag gumuyu kekel karo acalathu : rak iya nikmat rasaning madu. Asu ajag sawuse acalathu mangkono lunga gagancangan, bruwang tininggal kalawan kawelasih.

Bruwang karasa lara agero-gero, wong desa kang cedhak krungu nuli padha metu anggawa penthung, tutug ing kono bruwang dipenthungi ing wong akeh budi sarosane, wekasan bisa uwal enggone kajepit, mung cocore babakbunyak lan kukune coplok tumancep ing kayu ringin,

Bruwang anandhang lara meh andadekake patine, ewadene ora katlompene inggal lumayu nedya wawadul, bruwang getihe keketas urut dalan, tutug ing ngarsane Sang Prabu andadekake kaget sarta wuwuh duka, pangandikane : Manawa ingsun dhewe katemu karo si asu ajag, amasthi ingsun pateni sanalika, bruwang nuli didhawuhi angandharake sakabehing lalakone.

Sang Prabu singa miring panggancare bruwang angandika : punggawa ingsun sadhengah bae sapa kang bisa angirida si asu ajag menyang ngarsa ingsun, jago krungu pangandikane Sang Prabu matur : Gusti Ratu papundhen kawula, dhawuh dalem punika kawula sandika anglampahi, angsala pangestu dalem kasembadane punapa ingkang dados karsa dalem, Sang Prabu singa angandika : lah iya jago, yen sira oleh gawe, amasthi sira ingsun angkat dadi papatih ingsun,

Jago matur sandika nuli mangkat, ora antara suwe lalakune tutug sacedhake panggonane asu ajag, ing waktu iku asu ajag panuju andhekem ana sangareping guwane, jago lakune mandheg suwiwine keklabak banjur kluruk swarane angumandhang. Asu ajag krungu kluruking jago anggoleki nedya dimongsa. Jago sumurup asu ajag marani wus cedhak nuli mabur, let sawatara adoh leren sarta kluruk, asu ajag mempeng pangoyake, suwe-suwe aburing jago tutug sacedhaking panggonane umpetan Sang Prabu singa. Sang ratu singa mirsa asu ajag ora saronta tinubruk sarta dipateni

19. Ratu karo Pangulu

Ing jaman kuna ana ratu ajujuluk prabu anom, anuju sawijining dina san Nata dhawuh angular capurining kadhaton, utusan punggawa, sarupaning wong kang omah sacedhaking kadhaton, omah sapomahane dipundhut, pinaringan

pituwas kalawan murwat, punggawa matur sandika banjur mubeng-mubeng adhawuhake apa kang dadi karsane sang prabu, sarta saben wong kang duwe pomahan diparingi dhuwit nyatus dinar, minangka lilirune. Wasana ana sawijining wong kang amangsuli : dhuh, priyantun utusan menggah paparingipun sang nata arta satus dinar punika sampun murwat sanget, nanging sarehning bapak kala rumiyin meling makaten : eh, thole, besuk saungkurku, omah sapomahane iki aja pisan-pisan koedol, mila wewalaring bapa wau wajib kula estokaken.

Punggawa krungu wangsulan mangkono enggal matur ing Sang Prabu Manawa ana saweneh ing wong kang mopo. Sang Prabu miring duka banget, banjur miyos saka kadhaton anedhaki dhewe, rawuh ing kono angandika sereng : omah ira ingsun tuku, yen sira mopo, amasthi ingsun dasesa, awit bumi iki kagunganingsun. Ature wong kang duwe omah : Gusti, kawula punika tiyang alit, kados pundi inggen kawula ambadal karsa dalem naming rehning kawula boten nedya nyade. Saking ajrih wewalaripun tiyang sepuh.

Sang Prabu malah saya duka, pangandikane : temen sira gumuh, barang-barang sarta omah ira enggal sira gawa alunga. Wong mau banget getere barang-barange diklumpukake nuli diemotake ing kuldi, banjur mangkat lunga ora karuwan kang bakal dijujug, omahe ditinggal. Ana dalan kapethuk karo pangulune ing nagara kono, ditakoni : kowe arep menyang ngendi, wangune arep ngalih, katara usung –usung.

Kang tinakonan anyauri ngandharake lalakone. Pangulu ngrungu gumun, osik ing atine : ora pantes Sang Prabu nindakne siksa marang kawulane mangkene iki, becik aku seba. Wong mau nuli diajak lumebu menyang kadhaton, kabeneran Sang Prabu lagi anjenengi pambubrahing omah-omah, pangulu acalathu : angentenana ing jaba bae, panguluterus malebu karo anuntun kuldi. Sang Prabu mirsa andangu : eh, pangulu, ana parlu nira apa, dene kaya gita. Ature pangulu : Gusti, sowan kawula ing ngarsa dalem kawula badhe matur bab prakawis griyanipun tiyang ingkang panjenengan dalem pundhut. Sang Prabu angandika : Manawa mung mangkono kang dadi parlu nira wus tanpa paedah awit iku omah sapomahane ingsun pundhut kalawan ingsun paring pituwas kang murwat mopo, mula banjur ingsun tindakake kalawan wasesa.

Ature pangulu : Gusti, tiyang ingkang gadhah griya wau adarbe atur ing panjenengan dalem, nyuwun siti sakebaking karung punika kangge panganget-anget, Sang Prabu angandika karo gumujeng : aja maneh sakarung, sapuluh karung pisan ingsun paring. Pangulu enggal andhudhuk lemah diisekake ing karunge, bareng wus kebak. Pangulu matur : sapunika kawula gadhah panyuwun saprakawis, mugi-mugi panjenengan dalem amarengna.

Sang Prabu angandika : eh pangulu, mara matura, apa sakarepira amasthi ingsun pituruti, amarga sira iku kakasih ingsun. Ature pangulu : manawi makaten panjenengan dalem kaparenga anulungi panjunjung kawulasiti sakarung punika badhe kula emotaken ing kuldi, kawula piyambak boten kuwawa. Sang Prabu angandika : iya,prayoga. Sang Prabu nuli angrewangi anjunjung, nganti bola-bali nanging ora kangkat saking luwih abot.

Sang Prabu angandika : iki luwih abot, ingsun ora kelar. Ature pangulu : Gusti, siti sakarung kemawon langkung awrat, saiba awratipun siti pinten-pinten ewu karung ingkang sampun panjenengan dalem pundhut kanthi wasesa punika. Sang Prabu miring aturing pangulu kakenan ing galih, omah sapomahane diparingake bali marang kang duwe, sarta malah diparingi ganjaran arupa dhuwit kehe satus dinar.

20. Asu Ajag karo Baya

Ana asu ajag lumaku urut pinggir kali angupaya mamangsan, ing kono ana baya siji, sumurup asu ajag, duwe karep nedya dimongsa.

Ora antara suwe ana yuyu ngambang, lagi diparani nyilem, asu ajag enggal anggogohi karo sikile loro kang buri, baya nututi, sikiling asu ajag kena cinaplok, pamikire : wdalah, sikilku saiki cinaplok ing baya, coba dak ngupaya akal bisane uwal saka ing bebaya iki.

Ora antara suwe oleh wewengan acalathu : eh baya, waspadakna dhisik iku dudu sikilku satemene nanging wit kayu kang keli katut ing banyu. Baya krungu calathuning asu ajag isin, tanpa piker diuculake. Asu ajag bungah acalathu karo gumuyu : eh baya, kowe iku bodho ora bisa ambedakake kayu utawa sikiling kewan, asu ajag sawuse calathu mangkono nuli lumayu karo gagancangan,

Esuke asu ajag bali menyang pinggir kali nedya ngupaya mamangsan nanging reti ning asih kanji mula arep sumurup ing ngendi panggonaning baya dhisik, nuli acalathu seru : aku iki luwe banget, upama anaa yuyu siji bae angambang masthi dak mongsa.

Baya krungu calathuning asu ajag, osik ing atine : prayoga aku nyungulake congorku, supaya diaranana yuyu, mengko yen asu ajag enggogohi, banjur dak gelandhang. Baya nuli anyungulake congore alon-alon, asuajag sumurup acalathu karo gumuyu : sarehne kowe ana ing kene, becik aku angupaya memangsan ing liyan panggonan, baya nepsu banget rumasa diisin-idin dening asu ajag, osik ing atine : ambog iya dak ngupaya reka daya maneh, bisane asu ajag iku gelis kacandhak.

Esuk'e asu ajag teka ing kono maneh arep angupaya memangsan, pamikire : lah dak delenge dhisik, saiki baya ana ngendi, banjur acalathu seru : ing ngendi iki kang akeh yuyune, siji bae ora ana, upama anaa, amasthi banyu sok marempul, baya krungu calathuning asu ajag, osik ing atine : prayoga aku aniruwa solahing yuyu, baya enggal marempulake banyu sarosane.

Asu ajag sumurup banyu kali kaya digebur, acalathu : eh baya, iki akalmu, yuyu mongsa bisaa angebur banyu, becik aku ngalih panggonan, baya nepsu banget digawe geguyon dening asu ajag maneh, banjur ora lunga-lunga saka ing kono angenteni baline asu ajag, nanging sarehning asu ajag wus sumurup dadi ora gelem bali maneh, sumelang ambok Manawa cinaplok ing baya, banjur menyang alas saling angupaya memangsan wowohan.

Nganti sawatara dina baya enggone ngenteni, wekasan sumurup asu ajag saba ing ngalas, baya nututi menyang ngalas arep anglumpukake who-wohan, ora suwe lakune tutug sangisoring wit jambu kang panuju awoh, wohe ambalasah ing lemah, nuli dilimpukake dianggo ngurugi awake, pangarahe, Manawa asu ajag tutug ing kono, ana jambu kumendhung-kedhung amesthi mandheg, gampang panyandhake. Ora suwe asu ajag teka, isih rada sawatara adoh sumurup ana jambu angundhung0undhung, pamikire : aku ora anduga, kang numpuk jambu iku kira-kira si baya, kanggo ngurugi awake. Asu ajag banjur celathu : aku gumun dene ing kene ana tumpukan jambu, adat tanpa slebar.

Baya krungu calathuning asu ajag, panemune : prayoga jambu dak owat-awut, awak'e nuli obah, jambu dadi pating slebar. Asu ajag sumurup acalathu : eh baya, sareh ning kowe wus anuduhake enggonmu umpetan, aku dak ngalih saka kene supaya salameta. Baya nepsu banget, dene sakehing reka dayane tansah kadengangan,

Tinemuning akal maneh, esuke baya inggoleki guwane asu ajag, tutug ing kono asu ajag wus lunga ngupaya mamangsan, baya enggal malebu ing guwa, karepe angenteni tekane asu ajag, ora suwe asu ajag teka, sumurup ing ngareping guwa ana tapaking kewan kang gedhe, pamikire : iki kira-kira tapake si baya malebu ing guwaku. Asu ajag nuli calathu : dak ngupaya kayu obong dhisik kanggo angratengi pangananku. Baya krungu calathuning asu ajag banget bungahe, awit sarampunge angratengi panganane, amasthi malebu ing guwa.

Asu ajag enggal angupaya godhong-godhong lan kayu aking, tinumpuk ngarep lawanging guwa, banjur wus akeh banjur diobong. Geni murup angalad-dalad guwa dadi panas banget, baya ora tahan kena panas geni mati. Sapatining baya, asu ajag bungah awit ilang kang dadi kalilipe.

Sing sapa amasang luwengan, awake dhewe trangkadhang kacemplung.

21. Jejaka Loro

Dhek jaman kuna ing tanah arab, ana wong sugih, aran Abdulah, omahe gedhe lan reregane sarwa endah. Abdulah mau duwe anak lanang loro, wayahe wus jamak, nanging ora rukun, dina-dina tansah panilaya.

Anuju sawijining dina, Abdulah angadeg ana sangareping omahe, andeleng omah lan pasawahane, osik ing atine : ing tembe yen aku tinekake ing janji, omah lan pasawahan iki kabeh kaduwe ing anakku loro, iya ora wurung mung padu dina-dina, mula becik dak agawe layang wasiyat, barang-barangku kabeh lan pasawahan mung daklilaake marang salah sawijining anakku kang tresna marang ing aku.

Ora antara lawas Abdulah mati, anakke loro pisan anemu layang wasiyat tapak tangane bapakne, unine mangkene :

Iki layangku wasiyat, mungguh kang anduweni omah saisine lan

pasawahanku, iku mung salah sawijining anakku kang tresna marang aku, dene kang bisa nemtokake bab iku mung Pangulu.

Jejaka sakarone bareng sumurupunining layang wasiyat banjur seba ing Pangulu angaturake layang wasiyat, Pangulu sawuse anampani layang acalathu : eh jejaka sakarone, sapa kang luwih tresna marang bapakmu. Jejaka loro pisan padha angaku tresna, wekasan adiyadiniya arebutan ing bab katresnan.

Pangulu acalathu : sareha dhisik, aku durung bisa anamtokake kang bakal nampani warisane, saiki aku agawe pasanggiri, sing sapa bisa amanah ngenani matane gambare bapakmu, iku kang wajib anduwenana sakabehing warisan, jejaka sakarone angrujuki apa putusaning Pangulu, awit sadha baut manah, aja maneh gambar, manuk mabur dipanah kena. Pangulu nuli anjupuk gambare Abdulah, amarga Pangulu karo Abdulah wus prasasat adulur lanang, mula diwenehi gambare, sapungkure dadiya pangeling-eling.

Gambar banjur dicantholake ana ing wit-witan, let sawatara adoh saka enggone lungguh jejaka loro mau. Pangulu angatag : lah kae gambare, mara panahen, jajaka kang siji anyandhak panah lan gandhewa, bareng panah diuculake, angenani sacedhaking mata, nanging jejaka sijine, lagi anyandhak gandhewa, tangane wus gumeter, ulate abiyas, ature marang pangulu : Kyai Pangulu, kula boten wentala manah gambaripun bapak, sanadyan boten tampiya warisan kula sampun narimah.

Pangulu krungu aturing jejaka mau acalathu : eh, jejaka kang ambeg utama, satemene kowe kang luwih tresna ing bapakmu, awit mung amanah gambar meksa ora wentala, mulane wajib anduwenana sakabehing warisan.

22. Wong Bodho Tatelu

Ana wong desa duwe sapi telu, anuju sawijining dina, wong mau acalathu marang bojone, tembunge : wong wadon, aku arep lunga menyang kutha anu, nginep telung dina. Sapungkurku Manawa ana wong nedya nuku sapiku ulungna, nanging regane aja kurang saka telungatus rupiyah. Sawuse mengkas mengkono nuli mangkat,

Esuke ana wong lanang teka tutur arep tuku sapi sapira regane arep, wong

wadon amangsuli : lembu tiga punika ugi kula sade, reginipun tigangatus rupiyah boten kenging kirang. Wong kang reka reka tuku banjur anyedhaki panggonaning sapi karo amangsuli : lah punika naming regi mirah kemawon, kula ajengi. Sapi cancangane nuli diuculi katuntun, wong wadon atakon : pundi artanipun, wong lanang amangsuli : mangke rumiyin kaentosan, amargi kandhi kula wadhah arta kantun wonten ing griya kula pendhetipun, boten dangu kula mangke tamtu wangsul ambekta arta, punika lembu ingkang satunggal kula tilar minangka cecepenga, sapi kang siji kang siji ditinggal, dene kang loro dituntun ginawa lunga gagancangan.

Antara telung dina sing lanang teka atakon : eh wong wadon, sapiku apa wus koedol, wangsulane : sampun pajeng tigangatus rupiyah. Sing lanang takon maneh : endi dhuwite. Wangsulane sing wadon : arta dereng kula tampeni, amargi artanipun ingkang tumbas kantun wonten ing griya, nanging sampun temtu kabayar, punika lembunipun taksih katilar satunggal, sing lanang calathu karo nepsu : kowe iku bodho banget, banjur anjupuk teken arep dianggo anggebugi.

Sing wadon nuli anjaluk pangapura, tembunge : salugunipun kula punika bodho, nanging punapa boten wonten tiyang ingkang angungkuli kabodhowan kula. Calathuning sing lanang : saweruhku iya lagi kowe, ewadene becik dak sarehne dhisik, ambok Manawa aku bisa mrangkuli wong kang ngungkuli ing bodhomu, amasthi kowe dak apura. Sawuse calathu mangkono kalepat lunga, lungguh ing watu sapinggiring dalan gedhe.

Ora antara suwe ana wong wadon liwat. Sawang-sawangane luwih bodho, dicalathuni mangkene : bakyu, aku iki wong saka kherat, mara tulungana, aku wenehana panganan, sathithik bae, wetengku luwe banget, wong wadon kaget amangsuli : manawi sampeyan temen saking kherat, tamtu sampuna panggih kaliyan anak kula, amargi saweg tigang taun pejahipun,

Wong lanang amangsuli : iya sumurup ana ing kana anakmu dadi pangon wedhus, pagaweyane rekasa, pametune ora mingsra, nganti tuku sandhangan kanggo salin ora bisa. Wong wadon acalathu : manawi makaten, kula nyuwun tulung, sandhangan sarta arta punika sampeyan sukaaken dhateng anak kula. Wong lanang amangsuli : iya becik, apa sakarepmu aku dhangan anulungi. Wong

wadon nuli angulungake sandhangan karo dhuwit winadhahan ing kanthong, sawuse mangkono banjur pamitan mulih.

Satekane ing ngomah anuturake mapa kang wus dilakoni marang bojone. Sing lanang gumun, atakon : eh, wong wadon, ana ngendi dununge wong kang saka kherat iku, aku arep katemu lan takon kapriye bab lalakone anakku utawa rupane saiki kaya apa.

Wangsulane sing wadon : nalika kula kepanggih piyambakipun panuju linggih ing sela ageng wonten sapinggiring margi. Sing lanang banjur metu saka ngomah anyengklak jarane, lalakune sasanderan, tutug ing kono wong lanang mau isih lungguh ana ing watu, enggal pinaranan sarta ditakoni : punapa sampeyan ingkang saweg dhateng saking kherat, wangsulane : wda, sanes, kisanak tiyang ingkang saking kherat saweg minggah ing redi ageng punika, lah punika katingal sampun badhe wangsul malih, upami sampeyan nututana minggah ing redi tamtu kapanggih. Wangsulane : kula ajrih, manawi kapareng kula nywun tulung kemawon, kapal kula kppunika sampeyan tumpaki, serat punika kapasrahna supados dipuntampeaken ing anak kula.

Panjaluke wong kang mangkono dituruti, jaran ditunggangi, sinanderan sarosane ginawa mulih menyang ngomahe. Satekane ing omah acalathu marang sing wadon : satemene ana wong wadon kang angungkuli bodhomu, nanging sapiku loro kang ilang, wus oleh liru jaran kang endah karo sandhangan lan dhuwit akeh. Sing wadon bungah dene bojone oleh begja, kapindhone ora sida digebugi.

23. Ratu karo Garwane

Kasebut ing dalem kono, dhek jaman kuna ana wong miskin, ora duwe barang apa-apa kajaba mung omah cilik siji wus bobrok, iku duwe anak wadon isih prawan, ayu rupane lan impad ing babu denne. Anuju sawijining dina bocah wadon mau acalathu : bapak, Sang Ratu iku sugih, saka panemuku prayoga anyuwuna pasawahan saka parenge, supaya gampanga enggonmu ngupaya pangupaya jiwa.

Bapakne nuruti nuli seba ing Sang Ratu matur nyuwun pasawahan saka

parenge. Sang Prabu miring ature wong miskin, dhawuh maring punggawa anyatakna apa kahanane, punggawa matur sandika nuli mangkat, ora suwe bali matur yen sakabehing ature wong miskin temen, mulane panyuwune pasawahan diparingake.

Wong miskin bungah banget dene kalakon ing sedyane, sanalika pasawahan dibubak arep tinanduran pari, bareng panggarape meh rampung, anemu lumpang emas, tutur marang anake : endhuk, aku nemu lumpang emas, sarehning kang diparingake mau mung bumi, dadi isine dudu wajibku, isih kagungane Sang Ratu, becik dak aturake. Anake amangsuli : bapak, aja wara-wara anemu lumpang emas upama karo alune patut diaturake Sang Prabu, bareng mung lumpang maedahi apa.

Wong miskin ora maelu rembugi anake, lumping diresiki ginosok nganti gilap, banjur digawa melebu menyang kadhaton, tutug ing ngarsane Sang Ratu ature : Gusti Nata sasembahan kawula, lumpang punika anggen kawula manggih wonten ing kagungan dalem pasiten ingkang nembe kaparingaken gadhah dhateng kawula. Sang Prabu anampani karo suka, pangandikane : sira apa ora nemu liyane maneh. Ature wong miskin : Gusti naming lumping punika ingkang kawula panggih.

Sang Prabu angandika maneh : alune sira golekna, saka panemu ingsun,sira oleh lumpang amasthi karo alune, nanging alune saiki ambok manawa sira umpetake utawa wus sira edol, wong miskin matur kalawan angandhakake ing resike, Sang Prabu meksa ora precaya, malah dhawuh supaya wong miskin kinunjara,ora linuwaran yen durung angaturna alu. Ana ing kunjaran wong miskin saben dina pinaringan cadhong, mung yen tukang nyadhongi teka, wong miskin kawetu sasambate angesah : wda, ya talah, aku teka ora nurut pirembuging anakku, iki kadadeyan.

Pangisahe wong miskin kang mangkono iku nganti kamirengan ingsun Sang Prabu, lan maneh cadhonge ora tau pinanganm Sang Ratu adhadhawuh wong miskin winetokna saka kunjaran linadekna menyang kadhaton, ora antara suwe sumewa kairid ing punggawa, dinangu : kapriye calathuning anakira. Ature wong miskin : Gusti, makaten wicantenipun : bapak : lumping aja koaturke Sang

Prabu yen ora karo alune. Sang Ratu angandika : satemene anakira iku luwih pinter tinimbang sira. Sang Prabu nuli dhawuh animbali bocah wadon.

Bocah wadon tinimbalan Sang Ratu iya banjur seba, tutug ing ngarsane Sang Ratu didangu, ature uga cocog kaya ature wong miskin, andadekake erame galiye, wekasan angandika : mara saiki sira sebaa ing ngarsaningsun sapisan engkas, nanging aja nyandhong ajawud, aja mlaku dharat utawa nanunggang, Manawa sira bisa anglakoni dhawuh ingsun, amasthi sira ingsun pundhut garwa. Bocah y=wadon matur sandika, metu aka kadhaton angupaya panggonan sepi, ing kono cucul sandhangan, acake bidrungkus bagor, dadi ora katon wuda sawuse rampung nuli ing ngerut karo wetenging kuldi, lakuning kuldi angener malebu marang kadhaton.

Tutug ing kadhaton Sang Prabu saya banget eraming galih, dene bocah wadon mau bisa anglakoni sadhawuhe. Mula bapakne kang kinunjara linuwarake, bocah wadon diangkat dadi garwa, Sang Prabu asih marang garwane, sabanjure Manawa arep anindakake apa-apa, masthi ngandika ing garwane dhisik murih prayoga ing tumindake.

Bareng sawatara taun lawase, anuju sawijining dina Sang Prabu miyos saka kadhaton ameng-ameng arep mriksa saisining praja, kadherekake ing para punggawa, tindake lagi tutug ing ngalun-alun miring waraning wong pasulayan, nuli ditedhaki, mungguh kang pasulayan mau tukang grobag loro usung-usung barang kagungane Sang Ratu.

Dene grobag sakarone kang siji tinarik ing kebo, sijine jaran, nalika lakune tutug tengah ing alun-alun jaran manak, bareng wus lair sawatara suwene belo mara menyang ngareping kebo, celathune kang duwe kebo : kisanak, bolomu iku dadi duwekku, awit ninggal biyunge, kinthil keboku. Wangsulane kang duwe jaran : apa wus mupakat wong ngingu jaran manak, belone mau kaduwe ing liyan, sakarone diya-diya arebutan belo.

Ing kono katungka rawuhe Sang Ratu, kang pasulayan meneng sarta banjur angadhep ngaturake nalar-nalare. Sang Ratu miring angandika : belo sira tampakna kang duwe kebo. Tukang grobag kang duwe kebo anampani karo banget bungah atine. Pamikire tukang grobag kang siji : putusane Sang Ratu iki

ora sabenere. Enggal mulih karo angangen-angen ngupaya reka daya, tutug ing ngomah tinemu pikire : becik aku matur ing garwane Sang Nata, kang wus kontap ing kautamane, dhangan atutuli kasusahaning kawulane kang kena ing panganiaya.

Esuke tukang grobag malebu ing kadhaton angadhep ing garwane Sang Ratu, angaturake nalare saka wiwitan tutug pungkasan, Sang Prameswuri miring ature tukang grobag welas ing galiye, pangandikane, ingsun saguh tutulung, janji sira ora corah-corah ing liyan yen iki saka pitulunganingsun, mangkene : dina sesuk Sang Prabu arep tedhak sembah Hyang menyang masjid, tindake masthi angliwati dalan gedhe. Ing kono sira ngadega ana sapinggiring dalan mau karo anggawaa jala, jala nira sira ebyuk-ebyukna lan sira reka-reka anggogohi kaya satataning wong jala ana ing kali. Manawa Sang Prabu mirsa andangu, atur wangsulannira : Gusti, bilih maesa saged angsal belo, kawula inggih saged angsal ulam anjala ing tengah margi ageng.

Kacarita esuke tukang grobag miranti angadeg ana sapinggiring dalan, bareng tindake meh tutug ingkono tukang grobag angebyuk-ebyukake jalane. Sang Prabu mirsa andangu : lah kapriye dene sira duwe patrap kang mangkono. Ature tukang grobag : Gusti, andadosna ing kauningan dalem, kawula punika anjala ulam, Sang Prabu angandika : apa wus lumrah wong anjala iwak ana ing dadalan, ature tukang grobag : manawi maesa saged angsal belo, kawula inggih saged angsal ulam loh wonten tengah margi.

Sang Prabu miring aturing tukang grobag, pangandikane : atur ira iku saka pangira ingsun dudu susurupanira dhewe, mara matura sapa kang mamarahi. Tukang grobag arep matur pasaja wedi ing prajanjine, mula ature : Gusti, boten wonten ingkang marahi, punika saserepan kawula piyambak, Sang Prabu adrenang ing tukang grobag meksa kumbi, wekasan Sang Ratu dhawuh ing abdi, tukang grobag cinekela kalawan winasesa, suwe-suwe matur prasaja yen saka wuwulange garwa Nata.

Sang Prabu miring tanpa ngandika banjur terus tedhak ing masjid, sakondure rawuh ing kadhaton duka banget marang garwane, awit ginalih anjlomprongake, pangandikane : saiki sira wus dudu garwaningsun, sira muliya

marang omah ing bapakira, sarta sira ingsun lilani anggawa apa-apa sajroning kadhaton kang sira senengi.

Sang Prameswari miring pangandikane Sang Nata, asujud ing pada karo asenggrak-senggruk, ature : Gusti papundhen kawula, mugi-mugi wontena lilah dalem, kawula nyuwun inah sadinten punika, mangke sonten kawula mantuk dhateng griya kawula. Sang Prabu anglilani. Sang Prameswari pamit mundur menyang gedhonge, karo banget sekel ing galiye, angupaya reka daya, wasana oleh wewengan,

Ora antara suwe Sang Prabu tedhak ing kamar arep ngunjuk pangunjukane inuman kaya adat, nanging ngalika panuju sepi ora ana kang sumurup, pangunjukane Sang Prabu diworwori jamu kang bisa agawe sare sanalika. Sang Prabu sawuse ngunjuk nuli lenggah, dadakan ngantuk ora suwe sare kepati. Prameswari sumurup Sang Prabu sare, animbali abdine wadon kakasih loro, didhawuhi anjupuk agem sigepe Sang Nata. Sawuse Sang Prabu disigepi, kreta titiyane didhawuhi ngadhiyaake, Sang Nata kausung menyang kaareta, ginawa marang omahing wong tuwane.

Satekane ing kono Sang Prabu sinarekake ing amben pasarehane Sang Prameswari nalika isih ana ing omahing wong tuwane, nganti wayah surup srengenge ora wungu. Bareng tengah wengi wungu, ngungundene ana sajroning omah cilik lan wus meh bobrok, andangu : ingsun iki ana ngendi. Ature Prameswari : Gusti, sapunika panjenengan dalem wonten ing griyanipun bapak kawula, amargi kawula sampun angsal lilah dalem, kapareng ambekta punapa ingkang kawula senengi. Sarehning sadaya ingkang kawula senengi boten wonten malih kajawi naming panjenengan dalem, mila kalampahan panjenengan dalem kawula usung dhateng griya kawula.

Sang Prabu kakenan ing galih miring ature kang garwa, pangandikane : mirah jiwaningsun, marmane saiki sira dadiya garwaningsun maneh. Sawuse ngandika mangkono Sang Prabu nuli kondur sarimbit, rawuh ing kadhaton lenggah, lestari eggone sih siniyan karo garwane, sarta banjure ora tau padudon.